बुध
09 सितंबर, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे
समदिया मिथिला
समदिया मिथिला
भादव, कृष्ण पक्ष, त्रयोदशी, संवत् : 2083
देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 02 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

घटि रहल पानि मुदा 13 जिला मे 34 लाख सं बेसी लोक प्रभावित

समस्तीपुर, वैशाली सं लए कए कोसी धरि स्थिति चिंताजनक, कतहु पानि घटल, कतहु संकट अछि कायम

पटना, समदिया

राज्य मे बाढ़िक स्थिति मंगलदिन, 8 सितंबर कें सेहो गंभीर बनल अछि। राज्यक 13 जिला मे 34 लाख सं बेसी लोक बाढ़ि सं प्रभावित छथि। गंगा, कोसी, गंडक, बूढ़ी गंडक सहित कतेको नदीक जलस्तर खतराक निशानक आसपास अथवा ओहि सं ऊपर अछि। हालांकि किछु ठाम जलस्तर घटबाक संकेत भेटल अछि, मुदा नीचला इलाका मे पानिक दबाव बनल रहबाक कारण संकट टरल नहि अछि।

सहरसा-सुपौल मे कोसीक दबाव

कोसी क्षेत्र मे परिस्थिति विशेष रूप सं संवेदनशील अछि। बिहार जल संसाधन विभागक वास्तविक समयक आंकड़ा अनुसार 8 सितंबरक अपराह्न 3 बजे वीरपुर मे कोसीक जलस्तर 75.29 मीटर दर्ज भेल, जे खतराक स्तर 75.32 मीटरक बहुत लग अछि। जलस्तर मे एखन कमी देखाओल गेल अछि, मुदा कोसीक उतार-चढ़ाव पर लगातार नजरि राखल जा रहल अछि। सहरसा मे कोसीक धारा सं जुड़ल इलाका सभ मे कटाव आ जलजमावक समस्या बनल अछि। कोसीक जलस्तर मे उतार-चढ़ावक सीधा असरि सहरसा, सुपौल आ आसपासक ग्रामीण क्षेत्र पर पड़ैत अछि।

कटिहार मे स्थिति सभ सं विकट

कटिहार मे बाढ़िक स्थिति गंभीर बनल अछि। जिला मे तीन लाख सं बेसी लोकक प्रभावित होयबाक खबरि अछि। मनिहारी क्षेत्र मे किछु परिवार घर छोड़ि रेल पटरीक कात शरण लेने छथि, जखन कि किछु गाम मे लोक घरक छत पर रहबाक लेल विवश छथि। बरारी आ अमदाबाद प्रखंडक सात गाम मे बाढ़िक पानि प्रवेश कए गेल अछि। किछु ठाम बांध टूटलाक कारण स्थिति आओर कठिन भेल अछि।

संकटक बीच राहति अभियान जारी

राज्य मे बाढ़ि प्रभावित लोकक लेल नाव, राहति शिविर, सामुदायिक किचन आ नाव-एंबुलेंसक व्यवस्था कएल गेल अछि।

वैशाली मे गंडकक स्थिति पर नजरि

वैशाली मे गंडकक जलस्तरक निगरानी लगातार कएल जा रहल अछि। जिला प्रशासनक अनुसार 7 सितंबर कें गंडकक जलस्तर मे कमी अयबाक संकेत भेटल छल, जाहि सं किछु राहतिक संभावना बनल अछि। मुदा नीचला क्षेत्र मे बाढ़िक पानि आ आवागमनक समस्या एखनहुं चुनौती बनल अछि।

समस्तीपुर मे बूढ़ी गंडक सं बढ़ल खतरा

मिथिलाक समस्तीपुर जिला मे बूढ़ी गंडकक जलस्तर आ लगातार वर्षाक कारण नीचला क्षेत्र सभ मे बाढ़िक खतरा बनल अछि। समस्तीपुर कें हालक मौसिम चेतावनी मे सेहो बरखा, मेघगर्जन आ तेज हवाक लेल संवेदनशील जिला सभ मे राखल गेल छल।

संविदा डॉक्टर सबहक मानदेय बढ़ल 10 सं 27 हजार धरि भेल वृद्धि

- स्वास्थ्य मंत्री निशांत कहलनि, एहि सं स्वास्थ्य आ चिकित्सा शिक्षा व्यवस्था बनत मजबूत

पटना, समदिया

बिहार सरकार राजकीय चिकित्सा महाविद्यालय आ अस्पताल सभ मे संविदा पर कार्यरत प्राध्यापक, सह-प्राध्यापक, सहायक प्राध्यापक, सीनियर रेजिडेंट/ट्यूटर आ जूनियर रेजिडेंटक मानदेय मे वृद्धि केने अछि। स्वास्थ्य विभाग मंगलदिन संशोधित मानदेयक नव दर कें लए कए आदेश जारी कएलक। स्वास्थ्य विभागक आदेशक अनुसार, संशोधित मानदेय 1 सितंबर 2026 सं प्रभावी होयत। एहि संबंध मे सभ संबंधित राजकीय चिकित्सा महाविद्यालय आ अस्पताल कें आवश्यक दिशा-निर्देश देल गेल अछि। आदेश मे कहल गेल अछि जे मानदेय संशोधनक प्रस्ताव कें प्राधिकृत समितिक अनुशंसा आ सक्षम प्राधिकारक स्वीकृति भेटलाक बाद ई निर्णय लेल गेल अछि। पदक अनुसार मानदेय मे 10 सं 27 हजार रुपैया धरि वृद्धि कएल गेल अछि।

सरकारक एहि निर्णय सं राज्यक चिकित्सा महाविद्यालय सभ मे संविदा पर कार्यरत शिक्षक आ रेजिडेंट चिकित्सक सभ कें सीधा लाभ भेटत। सरकारक मानब अछि जे मानदेय बढ़ला सं योग्य आ विशेषज्ञ चिकित्सक सभ कें चिकित्सा महाविद्यालय सभ मे बनौने रखबा मे सहायता भेटत। स्वास्थ्य मंत्री निशांत कहलनि जे बिहार सरकार स्वास्थ्य आ चिकित्सा शिक्षा व्यवस्था कें मजबूत आ गुणवत्तापूर्ण बनेबाक लेल लगातार महत्वपूर्ण निर्णय लए रहल अछि। राजकीय चिकित्सा महाविद्यालय सभ मे संविदा पर कार्यरत प्राध्यापक, सह-प्राध्यापक, सहायक प्राध्यापक, सीनियर रेजिडेंट आ जूनियर रेजिडेंटक भूमिका महत्वपूर्ण अछि।

नेहा झा सं जुड़ल नेटवर्कक होयत जांच : रेल एसपी

- समस्तीपुर मे शराब तस्करी मामिला मे एसआइटी गठित
- एसी फर्स्ट सं भेल छल गिरफ्तारी

समस्तीपुर, समदिया

स्वतंत्रता सेनानी एक्सप्रेसक एसी फर्स्ट कूपे सं करीब डेढ़ लाख रुपैयाक विदेशी शराबक संग गिरफ्तार नेहा झाक मामिलाक जांच आब रेलवेक विशेष जांच दल (एसआइटी) करत। मामिलाक गंभीरता कें देखैत मुजफ्फरपुर रेल एसपी वीणा कुमारी एसआइटीक गठन केने छथि। पुलिस कें एखन धरि भेटल सूचनाक अनुसार, नेहा झाक परिवारक कतेको सदस्यक शराबक कारोबार सं जुड़ल रहबाक बात सोझां आएल अछि। एहि कारणें पुलिस आब मात्र बरामद शराब धरि सीमित नहि रहि, बल्कि पूरा तस्करीक जालक पड़ताल करत।

नव नियुक्त रेल डीएसपीक नेतृत्व मे होयत जांच

शराब तस्करीक एहि पूरा नेटवर्कक जांचक जिम्मेवारी समस्तीपुरक नव नियुक्त रेल डीएसपी कें देल गेल अछि। हुनकर नेतृत्व मे गठित एसआइटी मे समस्तीपुर रेल थानाध्यक्ष सेहो शामिल रहताह। दल नेहा झाक शराब कारोबार सं जुड़ल संपर्क, शराबक आपूर्ति, ओकर स्रोत आ एहि धंधा मे हुनकर भूमिकाक जांच करत। संगहि एहि नेटवर्क मे आर के-के लोक शामिल छथि, एकर सेहो पता लगाओल जाएत।

आठ ब्रिफकेश सं भेटल छल डेढ़ लाखक शराब

उल्लेखनीय अछि जे शुक्रदिन राति नई दिल्ली सं दरभंगा जा रहल स्वतंत्रता सेनानी एक्सप्रेसक एसी फर्स्ट सं नेहा झा कें विदेशी शराबक संग गिरफ्तार कएल गेल छल। आरपीएफ, जीआरपी आ रेलवे केर सीआइडी दलक संयुक्त कारबाइ मे हुनकर लग सं करीब डेढ़ लाख रुपैया मूल्यक शराब बरामद भेल छल। नेहा झाक संग हुनकर पैघ बहिनक देवर आ बीटेक उच्च अभियंता ईशान कुमार सेहो उपस्थित छलाह। दुनू कें समस्तीपुर जीआरपी गिरफ्तार कए न्यायिक हिरासत मे पठा देलक। आब एसआइटीक जांच सं शराब तस्करीक एहि कथित नेटवर्कक अन्य कड़ी आ एहि सं जुड़ल लोकसभक भूमिका सोझां अयबाक संभावना अछि।

एक नजरि

पटना मे 10 हजार घूस लैत पकड़ल गेला दरोगा साहेब

पटना : पटना मे निगरानी अन्वेषण ब्यूरोक टीम गांधी मैदान ट्रैफिक थाना मे तैनात दारोगा उपेंद्र शाह कें 10 हजार रुपैया घूस लैत गिरफ्तार कएलक। निगरानीक अनुसार, एकटा मामिला मे मदति करबाक बदला मे दरोगा पीड़ित सं घूसक मांग केने छलाह। शिकायत भेटलाक बाद सत्यापन कए टीम जाल बिछौलक आ मंगलदिन जेपी गंगा पथ पर रिश्वत लैत हुनका पकड़ि लेलक। दरोगा उपेंद्र शाह पहिने सेहो विवाद मे रहल छथि। किछु समय पहिने लड़कीक स्कूटी रोकबाक हुनकर एकटा वीडियो सोशल मीडिया पर वायरल भेल छल। एहि बीच निगरानी ब्यूरो जहानाबाद मे मनरेगाक जेई अमन कुमार कें 20 हजार आ शेखपुरा डीटीओ कार्यालयक बड़का बाबू कुणाल कें 15 हजार रुपैया रिश्वत लैत गिरफ्तार केने अछि।

बहादुरपुर बीडीओक आवास सं भेटल अकूत संपत्तिक सबूत

- दरभंगा, पटना, मुजफ्फरपुर सहित पांच स्थान पर ईओयू एक संग मारलक छापा
- ईओयू टीम कें देखिते बीडीओ भेलाह फरार

दरभंगा, समदिया

बिहार मे भ्रष्टाचारक विरुद्ध आर्थिक अपराध इकाइ (ईओयू) पैघ कारबाइ करैत दरभंगाक बहादुरपुर प्रखंडक प्रखंड विकास पदाधिकारी (बीडीओ) डॉ. आनंद कुमार विभूति पर आय सं बेसी संपत्ति अर्जित करबाक मामिला दर्ज केने अछि। विशेष न्यायालय निगरानी, पटना सं तलाशी वारंट प्राप्त भेलाक बाद मंगलदिन भोरहि-भोर हुनकर विभिन्न ठिकाना पर एकहि संग तलाशी अभियान शुरू कएल गेल।

कानूनी धारा मे मामिला दर्ज

आधिकारिक जानकारीक अनुसार, बीडीओ आनंद कुमार विभूतिक विरुद्ध आर्थिक अपराध इकाइ थाना कांड संख्या 21/26 दर्ज कएल गेल अछि। मामिला 7 सितंबर 2026 कें भ्रष्टाचार निवारण अधिनियमक धारा 13(2), 13(1)(बी) आ भारतीय दंड संहिताक प्रासंगिक धाराक अंतर्गत दर्ज भेल अछि। प्रारंभिक साक्ष्यक सत्यापनक बाद न्यायालय सं तलाशी वारंट जारी कएल गेल छल।

आय सं 121 प्रतिशत बेसी संपत्ति

जांचक क्रम मे ईओयू कें बीडीओक वैध आयक तुलना मे बहुत बेसी संपत्ति अर्जित करबाक साक्ष्य भेटल अछि। विभागक अनुसार, हुनकर वैध आमदनीक आधार पर कुल 1 करोड़ 71 लाख 84 हजार रुपैयाक आयक आकलन कएल गेल छल। मुदा हुनकर लग वैध स्रोतक तुलना मे करीब 121.87 प्रतिशत बेसी अनुपातहीन संपत्ति पाओल गेल अछि।

मुजफ्फरपुरक निजी आवास पर छापा

विशेष न्यायालयक आदेशक बाद पुलिस उपाधीक्षक स्तरक अधिकारीक नेतृत्व मे छापामारी शुरू भेल। ईओयूक आठ सदस्यीय टीम मुजफ्फरपुरक अहियापुर थाना क्षेत्रक सरस्वती नगर, जमकपुरी मोहल्ला स्थित बीडीओक निजी आवास पर पहुंचल। मुदा जांच टीमक पहुंचिते डॉ. आनंद कुमार विभूति चकमा दैत फरार भए गेलाह। ओहि समय हुनकर पत्नी घर मे उपस्थित छलीह।

पीएम मोदीक जेन-जी सं संवाद, धुरंधरक गान पर भेल प्रवेश

अहां सत्यक संग ठाढ़ रही : मोदी

- जेन-जीक वोट पर भाजपाक नजरि, यूपी मे सभ सं बेसी जेन-जी

बडोदरा, एजेंसी

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी वडोदरा मे जेन-जी युवा सभ सं करीब 25 मिनट धरि संवाद कएलनि। कार्यक्रम मे लगभग 6 हजार युवा कें बजाओल गेल छल। प्रधानमंत्री युवा सभ सं झूठ दावा आ भ्रामक बात सं सावधान रहबाक अपील कएलनि। पीएम मोदी कहलनि जे लोक अहां सभ कें झूठक गूंज सं भरमेबाक प्रयास करत, मुदा अहां सभ सत्यक संग ठाढ़ रहू। प्रधानमंत्रीक एहि बयान कें राहुल गांधी आ कांग्रेसक छात्रसभक गूंज अभियान पर व्यंग्यक रूप मे देखल जा रहल अछि।

कार्यक्रम लेल विशेष रूप सं वाई आकारक रैंप बनाओल गेल छल। भाषण सं पहिने पीएम मोदी रैंप पर चलैत युवा सभक बीच पहुंचलाह। मंच पर पहुंचिते क्वीनक प्रसिद्ध गान वी विल रॉक यू बजाओल गेल। तकर बाद धुरंधर फिल्मक गान आरी आरी सेहो बजाओल गेल। जंतर-मंतर पर भेल विरोध-प्रदर्शनक बाद भारतीय जनता पार्टीक पूरा ध्यान जेन-जी मतदाता सभ पर केंद्रित देखाइत अछि। वस्तुतः अगिला वर्ष सात राज्य मे विधानसभा चुनाव होमय बला अछि। एहि राज्य सभ मे कुल मतदाताक करीब 22.78 प्रतिशत जेन-जी पीढ़ीक अछि। उत्तर प्रदेश मे जेन-जी मतदाताक संख्या सभ सं बेसी करीब 2.8 करोड़ अछि। एहि कारणें सभ राजनीतिक दल युवा मतदाता सभ कें अपन दिस आकर्षित करबाक प्रयास मे जुटल अछि।

फ्रेट कॉरिडोर पर 'नाराज फूफाजी' बला व्यंग्य

प्रधानमंत्री डेडिकेटेड फ्रेट कॉरिडोरक उपलब्धिक चर्चा करैत कहलनि जे जवाहरलाल नेहरू पोर्ट ट्रस्ट सं मुंबइक डबल कंटेनर मालगाड़ी चलला सं एक बेर मे 250 सं बेसी ट्रकक बराबर माल मुंबई सं वडोदरा पहुंचाओल गेल। ओ कहलनि जे आब बिगड़ल फूफाजी पूछताह जे ट्रक चालक सभक की होयत, मुदा देशक एक कोन सं दोसर कोन धरि माल पहुंचाबय लेल एहि तरहक सुदृढ़ संपर्क व्यवस्था आवश्यक अछि।

बिहार मे बनत 336 किमी नमहर ग्रीनफील्ड एक्सप्रेसवे, 13 जिलाक भेटत तेज कनेक्टिविटी

पटना, समदिया

बिहार मे सड़क कनेक्टिविटी कें लए एक आओर पैघ परियोजना आगू बढ़ि रहल अछि। बक्सर-भागलपुर ग्रीनफील्ड एक्सप्रेसवे राज्यक 13 जिला कें जोड़त। बक्सर सं शुरू होयबला ई एक्सप्रेसवे भोजपुर, अरवल, जहानाबाद, गया, नालंदा, नवादा, शेखपुरा, लखीसराय, मुंगेर, जमुई आ बांका होइत भागलपुरक बाहरी इलाका धरि पहुंचत।

एहि एक्सप्रेसवे सं ओहि क्षेत्र कें सेहो नीक कनेक्टिविटी भेटबाक उम्मीद अछि, जतय एखन सीधा आ तेज सड़क सुविधा सीमित अछि। परियोजना पूरा भेलाक बाद एहि जिला सभक बीच यात्रा आसान होयत।

एहि परियोजनाक खास बात ई अछि जे पटना केर सीधा संपर्क एक्सप्रेसवे सं नहि होयत। राजधानी सं एक्सप्रेसवे धरि पहुंचबाक लेल जहानाबाद मुख्य कनेक्टिंग प्वाइंट बनत।

पटना आ जहानाबादक बीच पहिनहि फोरलेन राष्ट्रीय राजमार्ग अछि। एहि सड़कक माध्यम सं जहानाबाद मे एक्सप्रेसवे कें जोड़ल जाएत। अर्थात पटना सं आबय बला लोक पहिने फोरलेन सड़क सं जहानाबाद पहुंचताह।

तकर बाद नव एक्सप्रेसवे सं गया आ आगूक जिला दिस जा सकताह। प्रस्तावित एक्सप्रेसवे केर शुरूआत बक्सर सं होयत। बक्सर धरि पहिनहि सं नीक सड़क कनेक्टिविटी मौजूद अछि। तकर बाद ग्रीनफील्ड एलायनमेंटक माध्यम सं सड़क भोजपुर आ अरवल दिस बढ़त।

आगू ई जहानाबाद, गया आ नालंदा होइत नवादा, शेखपुरा आ लखीसराय धरि पहुंचत। तकर बाद रूट मुंगेर, जमुई आ बांका होइत भागलपुरक बाहरी इलाका धरि जाएत।

ग्रीनफील्ड एक्सप्रेसवे केर पैघ हिस्सा नव रूट पर बनाओल जाइत अछि। एहि सं एहन क्षेत्र कें सेहो सीधा सड़क संपर्क भेटि सकैत अछि, जतय एखन नीक कनेक्टिविटी नहि अछि।

बक्सर-भागलपुर एक्सप्रेसवे कें उत्तर प्रदेशक पूर्वांचल एक्सप्रेसवे सं जोड़बाक सेहो योजना अछि। ई कनेक्टिविटी तैयार भेलाक बाद बिहारक एहि क्षेत्र सं उत्तर प्रदेश जाएब आसान भए सकैत अछि।

आगू दिल्ली दिस जाए बला यात्रि कें सेहो नीक सड़क नेटवर्क भेटि सकैत अछि। एहि सं बिहारक सड़क संपर्क दोसर राज्यक संग असर मात्र यात्रि पर नहि पड़त। एहि सं माल ढुलाई सेहो आसान भए सकैत अछि। एक्सप्रेसवे केर माध्यम सं कारोबार आ लॉजिस्टिक्स नेटवर्क कें बढ़ावा भेटबाक उम्मीद अछि। दोसर राज्य धरि सामान पहुंचेबा मे सेहो समय कम लागि सकैत अछि। एहि सं एक्सप्रेसवे लगक क्षेत्र मे आर्थिक गतिविधि बढ़बाक संभावना अछि।

बक्सर-भागलपुर एक्सप्रेसवे केर निर्माण पीपीपी अर्थात पब्लिक-प्राइवेट पार्टनरशिप मॉडल पर प्रस्तावित अछि। एहि मॉडल मे निजी कंपनी परियोजनाक निर्माण मे निवेश करत। एक्सप्रेसवे पर वाहन सं टोल सेहो लेल जाएत। अर्थात एहि सड़कक उपयोग कएनिहार वाहन चालक कें टोल देबय पड़त। परियोजनाक डीपीआर अर्थात विस्तृत परियोजना रिपोर्ट तैयार करबाक प्रक्रिया आगू बढ़ि चुकल अछि। आब परियोजनाक अगिला तैयारी पर नजरि अछि।

एक्सप्रेसवे पूरा भेलाक बाद बिहारक दक्षिणी आ पूर्वी हिस्सा कें नव तेज सड़क कॉरिडोर भेटबाक उम्मीद अछि। एहि सं बक्सर सं भागलपुर धरि कई जिला बीच कनेक्टिविटी केर पूरा नेटवर्क बदलि सकैत अछि।

बिहार मे 903 करोड़क लागति सं पावर प्लांटक लेल बनत रेल कॉरिडोर

पटना, समदिया

बिहारक बक्सर जिलाक चौसा मे 1,320 मेगावाट क्षमताक ताप बिजली घर कें मुख्य रेल नेटवर्क सं जोड़बाक योजना अछि। एहि परियोजना पर 903.01 करोड़ रुपैयाक खर्च होयत। परियोजनाक उद्देश्य मात्र पावर प्लांट धरि रेल पहुंचेनाइ नहि, बल्कि कोयलाक आपूर्ति लगातार बनौने राखनाइ सेहो अछि। परियोजनाक काज सार्वजनिक क्षेत्रक कंपनी रेल विकास निगम लिमिटेड (आरवीएनएल) दिस सं कएल जाएत। एकरा पूरा करबाक लेल 36 महीना यानी तीन वर्षक समय-सीमा निर्धारित कएल गेल अछि।

नव व्यवस्था तैयार भेलाक बाद सेंट्रल कोलफील्ड्स लिमिटेडक खदान सं आबय बला कोयलाक रेक सीधे पावर प्लांटक अपन रेलवे साइडिंग धरि पहुंचि सकत। एहि लेल चौसा रेलवे स्टेशन आ पवनी कमरपुर हॉल्टक लग सं गुजरैत वर्तमान रेल लाइन कें प्लांट परिसर सं जोड़ल जाएत।

परियोजनाक अंतर्गत स्थायी रेलवे साइडिंग आ एलिवेटेड रेल ट्रैक बनाओल जाएत। खास बात ई अछि जे एलिवेटेड ट्रैकक कारण कम जमीनक उपयोग होयत आ स्थानीय आबादी पर सेहो एकर असर कम राखबाक प्रयास कएल जाएत।

रेल कनेक्शन तैयार भेलाक बाद प्लांट कें प्रत्येक वर्ष करीब 6.25 मिलियन टन यानी 62.5 लाख टन कोयलाक निर्बाध आपूर्ति सुनिश्चित करबा मे मदति भेटत। कोयलाक आपूर्ति जतबे नियमित रहत, बिजली उत्पादन सेहो ततबे स्थिर राखल जा सकत। एहि प्लांट सं एक वर्ष मे करीब 9,828 मिलियन यूनिट बिजली उत्पादनक अनुमान अछि। एहि मे सं करीब 85 प्रतिशत यानी 1,120 मेगावाट बिजली बिहार कें भेटत।

जानकारीक अनुसार, बक्सर पावर प्लांट मे 660-660 मेगावाटक दूटा यूनिट अछि। पहिल यूनिट व्यावसायिक उत्पादन शुरू कए चुकल अछि, जखनकि दोसर यूनिट 31 अगस्त 2026 कें लगातार 72 घंटा धरि पूरा क्षमता पर परीक्षण पूरा कएलक। आब 800 मेगावाटक तेसर यूनिट लगेनाइक तैयारी सेहो चलि रहल अछि। एकर बाद प्लांटक कुल क्षमता 2,120 मेगावाट धरि पहुंचि जाएत।

एहि तरहे बक्सर मे बनि रहल ई रेल लाइन मात्र पटरियाक नेटवर्क नहि अछि। बल्कि ई ओहि व्यवस्थाक महत्वपूर्ण कड़ी अछि, जाहि माध्यम सं कोयला सीधे प्लांट धरि पहुंचत आ ओतए उत्पादित बिजली बिहारक घर, खेत आ उद्योग धरि पहुंचि सकत।

मगध महिला कॉलेज मे छात्रा परिषद चुनावक बिगुल बाजल

16 सितंबर कें होयत मतदान

पटना, समदिया

मगध महिला कॉलेज मे सत्र 2026-27 लेल छात्रा परिषद चुनावक प्रक्रिया मंगलदिन सं शुरू भए गेल अछि। 16 सितंबर कें होमय बला चुनाव लेल इच्छुक छात्रा 8 सं 10 सितंबर धरि नामांकन फार्म भरि सकत छथि। 12 सितंबर कें प्रत्याशी सभक साक्षात्कार होयत, जखनकि 13 आ 14 सितंबर कें चुनाव प्रचारक मौका भेटत।

मतदानक बाद 16 सितंबर कें मात्र परिणाम घोषित कएल जाएत। नवनिर्वाचित परिषदक शपथ ग्रहण 19 सितंबर कें होयत। चुनावक दौरान छात्रा कॉलेजक निर्धारित नियम आ आचार-संहिताक पालन करैत अपन विचार आ घोषणापत्र साथी छात्रा सभक समक्ष राखत छथि।

प्रचारक दौरान प्रत्याशी अपन एजेंडा, छात्रा सभ सं जुड़ल मुद्दा आ कॉलेजक शैक्षणिक एवं सह-पाठ्यक्रम गतिविधि कें नीक बनेबाक योजनाक जानकारी देत छथि। एहि बेर छात्रा परिषद मे 13 पद लेल चुनाव होयत।

एहि मे महासचिव, सहायक खेल सचिव, सहायक खेल सचिव, कॉमन रूम सचिव, सहायक कॉमन रूम सचिव, विज्ञान एवं आईटी सचिव, सहायक विज्ञान एवं आईटी सचिव, स्वच्छता एवं पर्यावरण सचिव, महासचिव, कोषाध्यक्ष, सांस्कृतिक सचिव, सहायक सांस्कृतिक सचिव आ सहायक स्वच्छता एवं पर्यावरण सचिवक पद शामिल अछि।

12 सितंबर कें होमय बला साक्षात्कार मे प्रत्याशी सभक पात्रता आ नेतृत्व क्षमताक आकलन कएल जाएत। एकर बाद प्रचारक दौरान छात्रा अपन घोषणापत्र आ प्राथमिकता मतदाता सभ धरि पहुंचौत।

पटना मे दलित संगठन 'आरक्षण बढ़ाओ संविधान बचाओ' आंदोलन मार्च निकाललक

बैरिकेडिंग पर चढ़ल प्रदर्शनकारी

पटना, समदिया

पटना मे दलित संगठन 'आरक्षण बढ़ाउ, संविधान बचाउ' आंदोलनक मार्च निकालल। गांधी मैदान सं निकलल एहि मार्च कें पुलिस जेपी गोलंबरक लग बैरिकेडिंग कए रोकि देलक। प्रदर्शनकारी बैरिकेडिंग पर चढ़ि कए नारा लगाबय लगलाह।

प्रदर्शनकारिक योजना गांधी मैदान सं लोकभवन धरि मार्च करबाक छल। एहि सं पहिने गांधी मैदान मे अंबेडकर आ गांधीजीक पोस्टर लए लोक सड़क पर उतरला। पोस्टर पर लिखल छल- सुप्रीम कोर्ट मे आरक्षण लागू करू। प्रदर्शनकारी जे दलित सं टकराएत, चूर-चूर भए जाएत जेकां नारा सेहो लगौलनि।

प्रदर्शन कें देखैत पुलिस सेहो अलर्ट रहल। जेपी गोलंबर आ डाकबंगला चौराहा पर बैरिकेडिंग कएल गेल। डाकबंगला पर 23 थानेदार, 9 एएसपी-डीएसपी समेत करीब 400 पुलिसकर्मीक तैनाती कएल गेल।

समितिक संयोजक अमर आजाद कहलनि जे एखनहुं देश मे दलित-आदिवासी समाज पर जातिक आधार पर अत्याचार भए रहल अछि। दलित आईएएस-आईपीएस किछु बनि जाएथि, मुदा हुनका हुनकर जातिक नाम पर प्रताड़ित कएल जाइत अछि।

एकरा बावजूद किछु लोक एससी-एसटी वर्गक लोक कें भेटैत आरक्षणक विरोध कए रहल छथि, जे बिल्कुल गलत बात अछि। एखनहुं निजी क्षेत्र आ न्यायपालिका मे आरक्षण नहि अछि। सुप्रीम कोर्ट मे सेहो आरक्षण नहि अछि। बिहार मे दलित, आदिवासी आ पिछड़ा समाजक आरक्षणक दायरा बढ़ा कए 65 प्रतिशत करबाक मांग अछि।

जेपी गोलंबर पर डटल रहल प्रदर्शनकारी

जेपी गोलंबरक लग प्रदर्शनकारी डटल रहलाह। एक प्रदर्शनकारी माथ पर कफन बांधि कए ओतए पहुंचलाह। ओ कहलनि जे आरक्षण लागू करू। हम जातिक नाम पर लोकक बात नहि सुनब। हमर मांग पूरा होइते पड़त।

पुलिस सभ कें जेपी गोलंबर पर बैरिकेडिंग कए रोकि देलक। प्रदर्शनकारी बैरिकेडिंग पर चढ़ि कए नारा लगाबय लगलाह। बैरिकेडिंग सं कूदि कए दोसर दिस जाएबाक प्रयास करैत एक प्रदर्शनकारी कें पुलिस खदेड़ि देलक।

प्रदर्शन कें देखैत पुलिस जेपी गोलंबर पर बैरिकेडिंग कएलक अछि। पैघ संख्या मे पुलिस बल तैनात कएल गेल अछि। वाटर कैननक गाड़ी सेहो ठाढ़ कएल गेल अछि।

दलित संगठनक प्रदर्शन कें देखैत गांधी मैदान आ आसपासक इलाका मे भारी संख्या मे पुलिसक तैनाती कएल गेल अछि। कंटीला तार लगाओल बैरिकेडिंग सेहो कएल गेल अछि।

गांधी मैदान मे अंबेडकर आ गांधीजीक पोस्टर लए लोक सड़क पर उतरला। पोस्टर पर लिखल अछि- सुप्रीम कोर्ट मे आरक्षण लागू करू। प्रदर्शनकारी जे दलित सं टकराएत, चूर-चूर भए जाएत जेकां नारा लगाबि रहल छथि।

प्रदर्शन कें देखैत पटना मे मेट्रोक शील्ड लगाओल गेल अछि। एकरा संगहि बैरिकेडिंग कए कंटीला तार सेहो लगाओल गेल अछि।

आरक्षण बढ़ाउ, संविधान बचाउ आंदोलनक मार्च मे शामिल कतेको लोक कें पुलिस हिरासत मे लए लेने अछि। डाकबंगला पर सुरक्षा व्यवस्था आरो कड़ा कएल गेल अछि। एससी मे आरक्षणक मांग कें लए जुटल प्रदर्शनकारी कें पुलिस डिटेन कए लए जा रहल अछि। प्रदर्शनकारी कें पुलिस मौर्या होटल लग रोकि देलक। एहि पर प्रदर्शनकारी पुलिसक विरुद्ध नारा लगौलनि। जेपी गोलंबर सं पुलिस प्रदर्शनकारी कें पाछू हटाबयक प्रयास करैत रहल। लोक पाछू हटय लेल तैयार नहि छलाह आ पुलिस लगातार सभ कें लौटि जाएबाक लेल कहैत रहल।

दशहरा मेला लेल पुतलाक ऊंचाइ तय रामलीला मंचन कें लए संशय बरकरार

पटना, समदिया

पटना के गांधी मैदान मे दशहरा मेला आयोजित करबाक तैयारीक बीच रामलीला मंचन कें लए संशय बनल अछि। श्री दशहरा कमेटी दिस सं प्रशासन सं रामलीला मंचन लेल सहयोगक मांग कएल गेल अछि।

गांधी मैदान मे दशहरा मेला मे रावण दहनक परंपरा रहल अछि। श्री दशहरा कमेटी दिस सं वर्षो सं एतए रावण वध कार्यक्रम आयोजित होइत रहल अछि। बीतल वर्ष गांधी मैदान मे 11 दिन धरि रामलीला मंचन भेल छल। मुदा एहि बेर गांधी मैदान मे दशहरा मेला आयोजित करबाक तैयारीक बीच रामलीला मंचन कें लए स्थिति स्पष्ट नहि अछि।

दशहरा कमेटीक अध्यक्ष अरुण कुमार कहलनि जे बीतल वर्ष पटना प्रमंडलक आयुक्त कला संस्कृति विभागक निदेशानुसार

गांधी मैदान मे 11 दिवसीय रामलीला आयोजित करबाक आदेश देने छलाह। रामलीला आ रावण वध कार्यक्रम पर करीब 47 लाख रुपैयाक खर्च भेल छल। वृंदावन सं आएल कलाकार सभ रामायणक विभिन्न प्रसंगक शानदार मंचन केने छलाह।

पर्याप्त जगह रहबाक कारण पैघ संख्या मे दर्शक रामलीलाक प्रस्तुति देखबाक आनंद उठौने छलाह। बच्चा सं लए बुजुर्ग धरि लोक मे बहुत उत्साह देखल गेल छल। एहि बेर गांधी मैदान मे दशहरा मेला आयोजित होयत, मुदा रामलीला मंचन कें लए दुविधाक स्थिति बनल अछि।

एहि स्थिति मे प्रशासन आ दशहरा कमेटीक बीच शीघ्र समन्वय जरूरी अछि, जाहि सं पटना मे वर्षो पुरान रामलीला परंपरा एहि बेर सेहो गांधी मैदान मे जीवंत भए सकय। कमेटी सोमदिन प्रमंडल आयुक्त कें पत्र लिखि 11 अक्टूबर सं 21 अक्टूबर धरि गांधी मैदान मे रामलीला मंचन करबाक लेल सहयोगक मांग कएलक अछि। कमेटीक अध्यक्ष अरुण कुमार कहलनि जे बीतल वर्ष पूर्व प्रमंडल आयुक्त डॉ. चंद्रशेखर सिंहक अध्यक्षता मे 18 अगस्त 2025 कें दशहरा महोत्सव कें लए बैठक भेल छल। ओहि दौरान गांधी मैदान मे रामलीला मंचन कएल गेल छल।

ओ कहलनि जे 2007 आ 2008 मे रावण वध समारोहक संग 11 दिवसीय रामलीला महोत्सव आयोजित कएल गेल छल। एकर पहिने 2006 मे मिलर हाईस्कूल मैदान मे रामलीला मंचन कएल गेल छल।

पटना मे रामलीला मंचन लेल वृंदावनक नाट्य मंडली कें बजाओल गेल छल। कमेटी दिस सं 1955 सं गांधी मैदान मे रावण वध कार्यक्रम आयोजित होइत रहल अछि।

रावण वधक तैयारी शुरू

रावण वधक तैयारी कें लए कमेटी दिस सं काज कएल जा रहल अछि। दशहरा पर रावण, मेघनाद आ कुंभकर्णक पुतलाक निर्माण अक्टूबरक पहिल सप्ताह सं शुरू होयत।

एहि बेर आगरा सं आएल कलाकार पुतला तैयार करताह। बीतल वर्षक तुलना मे एहि बेर पुतलाक ऊंचाइ बढ़ाओल गेल अछि। रावणक पुतला 80 फीट, कुंभकर्णक 75 फीट आ मेघनादक 70 फीट ऊंच होयत।

रविशंकर प्रसाद सम्राट चौधरी सं जमींदारी बांधक मरम्मति आ ऊंचाइ बढ़ेबाक मांग कएलनि

पटना, समदिया

बिहार मे बाढ़िक स्थिति बीच भाजपा सांसद रविशंकर प्रसाद मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं पुनपुन आ दरधा नदी सं जुड़ल पुरान जमींदारी बांधक तत्काल मरम्मति आ ओकर ऊंचाइ बढ़ेबाक मांग कएलनि। ओ कहलनि जे पछिला 25-30 वर्ष सं एहि बांधक समुचित मरम्मति नहि भेल अछि, जाहि कारण ई कमजोर भए गेल अछि आ बाढ़िक समय कतेको ठाम टूटि जाएबाक कारण गांम मे पानि पसरि रहल अछि।

रविशंकर प्रसाद मुख्यमंत्री कें लिखल पत्र मे कहलनि जे गंगा, दरधा आ अन्य सहयोगी नदी मे आएल बाढ़िक कारण ओ पछिला कतेको दिन सं अपन क्षेत्रक व्यापक भ्रमण कए रहल छथि। एहि दौरान लोकक समस्या बुझबाक आ हुनका आवश्यक सुविधा उपलब्ध कराबयक प्रयास कएल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे स्थानीय प्रशासन सेहो बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे तत्परता सं काज कए रहल अछि आ हुनका

प्रशासनक पूरा सहयोग भेटि रहल अछि। ओ पत्र मे कहलनि जे क्षेत्रक भ्रमणक दौरान पुनपुन नदीक पुरान जमींदारी बांधक स्थिति चिंताजनक देखल गेल अछि। ई बांध बहुत कमजोर भए गेल अछि आ एकर ऊंचाइ सेहो कम अछि। दीर्घ समय सं मरम्मति नहि भेलाक कारण पुनपुन आ दरधा नदीक जलस्तर बढ़लाक समय एहि बांध पर पानिक दबाव बढ़ि जाइत अछि। कतेको ठाम बांध टूटि जाएबाक कारण आसपासक गांम मे बाढ़िक पानि पसरि जाइत अछि।

भाजपा सांसद कहलनि जे बाढ़िक स्थिति मे राहति आ बचाव काज जरूरी अछि, मुदा स्थायी समाधान लेल फतुहा आ पुनपुन नदी सं जुड़ल क्षेत्र मे पुरान जमींदारी बांधक मरम्मति करेनाइ अत्यंत आवश्यक अछि। ओ बांधक ऊंचाइ बढ़ेबाक जरूरत सेहो बतौलनि।

रविशंकर प्रसाद मुख्यमंत्री सं एहि दिशा मे तत्काल कारबाइ करबाक लेल संबंधित अधिकारी कें निर्देश देबाक आग्रह कएलनि। ओ बतौलनि जे एहि संबंध मे उपमुख्यमंत्री सह जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी कें सेहो पत्र लिखल गेल अछि।

एकर अतिरिक्त ओ गौरीचक सं अलावलपुर आ जमुनापुर जाएबला मार्गक समस्या सेहो मुख्यमंत्रीक समक्ष उठौलनि। ओ कहलनि जे बाढ़िक समय ई रास्ता डूबि जाइत अछि, जाहि कारण स्थानीय लोकक आवागमन प्रभावित होइत अछि। ओ एहि सड़कक ऊंचाइ बढ़ेबाक आग्रह कएलनि, जाहि सं बाढ़िक स्थिति मे सेहो लोकक आवागमन सुचारु रूप सं जारी रहि सकय।

रजिस्ट्री ऑफिस लग पिकअप वैन सं 630 लीटर शराब बरामद, चालक गिरफ्तार

समस्तीपुर/रोसड़ा, समदिया

रोसड़ा थाना पुलिस अवैध शराबक कारोबारक विरुद्ध कारबाइ करैत रजिस्ट्री ऑफिसक लग एकटा पिकअप वैन सं भारी मात्रा मे विदेशी शराब बरामद कएलक। एहि दौरान पुलिस पिकअप चालक कें गिरफ्तार करैत वाहन सेहो जब्त कए लेलक। रोसड़ा थानाध्यक्ष लालबाबू कुमार कें गुप्त सूचना भेटल छल जे क्षेत्र सं भारी मात्रा मे अवैध शराबक खेप लए जाएल जा रहल अछि। सूचना भेटिते पुलिस रजिस्ट्री ऑफिसक लग वाहन जांच आ छापेमारी शुरू कएलक। एहि क्रम मे पुलिस एकटा संदिग्ध पिकअप वैन कें रोकि तलाशी लेलक। तलाशीक दौरान पिकअप पर राखल लकड़ीक छह बक्सा सं शराब बरामद भेल। पुलिसक अनुसार, नजरि सं बचयबाक लेल शराब कें प्लास्टिक मे पैक कए लकड़ीक बक्सा भीतर लुका कए राखल गेल छल। जांचक दौरान 70 कार्टून मे कुल 630 लीटर शराब बरामद भेल। शराबक पूरी खेपक संग पिकअप वैन कें सेहो जब्त कए लेल गेल। पुलिसक अनुसार, गिरफ्तार चालकक पहचान वैशाली जिलाक हाजीपुर थाना क्षेत्र अंतर्गत दौलतपुर देवरिया वार्ड संख्या-2 निवासी जितेंद्र कुमारक रूप मे भेल अछि। पुलिस चालक सं पूछताछ कए शराबक खेपक स्रोत आ एकरा कतय पहुंचाओल जाए रहल छल, तकर जानकारी जुटाबय मे लागल अछि। संगहि शराब तस्करी मे शामिल अन्य लोकक भूमिका सेहो जांचल जा रहल अछि। छापामारी अभियान मे अपर थानाध्यक्ष सुभाष चंद्र मंडल, एसआइ चंदन कुमार, एसआइ मधुबाला भारती, पीएसआइ मनीषा कुमारी तथा एसआइ जितेंद्र कुमार सिंह सहित अन्य पुलिसकर्मी शामिल छलाह। थाना पुलिस कहलनि जे मामिला मे आगांक कानूनी कारबाइ कएल जा रहल अछि आ शराब तस्करी सं जुड़ल अन्य लोकक संबंध मे सेहो छानबीन जारी अछि।

अरेर मे पुलिस वाहनक ठोकर सं युवक घायल

बेनीपट्टी, समदिया

अनुमंडलक अरेर थाना क्षेत्रक अरेर काली मंदिरक लग बेनीपट्टी-रहिका मुख्य हाइवे पर सोमदिन देर सांझ पुलिसक गाड़ीक ठोकर सं बाइक सवार एक युवक घायल भए गेल। घायल युवक भदुली गामक लालू यादव (30) वर्षक बताओल जा रहल छथि। हुनकर इलाज मधुबनी मे चलि रहल अछि। प्रत्यक्षदर्शी सभक अनुसार घायल युवक बाइक सं अरेर दिस सं भदुलीक दिस जा रहल छलाह। एही बीच पाछां सं आयल एकटा अनियंत्रित पुलिस वाहन हुनकर बाइक मे ठोकर मारि देलक। ठोकर लगलाक बाद पुलिसक वाहन बाइक सवार कें टक्कर मारैत सड़कक कात लागल बिजलीक पोल सं जा टकरायल। घटनाक बाद स्थानीय लोक आ प्रशासनक सहयोग सं घायल युवक कें इलाज लेल मधुबनी पठाओल गेल। एहि बीच आक्रोशित भीड़ अरेर काली मंदिरक लग बेनीपट्टी-मधुबनी मुख्य सड़क कें किछु समय लेल जाम कए देलक। बाद मे प्रशासन आ स्थानीय लोकक पहल पर ग्रामीण सभ कें बुझा-बुझा कए सड़क जाम हटाओल गेल।

दुष्कर्मक प्रयासक बाद माइरपीटक आरोप मे चारि पर प्राथमिकी

बेनीपट्टी। स्थानीय थाना क्षेत्रक एकटा गामक एक महिलाक शिकायत पर लदौत निवासी रामनारायण दास सहित चारि गोटे पर दुष्कर्मक प्रयास आ घर पर शिकायत करबाक बाद मारपीट करबाक आरोप मे प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि। पीड़िताक आरोप अछि जे ओ भटहीशेर गाछी मे जलावन तोड़ि रहल छलथि। एही दौरान रामनारायण दास ओतय आबि गेल आ पाछां सं पकड़ि लेलक तथा दुष्कर्मक प्रयास करय लागल। शोर मचेलाक बाद आरोपित ओतय सं भागि गेल। पीड़िता अपन पति संग आरोपितक घर पर शिकायत करबाक लेल गेलथि। हुनकर आरोप अछि जे ओतय रामनारायण दास, डोमनी देवी आ ओकर दुनू बेटा राहुल कुमार तथा नितिन दास हुनका सभक संग मारपीट कएलक। एहि दौरान हुनकर छोट मोबाइल सेहो छीनि लेल गेल। एहि संबंध मे थानाध्यक्ष इंस्पेक्टर अनुप कुमार कहलनि जे प्राथमिकी दर्ज कए मामिलाक जांच कएल जा रहल अछि।

राहति शिविर मे बच्चा सभ कें दूध आ महिलाक बीच सेनेटरी पैड वितरित

पटना, समदिया

बिहार मे बाढ़िक गंभीर स्थिति बीच प्रमुख नदी सभक जलस्राव मे कमी आ स्थिरता आबि रहल सं राहतक उम्मीद जागल अछि। आपदा प्रबंधन विभागक अधिकारीक अनुसार कोसी आ सोन नदीक जलस्राव मे कमीबाक प्रवृत्ति अछि, जखन कि गंडकक जलस्राव स्थिर अछि। राज्य मे एखन धरि 450 सं बेसी सामुदायिक रसोइक माध्यम सं 10 लाख सं बेसी लोक कें भोर-सांझ भोजन उपलब्ध कराओल जा चुकल अछि। प्रभावित क्षेत्र सभ मे राहति-बचाव काज लगातार चलि रहल अछि। वीरपुर बराज पर मंगलदिन सांझ 6 बजे धरि कोसीक जलस्राव 1,61,135 क्यूसेक दर्ज कएल गेल, जकर प्रवृत्ति घटबाक अछि। इंद्रपुरी बराज पर सोनक जलस्राव 1,05,827 क्यूसेक दर्ज भेल, जखन कि एकर प्रवृत्ति स्थिर रहल। वाल्मीकिनगर बराज पर गंडकक जलस्राव 92,900 क्यूसेक दर्ज भेल आ एकर प्रवृत्ति सेहो घटबाक अछि। भागलपुरक सुल्तानगंज मे गंगाक जलस्तर 36.80 मीटर दर्ज भेल, जे 17 अगस्त 2021क पिछला उच्चतम बाढ़ि जलस्तर 36.75 मीटर सं 0.05 मीटर बेसी अछि। गंगाक जलस्तरक प्रवृत्ति स्थिर अछि। गंडक, कोसी, बूढ़ी गंडक, गंगा, पुनपुन, बागमती आ घाघरा नदी कतेको स्थान पर खतरा रेखा सं ऊपर बहि रहल अछि। राज्यक 14 जिलाक 82 प्रखंडक 491 ग्राम पंचायतक करीब 35.89 लाख आबादी बाढ़ि सं प्रभावित भेल अछि। प्रभावित लोकक लेल 456 सामुदायिक रसोइ चलि रहल अछि। 14 राहति शिविर मे 12 हजार सं बेसी लोकक रहबाक, भोजन आ चिकित्सा व्यवस्था कएल गेल अछि। बच्चा सभ कें दूध आ महिला कें सेनेटरी किट उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। मेडिकल कैंप आ बोट एंबुलेंस सं चिकित्सा सुविधा सेहो देल जा रहल अछि। बाढ़ि प्रभावितक बीच 1.2 लाख सं बेसी पॉलिथीन शीट आ 22,900 ड्राइ राशन पैकेट बांटल जा चुकल अछि। मवेशी लेल 4,650 क्विंटल सं बेसी पशुचारा उपलब्ध कराओल गेल अछि। आवागमन लेल 1,876 नाव चलि रहल अछि। त्वरित बचाव लेल एसडीआरएफक 27 आ एनडीआरएफक 10 टीम विभिन्न जिला मे तैनात अछि। मौसिम विभागक अनुसार 1 जून सं 8 सितंबर धरि राज्य मे 601.1 मिलीमीटर वर्षापात भेल अछि, जे सामान्य सं 27 प्रतिशत कम अछि। हालांकि सितंबर मे एखन धरि सामान्य सं 31 प्रतिशत बेसी बरखा भेल अछि। अगिला दू दिन मे कतेको स्थान पर हल्का सं मध्यम आ किछु स्थान पर भारी बरखाक संभावना अछि।

वाईएनपी कॉलेज मे 278 परीक्षार्थी देलनि कदाचारमुक्त परीक्षा

रानीगंज। वाईएनपी डिग्री कॉलेज, रानीगंज परीक्षा केंद्र पर पूर्णिया विश्वविद्यालयक यूजी फोर्थ सेमेस्टर (बीए, बीएससी आ बीकॉम) सीबीसीएस, सत्र 2024-28क परीक्षा शांतिपूर्ण आ कदाचारमुक्त वातावरण मे संपन्न भेल। दुनू पाली मे कुल 278 परीक्षार्थी परीक्षा मे शामिल भेलाह। विश्वविद्यालयक कुलपति प्रो. विवेकानंद सिंहक निर्देश पर कुलसचिव प्रो. (डॉ.) अखिलेश कुमार आ परीक्षा नियंत्रक प्रो. (डॉ.) जमीरुल आलमक देखरेख मे परीक्षा केंद्र पर कड़ा व्यवस्था राखल गेल छल। परीक्षा नियंत्रक प्रो. सुभाष चंद्र सिंह कहलनि जे निर्धारित विषय सभक परीक्षा दुनू पाली मे आयोजित भेल। केंद्राधीक्षक सह प्रधानाचार्य डॉ. नूतन आलोकक नेतृत्व मे मुख्य प्रवेश द्वार पर परीक्षार्थी सभक सघन जांच कएल गेल। मोबाइल, किताब आ पुर्जा बाहर रखेलाक बादे परीक्षार्थी सभ कें केंद्राधीक्षक विभिन्न परीक्षा कक्षक निरीक्षण कए कदाचारमुक्त परीक्षा सुनिश्चित कएलनि।

बाढ़ि प्रभावितक मदति लेल युद्धस्तर पर राहति-बचाव काज

पटना, समदिया

पटना जिला मे बाढ़ि प्रभावित लोक कें राहति, सुरक्षा आ आवश्यक सुविधा उपलब्ध करय लेल जिला प्रशासन द्वारा युद्धस्तर पर राहति-बचाव काज चलाओल जा रहल अछि। जिलाधिकारी कुंदन कुमार अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि अछि जे राहति काज मे गर्भवती महिला, बच्चा, बुजुर्ग, विशेष आवश्यकता बला व्यक्ति आ पशुपालकक जरूरत कें प्राथमिकता देल जाए। जिला मे 34 सामुदायिक रसोइ केंद्र चलाओल जा रहल अछि, जतय बाढ़ि प्रभावित लोक कें भोजनक संग अन्य आवश्यक सुविधा सेहो उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। गर्भवती महिलाक नियमित स्वास्थ्य जांच, सुरक्षित प्रसव आ आवश्यक सामग्रीक पर्याप्त व्यवस्था कएल गेल अछि। आपात स्थिति मे हुनका प्राथमिकताक आधार पर तत्काल चिकित्सा सहायता देल जा रहल अछि। बच्चा सभक लेल दूधक व्यवस्था सेहो कएल गेल अछि।

नाह सं पहुंचाओल जा रहल राहति सामग्री : बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे आवागमन आ राहति सामग्री पहुंचाबय लेल नौकाक संख्या बढ़ा कए 201 कए देल गेल अछि। एहि नौका सभ सं लोकक आवागमनक संग खाद्य सामग्री, दवा आ अन्य जरूरी वस्तु पहुंचाओल जा रहल अछि। बचाव काज कें प्रभावी बनेबाक लेल एसडीआरएफक 8 टीम आ एसएसबीक 2 टीम लगातार सक्रिय अछि।

20 मेडिकल कैंप, 34 एंबुलेंस तैनात : प्रभावित लोक कें शीघ्र चिकित्सा सुविधा देबाक लेल 20 मेडिकल कैंप आ 34 एंबुलेंस तैनात कएल गेल अछि। एहि मे 6 बोट एंबुलेंस शामिल अछि। सर्पदंश सहित अन्य आपात स्थिति लेल बोट, एसडीआरएफक बोट आ एंबुलेंस कें अलर्ट मोड पर राखल गेल अछि।

पशुधनक सुरक्षा पर सेहो जोर: पशुधनक सुरक्षा, उपचार आ चारा उपलब्ध करय लेल 20 पशु शिविर चलाओल जा रहल अछि। सभ शिविर मे चारा आ आवश्यक दवा उपलब्ध अछि। एखन धरि पशुपालक सभ कें 1,350 क्विंटल पशुचारा उपलब्ध कराओल गेल अछि आ 2,260 पशुक उपचार कएल गेल अछि। बाढ़ि प्रभावित आ जरूरतमंद परिवार सभक बीच 72 हजार सं बेसी पॉलिथीन शीट बांटल जा चुकल अछि।

जिलाधिकारी आ वरीय अधिकारी सभ प्रभावित क्षेत्रक लगातार भ्रमण कए स्थिति पर नजरि रखने छथि। नदी सभक तटबंधक सेहो अनवरत निगरानी आ आवश्यकतानुसार सुदृढ़ीकरण कएल जा रहल अछि। जिलाधिकारी कहलनि जे राहति-बचाव काज मे मानवीय संवेदना आ जन-सुरक्षा कें सर्वोच्च प्राथमिकता देल जाए। प्रशासन प्रभावित लोक कें समय पर अधिक सं अधिक सहायता उपलब्ध करय लेल तत्पर अछि।

बोधगया मे आध्यात्मिक पर्यटनक संग इको टूरिज्म कें भेटत नव विस्तार

पटना, समदिया

बिहारक आध्यात्मिक आ सांस्कृतिक पहचानक वैश्विक केंद्र बोधगया आब इको-टूरिज्मक नव संभावना संग पर्यटनक व्यापक मानचित्र पर उभरि रहल अछि। महाबोधि मंदिर, पवित्र बोधिवृक्ष आ समृद्ध बौद्ध विरासतक संग बोधगयाक सरोवर, हरित क्षेत्र, पहाड़ि आ प्राकृतिक परिवेश पर्यटक सभ कें आध्यात्मिक शांतिक संग प्रकृति सं जुड़बाक अवसर दैत अछि। राज्य सरकारक जोर प्राकृतिक आ सांस्कृतिक विरासत कें संरक्षित राखैत टिकाऊ आ जिम्मेदार पर्यटन कें बढ़ावा देबाक अछि। बोधगया स्थित माया सरोवर करीब पांच एकड़ क्षेत्र मे विकसित हरित पर्यटन स्थल अछि। एतय जलाशय, हरित परिसर आ भगवान बुद्धक जीवन पर आधारित लेजर शो पर्यटक सभक प्रमुख आकर्षण अछि। शांत आ प्राकृतिक वातावरणक कारण ई स्थल देश-विदेशक पर्यटक आ परिवार सभ लेल विशेष आकर्षण बनल अछि। मुचलिंद सरोवर, सुजाता स्तूप, डुंगेश्वरी क्षेत्र आ आसपासक पहाड़ि बोधगयाक आध्यात्मिक आ प्राकृतिक पर्यटन कें विविधता प्रदान करैत अछि। एहि क्षेत्र मे पर्यावरण संरक्षण, स्वच्छता आ स्थानीय समुदाय कें जोड़ि इको-टूरिज्मक गतिविधि विकसित करबाक पर्याप्त संभावना अछि। बिहारक पर्यटन नीति मे इको-टूरिज्मक अंतर्गत नेचर वॉक, ट्रेकिंग, बर्ड वॉचिंग, नेचर कैंप, पर्यावरण-अनुकूल आवास आ विजिटर इंटरप्रिटेशन सेंटर जेकां गतिविधि कें बढ़ावा देबाक प्रावधान अछि। एकर उद्देश्य पर्यटक सभ कें प्रकृतिक लग लय जाएब आ पर्यावरण संरक्षणक प्रति जागरूकता बढ़ाएब अछि।

बोधगया मे इको-टूरिज्मक विस्तार सं बौद्ध आ प्राकृतिक पर्यटनक बीच नीक समन्वय बनबाक उम्मीद अछि। एहि सं पर्यटकक ठहरावक अवधि बढ़बाक संग स्थानीय हस्तशिल्प, हस्तकरघा आ अन्य उत्पाद कें बाजार भेटत। युवावर्ग आ स्थानीय समुदाय लेल गाइड, आतिथ्य, परिवहन, हस्तशिल्प सहित पर्यटन आधारित क्षेत्र मे रोजगारक नव अवसर सेहो सृजित भए सकत। राज्य सरकारक प्रयास अछि जे बोधगयाक आध्यात्मिक गरिमा आ प्राकृतिक विरासत कें अक्षुंण राखैत एहन पर्यटन मॉडल विकसित कएल जाए, जाहि सं पर्यटक कें नीक अनुभवक संग पर्यावरण संरक्षण आ स्थानीय विकास कें सेहो गति भेटय।

पूर्णियाक विकास योजना पर विधायकक एक्शन मोड

पूर्णिया, समदिया

शहरक सड़क, नाला, जलनिकासी आ पेयजल व्यवस्था कें लए विधायक विजय खेमका एक बेर फेर विकास योजनाक जमीनी प्रगतिपर ध्यान केंद्रित कएलनि। नगर विकास एवं आवास विभागक अधीन पूर्णिया मे चलि रहल विभिन्न योजनाक प्रगतिक समीक्षा लेल विधायक बुडकोक परियोजना पदाधिकारी आ सहायक अभियंता संग बिंदुवार समीक्षा कएलनि आ अधिकारी सभ सं एक-एक योजनाक वर्तमान स्थितिक जानकारी लेलनि। समीक्षाक दौरान मुख्यमंत्री समग्र शहरी विकास योजना, स्ट्रॉम ड्रेनेज वाटर सिस्टम आ अमृत योजना कें प्रमुखता देल गेल। अधिकारी सभ विधायक कें जानकारी देलनि जे वित्तीय बरख 2024-25 आ 2025-26 मे पूर्णिया नगर निगम क्षेत्र लेल अनुशंसित 59 सड़क-नाला निर्माण योजना मे 50 योजनाक काज पूरा भए चुकल अछि। एहि योजनाक स्थलीय जांच सेहो पूर्णियाक जिलाधिकारी द्वारा गठित टीम सं कराओल गेल अछि।

स्ट्रॉम ड्रेनेज वाटर सिस्टमक अंतर्गत स्वीकृत पांच नाला निर्माण योजना मे चारि मे काज चलि रहल अछि। अधिकारी सभ बतौलनि जे बिजलीक पोल आ तार, पेड़ तथा अन्य स्थानीय बाधाक कारण निर्माण काजक गति प्रभावित भए रहल अछि। एहि पर विधायक स्पष्ट निर्देश देलनि जे विकास योजना मे कोनो स्तर पर लापरवाही बर्दाश्त नहि कएल जाएत। ओ शेष सड़क-नाला योजनाक काज शीघ्र पूरा करबाक संग ड्रेनेज निर्माण मे आबि रहल बाधा कें दूर करय लेल जिला प्रशासन, वन विभाग आ बिजली विभागक संग तत्काल समन्वय स्थापित करबाक निर्देश देलनि। बैसार मे अमृत योजनाक सेहो गहन समीक्षा कएल गेल। पूर्णिया नगर निगमक शेष 16 वार्डक करीब 49 हजार घर धरि शुद्ध पेयजल पहुंचयबाक योजनाक वर्तमान स्थितिक विधायक जानकारी लेलनि। ओ अधिकारी सभ कें जलमीनार निर्माण आ जलापूर्तिक काज मे तेजी अनबाक निर्देश देलनि। शहर मे पहिने सं संचालित सातटा पुरान पानि टंकी सं करीब 35 हजार घर मे भए रहल जलापूर्तिक सेहो समीक्षा कएल गेल।

दस सूत्री मांग लेल एआइएसएफक अनिश्चितकालीन भूख हड़ताल दोसरो दिन जारी

भूख हड़ताल पर बैसल छात्रक बिगड़ल स्वास्थ्य, विश्वविद्यालय प्रशासनक चिकित्सक दल कएलक जांच

पटना, समदिया

विश्वविद्यालय मे छात्रोंक दस सूत्री मांग कें लए कए ऑल इंडिया स्टूडेंट्स फेडरेशन (एआइएसएफ) द्वारा शुरू कएल गेल अनिश्चितकालीन भूख हड़ताल मंगल दिन दोसर दिन सेहो जारी रहल। भूख हड़ताल पर बैसल छात्र सभक स्वास्थ्य बिगड़य लागल, तकर बाद विश्वविद्यालय प्रशासनक दिस सं चिकित्सकक टीम पहुंचि हुनकर स्वास्थ्य जांच कएलक। भूख हड़ताल कें समर्थन देबाक लेल एआइएसएफक पूर्व राष्ट्रीय महासचिव कामरेड विश्वजीत कुमार पहुंचलाह। ओ कहलनि जे पटना विश्वविद्यालयक कुलपति छात्र आ विश्वविद्यालयक प्रति तानाशाहीपूर्ण रवैया अपना रहल छथि। छात्र सभ अपन संघर्षक माध्यम सं कुलपति कें अपन मांग मानबाक लेल मजबूर करताह। ओ विश्वविद्यालयक नामांकन नियमावली मे प्रस्तावित बदलाव पर सेहो सवाल उठबैत कहलनि जे एहि सं विश्वविद्यालयक छात्र शिक्षा सं दूर भए सकैत छथि। पटना विश्वविद्यालय कर्मचारी संघक अध्यक्ष सुबोध प्रसाद कहलनि जे विश्वविद्यालय कें बंद कए निजी हाथ मे सौंपबाक साजिश चलि रहल अछि। लगातार फीस वृद्धि सं गरीब परिवारक छात्र बढ़ल फीसक भुगतान नहि कए पाओताह आ शिक्षा सं दूर भए जेताह। हुनकर आरोप छल जे कुलपति छात्र आ कर्मचारी सं संवाद नहि कए रहल छथि, जाहि सं विश्वविद्यालयक समस्या आरो गंभीर भए रहल अछि। पटना विश्वविद्यालय छात्रसंघक पूर्व उपाध्यक्ष अंशुमान सरकार कहलनि जे विश्वविद्यालयक गिरैत शिक्षा व्यवस्था, अधिकारी आ छात्रक बीच संवादक कमी तथा विभिन्न सुविधा सं छात्र कें वंचित रखबाक लेल विश्वविद्यालय प्रशासन जिम्मेदार अछि। ओ कहलनि जे गौरवशाली परंपरा बला एहि विश्वविद्यालयक छवि वर्तमान कुलपतिक रवैया सं धूमिल भए रहल अछि। एहि दौरान एटकक पटना जिला सचिव कौशलेंद्र आ पूर्व कर्मचारी नेता तथा सीनेट सदस्य रहल कैशर जी सेहो भूख हड़ताल कें समर्थन देलनि। शंभू जी कहलनि जे देश मे छात्र आ युवाक समस्या लगातार नजरअंदाज कएल जा रहल अछि आ पेपर लीक जेकां घटना सामने आबि रहल अछि। ओ आरोप लगौलनि जे पटना विश्वविद्यालयक कुलपति सेहो तानाशाहीक बाट पर चलि रहल छथि। ओ कहलनि जे मांग नहि मानल गेल तं आंदोलन कें आरो तेज कएल जायत। एआइएसएफक पटना जिला सचिव मीर सैफ अली कहलनि जे पटना विश्वविद्यालय देशक सातम सभ सं पुरान विश्वविद्यालय मे सं एक अछि आ एकर गौरवशाली परंपरा रहल अछि। मुदा वर्तमान कुलपतिक रवैया सं विश्वविद्यालयक छवि धूमिल भए रहल अछि। ओ कहलनि जे एलएलबी प्रवेश परीक्षा रद्द कए पुनः परीक्षा नहि कराओल गेल आ पीजी मे कएल गेल व्यापक फीस वृद्धि तत्काल वापस नहि लेल गेल तं एआइएसएफ आंदोलन कें आरो व्यापक करत। एआइएसएफक कहल अछि जे छात्र सभक मांगक समाधान नहि होय धरि अनिश्चितकालीन भूख हड़ताल जारी रहत।

प्रशासनक त्वरित कारबाइ सं पंचायत सरकार भवनक बाट भेल अतिक्रमणमुक्त

आम लोक कें योजना आ सेवाक सहज लाभ भेटत

मधुबनी, समदिया

» डीएमक निर्देश पर बासोपट्टी प्रखंडक सेली-बेली पंचायत मे अतिक्रमणक विरुद्ध कारबाइ

जिलाधिकारी, मधुबनीक निर्देश केर आलोक मे बासोपट्टी प्रखंड अंतर्गत सेली-बेली पंचायत सरकार भवन सं जुड़ल बाट कें अस्थायी अतिक्रमण सं मुक्त कराओल गेल। अंचल अधिकारी, बासोपट्टी आ प्रखंड विकास पदाधिकारी, बासोपट्टी द्वारा पुलिस बलक सहयोग सं उक्त कारबाइ कयल गेल। उल्लेखनीय अछि जे सेली-बेली पंचायत सरकार भवनक निर्माण करीब 8-10 बरख पूर्वे पूरा भए गेल छल, मुदा पंचायतसरकार भवन धरि पहुंचबाक बाट अवरुद्ध रहबाक कारण आम नागरिक कें पंचायत सरकार भवनक माध्यम सं उपलब्ध कराओल जायवला विभिन्न सरकारी सेवा आ सुविधाक समुचित लाभ नहि भेटि रहलछल। उक्त बाट पर किछु ग्रामीण द्वारा पेड़-गाछ लगाओल गेल छल। ओतहि झोपड़ी आ अन्य अस्थायीसंरचना ठाढ़ कए बाट कें अवरुद्ध करैत अतिक्रमण कयल गेल छल। प्रशासन द्वारा नियमानुसार कारबाइ करैत अतिक्रमण हटाओल गेल आ बाट कें आवागमन लेल मुक्त कराओल गेल। बाट अतिक्रमणमुक्त होइतहि प्रखंड विकास पदाधिकारी, बासोपट्टीक स्तर सं बाटक माटि भरबाक काजसेहो तत्काल शुरू करा देल गेल अछि, जाहि सं पंचायत सरकार भवन धरि आम लोकक सहज आ निर्बाध आवागमन सुनिश्चित कयल जा सकय। ई कारबाइ जनहितक प्रति प्रशासनक प्रतिबद्धता आ लंबित समस्याक त्वरित समाधानक महत्वपूर्ण उदाहरण अछि। पंचायत सरकार भवन धरि सहज पहुंच बहाल भेला सं स्थानीय ग्रामीण कें विभिन्न सरकारी योजना, सेवा आ प्रशासनिक सुविधाक लाभ अपन पंचायत स्तर पर बेसी सहजतापूर्वक भेटि सकत। प्रशासनक एहि कारबाइ सं स्थानीय ग्रामीण सभ मे प्रसन्नताक माहौल अछि। लंबा समय सं लंबित एहि समस्याक समाधान भेला पर लोक सभ संतोष व्यक्त कयलनि।

बीडीओ बसंत कुमार सिंह कें भेटल शिक्षा व्यवस्थाक कमान

बिस्फी, समदिया

सरकारी विद्यालय सभ मे बच्चा सभ कें नीक शैक्षणिक वातावरण उपलब्ध करयबाक लेल आब आधारभूत सुविधाक कमी दूर कयल जायत। प्रखंडक शिक्षा व्यवस्था कें लए कए प्रशासनिक स्तर पर नव पहल शुरू होयबाक उम्मीद जगल अछि। विभागीय आदेशक बाद बीडीओ बसंत कुमार सिंह मंगलदिनबीआरसी भवनक सभागार मे अतिरिक्त बीईओक प्रभार ग्रहण कयलनि। बिस्फी आ चहुटा अंचलक शैक्षणिक प्रभार ग्रहण करितहि विद्यालय सभ मे शैक्षणिक व्यवस्था नीक बनयबाक आ विभागीय योजना सभक प्रभावी क्रियान्वयन लेल नव जिम्मेदारी तय भए गेल अछि। एकरा सं पहिने प्रखंड कृषि पदाधिकारी कौशल कुमार सिंह बीईओक अतिरिक्त प्रभार मे काज कए रहल छलाह। जिलाधिकारी आनंद शर्माक दिशानिर्देशक बाद बीडीओ औपचारिक रूप सं नव दायित्वक जिम्मेदारी ग्रहण कयलनि। प्रभार ग्रहण करबाक बाद बीडीओ सह बीईओ बसंत कुमार सिंह कहलनि जे प्रखंडक विद्यालय सभ मे गुणवत्तापूर्ण पठन-पाठन व्यवस्था मजबूत करेनाइ हुनकर प्रमुख प्राथमिकता रहत। ओ शिक्षक सभक नियमित उपस्थिति, विद्यार्थी सभ कें नीक शैक्षणिक वातावरण उपलब्ध करेनाइ तथा सरकारी योजना सभ कें पारदर्शिता संग ससमय धरातल पर उतारबाक दिशा मे विशेष जोर देलनि। ओ कहलनि जे विद्यालय सभक नियमित निरीक्षण कयल जायत आ विद्यालयक विभिन्न गतिविधिक स्थिति केर समीक्षा सेहो कयल जायत। एहि अवसर पर वेतन मैसेंजर शुदी लाल यादव, सुधीर कुमार मंडल, अनिल कुमार, महाराणा प्रताप सहित कतेको लोक उपस्थित छलाह।

कृषक वैज्ञानिक मिलन मे गूंजल खेतीक संदेश, तकनीकी खेती सं बढ़त किसानक आमदनी

उन्नत बीज, संतुलित उर्वरक आ जैविक खेती पर जोर, किसान सभ कें भेटल उपयोगी जानकारी

मधुबनी, समदिया

कृषि प्रौद्योगिकी प्रबंध अभिकरण (आत्मा), मधुबनी आ कृषि विज्ञान केंद्र, सुखेत, झंझारपुरक संयुक्त तत्वावधान मे किसान आ कृषि वैज्ञानिकक बीच संवाद स्थापित करबाक उद्देश्य सं कृषक-वैज्ञानिकमिलन कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम मे किसान सभक स्थानीय कृषि समस्या केर वैज्ञानिकसमाधान उपलब्ध करयबाक संग हुनका सभ कें नवीनतम आ उन्नत कृषि तकनीक सं अवगत करय पर विशेष जोर देल गेल। कार्यक्रम मे कृषि वैज्ञानिक डॉ. राहुल सिंह राजपूत किसान सभ कें बीज उपचार, धानक फसल मे कीट आ व्याधि प्रबंधन तथा कृषि क्षेत्रक नवीनतम तकनीकक जानकारी देलनि। डॉ. जगपाल पशु सभ मे होमयवला लंपी बेमारी, ओकर लक्षण आ नियंत्रणक उपाय सं किसान सभ कें अवगत करौलनि। कृषि विभागक उप परियोजना निदेशक नंदन उन्नत बीज आ फसल प्रबंधन, मृदा स्वास्थ्य आ संतुलित उर्वरकक उपयोग, कीट आ रोग प्रबंधन, प्राकृतिक आ जैविक खेती, जल संरक्षण, कृषि यंत्रीकरण, उद्यानिकी फसल तथा फसल विविधीकरण संबंधी महत्वपूर्ण जानकारी देलनि। एहि दौरान किसान सभ खेती सं जुड़ल विभिन्न समस्या आ जिज्ञासा वैज्ञानिक सभक समक्ष राखलनि। वैज्ञानिक सभ स्थानीयपरिस्थिति अनुरूप वैज्ञानिक आ व्यावहारिक सुझाव दैत किसान सभक समस्या केर समाधान कयलनि। कम लागत मे बेसी उत्पादन, गुणवत्तापूर्ण उपज तथा कृषि सं आमदनी बढ़ेबाक लेल तकनीकी उपायअपनय पर जोर देल गेल। वक्ता सभ कहलनि जे कृषि वैज्ञानिकक तकनीकी विशेषज्ञता आ किसान सभकव्यावहारिक अनुभवक बीच नीक समन्वय स्थापित भेला सं कृषि उत्पादन आ किसानक आमदनी मे वृद्धि कयल जा सकैत अछि। किसान सभ कें नवीनतम कृषि तकनीक अपनाकऽ खेती कें लाभकारी आ टिकाऊ बनेबाक दिशा मे आगू बढ़बाक चाही। आत्मा, मधुबनीक अधिकारी सभ बतौलनि जे किसान सभ कें‌वैज्ञानिक सं सीधे संवादक अवसर उपलब्ध करयबाक लेल एहि तरहक कार्यक्रम भविष्य मे सेहो आयोजित कयल जायत, जाहि सं स्थानीय कृषि समस्या केर त्वरित आ तकनीकी समाधान सुनिश्चित कयल जासकय। कार्यक्रमक अंत मे उपस्थित किसान सभ कृषि वैज्ञानिक आ कृषि विभागक अधिकारी सभक प्रतिआभार व्यक्त कयलनि तथा वैज्ञानिक तकनीक कें अपन खेती मे अपनयबाक संकल्प लेलनि।

बेनीपट्टी अधिवक्ता संघक महासचिव आ अध्यक्ष निर्वाचित

बेनीपट्टी, समदिया

बेनीपट्टी व्यवहार न्यायालय अधिवक्ता संघक चुनाव मंगलदिन शांतिपूर्ण वातावरण मे संपन्न भेल।चुनाव मे कुल 146 मतदाता छलाह, जाहि मे सं 141 अधिवक्ता अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। मतदान समाप्ति बाद मतगणना आ परिणाम कें लए कए अधिवक्ता सभ मे उत्साह देखल गेल। निर्वाची पदाधिकारीक रूप मे मणिशंकर प्रतिहस्त आ पर्यवेक्षकक रूप मे संतोष कुमार ठाकुर उपस्थित छलाह। कुल सात पद लेल उम्मीदवार सभक बीच मोकाबला भेल। अध्यक्ष पद पर कांटाक टक्कर मे दशरथ वेयार प्रियदर्शी कें 50, अशोक कुमार झा कें 49 आ रमेश मेहता कें 42 मत भेटल। एक मत अवैध घोषित भेल।एहि तरह प्रियदर्शी मात्र एक मतक अंतर सं अध्यक्ष निर्वाचित भेलाह। उपाध्यक्ष पद पर प्रणव कुमार 83 मत प्राप्त कए विजयी भेलाह, जखन कि डॉ. शंकर झा कें 57 मत भेटल। महासचिव पद पर पांच उम्मीदवार छलाह। ब्रजेश कुमार सिंह कें सर्वाधिक 61 मत भेटल आ ओ विजयी भेलाह। ईश्वर चंद्र झा कें 38, राजदेव प्रसाद कें 25, सरोज कुमार झा कें 14 आ विनेश सहनी कें 2 मत प्राप्त भेल। संयुक्त सचिव पद पर रामसुंदर चौधरी 76 मत प्राप्त कए निर्वाचित भेलाह। सहायक सचिव पद पर प्रमोद गुप्ता 79 मत सं विजयी भेलाह। कोषाध्यक्ष पद पर शिवेश कुमार झा 84 मत आ अंकेक्षक पद पर पवन कुमारराय 80 मत प्राप्त कए जीत दर्ज कयलनि। परिणाम घोषित होइतहि विजयी प्रत्याशी सभक समर्थक आअधिवक्ता सभ मे खुशीक लहर दौड़ि गेल। नवनिर्वाचित पदाधिकारी सभ कें फूल-माला पहिरा आ गुलाल लगा सम्मानित कयल गेल। अधिवक्ता सभ एक-दोसरा कें बधाइ दैत जीतक खुशी मनौलनि।

अखिल भारतीय खेत आ ग्रामीण मजदूर यूनियनक लौकही मे एक दिवसीय धरना

» बीडीओ कें सौंपल गेल 12 सूत्री मांगपत्र, 15 दिन मे कारबाइ नहि भेल तं आंदोलनक चेतावनी

मधुबनी, समदिया

बिहार प्रांतीय खेत आ ग्रामीण मजदूर यूनियन (एआइएडब्ल्यूयू) अंचल कमिटी, लौकहीक तत्वावधान मे मंगलदिन प्रखंड परिसर मे एकदिवसीय धरना देल गेल। धरनाक अध्यक्षता अंचल अध्यक्ष कॉमरेडविष्णुदेव पासवान कयलनि। धरना समाप्तिक बाद प्रखंड विकास पदाधिकारी, लौकही कें 12 सूत्री मांग-पत्र सौंपल गेल। यूनियनक प्रमुख मांग मे बढ़ैत महंगाइ, बेरोजगारी आ भ्रष्टाचार पर रोक लगेनाइ, वीबी-ग्राम- जी योजना रद्द कए मनरेगा कानून बहाल करैत 200 दिनक काज आ 600 टाका दैनिक मजदूरी देनाइ शामिल अछि। ग्रामीण गरीब सं 1200 टाका कर वसूली आ दाखिल-खारिज मे 200 टाका शुल्क लेबाक व्यवस्था वापस लेबाक मांग सेहो कयल गेल। यूनियन राशन कार्ड सं वंचित लोक कें कार्ड उपलब्ध करेनाइ, कर्ज माफ करेनाइ, भूमिहीन परिवार कें बासलेल पांच-पांच डिसमिल जमीन देनाइ तथा पर्चाधारी सभ कें दखल-कब्जा देबाक मांग कयलक। भूदानपर्चाधारी सभक परिमार्जन कए तत्काल राजस्व रसीद काटबाक, किसान कें उचित मूल्य पर यूरिया-डीएपीउपलब्ध करेनाइ आ न्यूनतम समर्थन मूल्य सुनिश्चित करबाक मांग सेहो राखल गेल। एकर अतिरिक्तफर्जी निजी विद्यालय, नर्सिंग होम आ जांच घर पर कारबाइ, रसोइया सहित संविदा कर्मी आ स्कीम वर्करकें नियमित करैत 26 हजार टाका न्यूनतम वेतन देनाइ, बंद नल-जल योजना चालू करेनाइ, राजस्व महाअभियान-2025 केर आवेदनक शीघ्र निष्पादन तथा पेंशन, पारिवारिक लाभ आ कन्या विवाह योजनाक लंबित भुगतानक मांग कयल गेल। जिला अध्यक्ष राम नारायण यादव कहलनि जे सरकारक नीति सं ग्रामीण गरीब आ मजदूर सभ प्रभावित भए रहल छथि। अंचल सचिव राम कृष्ण यादव चेतावनी देलनि जे 15 दिनक भीतर मांग पर कारबाइ नहि भेल तं प्रखंड सं जिला धरि अनिश्चितकालीन आंदोलन शुरू कयल जायत। धरना मे हारून, देव नारायण यादव, उदित नारायण राम, सुदी लाल यादव, अजीत कुमार मंडल, राम बाबू साह, फूल सागर यादव, भागवत चौपाल, राजदेव राम, दुखनी देवी, मुन्नी देवी, शहनाई खातून, सबरी खातून सहित दर्जनों कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

दरभंगा मे प्रदूषण नियंत्रण कक्ष फेर होयत चालू

तीन बरख सं बंद कक्ष कें चालू करबाक नगर विकास विभागक निर्देश

दरभंगा, समदिया



दरभंगा नगर मे बढ़ैत वायु प्रदूषण पर नियंत्रण लेल आब बिहार राज्य प्रदूषण नियंत्रण बोर्ड द्वारा नियमित निगरानी कयल जायत। नगर निगमक करीब तीन बरख सं बंद पड़ल प्रदूषण नियंत्रण कक्ष कें शीघ्र चालू करबाक निर्देश नगर विकास विभाग द्वारा देल गेल अछि। सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुरक पहल पर ई कारबाइ सामने आयल अछि। दरभंगा नगर सहित जिलाभरि मे बढ़ैत धूल आ वायु प्रदूषण सं आम लोकक स्वास्थ्य प्रभावित भए रहल अछि। विशेष रूप सं बच्चा, बुजुर्ग तथा श्वास आ एलर्जी सं पीड़ित लोक सभ कें परेशानी भए रहल अछि। नगर निगमक पार्षद आ सामाजिक संगठन सभ एहि समस्या सं सांसद कें अवगत करौने छलाह। सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे ओ 20 अगस्त 2026 कें मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ नगर विकास विभागक अधिकारी सभक ध्यान एहि समस्या दिस आकृष्ट करौने छलाह। एहि पर नगर विकास विभागक पत्रांक 3363, दिनांक 3 सितंबर 2026क माध्यम सं बंद प्रदूषण नियंत्रण कक्ष कें पुनः चालू करबाक तथा बिहार राज्य प्रदूषण नियंत्रण बोर्डक माध्यम सं प्रदूषणक सतत निगरानी रखबाक जानकारी देल गेल अछि। ओ कहलनि जे प्रदूषण मापक उपकरणक मरम्मति अथवा नव उपकरण लगाकऽ नियमित एक्यूआइ निगरानीसुनिश्चित करबाक आग्रह कयल गेल छल। संगहि शहर मे धूल नियंत्रण लेल नियमित जल छिड़काव, यांत्रिक सड़क सफाई, प्रभावी कचरा प्रबंधन तथा निर्माण स्थल सभ पर पर्यावरणीय मानकक कड़ाइ सं पालन करबाक आवश्यकता पर जोर देल गेल। नगर विकास आ आवास विभाग तथा बिहार राज्य प्रदूषण नियंत्रण बोर्डक संयुक्त निरीक्षण सं समयबद्ध कार्ययोजना तैयार कयल जायत। सांसद कहलनि जे प्रदूषण नियंत्रण लेल शुरू भेल ई पहल जनस्वास्थ्य आ पर्यावरण संरक्षणक दृष्टि सं महत्वपूर्ण साबित होयत।

नगर परिषदक वार्ड सभ मे चलल बुलडोजर, एक दर्जन सं बेसी अतिक्रमण खाली

झंझारपुर, समदिया

» भारी पुलिस बलक उपस्थित मे कारबाइ, बेलारहीक वार्ड-11 मे सेहो चलत अभियान

झंझारपुर नगर परिषद क्षेत्र मे अतिक्रमणक विरुद्ध प्रशासनक अभियान तेज भए गेल अछि। नगर परिषद प्रशासन द्वारा वार्ड संख्या-03 आ 04 मे बुलडोजर चलाकए एक दर्जन सं बेसी अतिक्रमण केंहटाओल गेल। मजिस्ट्रेटक रूप मे नगर परिषदक स्वच्छता प्रभारी दीपक कुमारक नेतृत्व मे कारबाइ कयल गेल। अभियानक दौरान सिटी मैनेजर संजय कुमार, जूनियर इंजीनियर दीपक राजक संग मधुबनी सं आयल क्यूआरटी-03 टीम तथा पुलिस लाइन सं महिला आ पुरुष पुलिस बलक भारी संख्या मे तैनातीछल। स्वच्छता प्रभारी दीपक कुमार बतौलनि जे वार्ड संख्या-03 मे ब्रह्म स्थान सं बेहरा चौक धरि सड़कककात अतिक्रमण कए बनाओल गेल करीब 20 घर कें हटाकए जगह खाली कराओल गेल। ओतहि वार्ड संख्या-04 मे एकटा अस्थायी अतिक्रमण हटाओल गेल। नगर परिषदक कार्यपालक पदाधिकारी मनोज कुमार कहलनि जे शहर कें जाममुक्त करबाक आ सड़क चौड़ीकरणक उद्देश्य सं अतिक्रमण हटाबयकअभियान लगातार जारी रहत। अगिला चरण मे बेलारहीक वार्ड संख्या-11 मे सेहो अतिक्रमणमुक्त अभियान चलाओल जायत।

झंझारपुर लौकहा रेलखंडक पुबारी टोला लगक घटना

रेलवे ट्रैकक नीचां सं अज्ञात युवकक सड़ल शव बरामद, इलाका मे सनसनी

» पुलिस शव कें कब्जा मे लए जांच शुरू केलक
» डीएनए जांच लेल दरभंगा लैब पठाओल जायत

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर-लौकहा रेलखंड मे पुबारी टोला लग रेलवे ट्रैकक नीचां सं एकटा अज्ञात युवकक सड़ल-गलल शव बरामद भेलाक बाद इलाका मे सनसनी पसरि गेल। घटनाक सूचना भेटितहि हजारो लोक रेलवे ट्रैकक दुनू कात शव देखबाक लेल जुटि गेलाह। बताओल जाइत अछि जे रेलवे ट्रैक सं आबि-जा रहल लोक सभ कें दुर्गंध महसूस भेल। एहि पर लोक सभ नीचां झांकि कए देखलनि तं एक युवकक शव पड़ल छल। देखलासं प्रतीत भए रहल छल जे शव करीब 20 सं 25 दिन पुरान अछि। शव पूर्ण रूप सं सड़ि-गलि गेल छल आ मांस सेहो गलि गेल छल। एहि कारण शवक पहचान करब कठिन भए रहल अछि। शव रेलवे ट्रैकक नीचां एहि अवस्था मे पड़ल छल जे माथ ऊपर दिस आ पैर नीचां दिस छल। घटनाक सूचना भेटितहि झंझारपुर टाउन थाना अध्यक्ष सुनील कुमार सिंह आ एसआइ बिहारी आलम पुलिस बलक संग घटनास्थल पर पहुंचला। पुलिस शव कें अपन कब्जा मे लए कागजी प्रक्रिया पूरा कयलनि।थाना अध्यक्ष सुनील कुमार सिंह कहलनि जे अज्ञात शव कें जांच लेल दरभंगा लैब पठाओल जायत। डीएनए जांचक माध्यम सं शवक पहचान करबाक प्रयास कयल जायत। रेलवे ट्रैकक नीचां युवकक शव कोना पहुंचल, ई सवाल आबो रहस्य बनल अछि। स्थानीय लोक सभ मे चर्चा अछि जे युवकक मृत्यु ट्रेन सं खसलाक कारण भेल अछि अथवा ई कोनो आपराधिक घटनाक परिणाम अछि। मुदा पुलिसक कहब अछि जे जांच पूरा भेला बादे घटनाक वास्तविक कारण स्पष्ट भए सकत।

नव उर्वरक वितरण नीति सं किसान परेशान

दोकान पर नहि भेटि रहल अछि उर्वरक, क्यूआर कोड नहि खुजला सं बढ़ल समस्या

मधुबनी, समदिया

लदनिया प्रखंड सहित जिलाक कतेको क्षेत्र मे अमृत तुल्य बरखा भेलाक बाद आब किसान सभ कें अपन खेत मे लागल धानक फसल मे उर्वरक देबाक लेल बहुत परेशानी भए रहल अछि। उर्वरक लेल किसान जखन खाद-बीज भंडार पर पहुंचैत छथि तं उर्वरक विक्रेता द्वारा हुनका सभ कें ऑनलाइन आवेदन कए आवेदनक बाद कंप्यूटर जनित क्यूआर कोड लए कए आबय लेल कहल जाइत अछि। किसान सभ बहुत कठिनाइ सं कतहु सं ऑनलाइन आवेदन करबैत छथि। आवेदनक क्रम मे सेहो हुनका सभ कें कतेको समस्या झेलय पड़ैत अछि। पहिने आधार सत्यापन होइत अछि, तकर बाद मोबाइल सत्यापन कयल जाइत अछि। एकरा बाद जाहि खेसरा मे फसल लागल अछि, आवेदनक समय ओहि खेसराक विवरण देनाइ आवश्यक अछि। मुदा अंचल कार्यालयक उदासीनताक कारण बहुत रास खेसरा जमाबंदी मे ऑनलाइन अद्यतन नहि रहबाक कारण उर्वरक खरीद लेल कयल जा रहल आवेदन अस्वीकार भए जाइत अछि। एहि समस्या बावजूद किसान सभ रो-गा कए कोनो तरह आवेदन करबैत छथि आ क्यूआर कोड लए कए दोकानदारक लग पहुंचैत छथि। दोकान पर पहुंचला पर हुनकर क्यूआर कोड सरकार द्वारा उर्वरक विक्रेता सभ कें उपलब्ध कराओल गेल मशीन पर खुलि नहि पाबि रहल अछि। एहि कारण उर्वरक विक्रेता किसान सभ कें उर्वरक नहि दए रहल छथि। एहन स्थिति मे किसान सभक समक्ष सवाल अछि जे ओ की करथि। किसान सभक कहब अछि जे यदि एहि तरहक व्यवस्था रहल तं खेती करब कठिन भए जायत। कतेको किसान खेती छोड़बाक मन बना रहल छथि। स्थानीय किसान सभक अनुसार क्षेत्रक करीब 95 प्रतिशत किसानक आर्थिक स्थिति एहन अछि जे ओ पहिने सं उर्वरकक भंडारण कए नहि राखि सकैत छथि। किसान शिवनाथ चौधरी, आसीमानंद, अशोक, राजीव कुमार, दिलीप यादव आदि कहलनि जे अगिला बरख सं खेती छोड़ि दिल्ली-पंजाब जा कए मजदूरी करबाक सोचि रहल छी।किसान रंजीत कुमार कहलनि जे चारि दिन सं इफ्को बाजार फ्रेंचाइजी पर आबि कए परेशान छी। खेतक पानि सुखि रहल अछि। उर्वरक विक्रेताक भंडार मे उर्वरक उपलब्ध अछि, मुदा सरकारक गलत व्यवस्थाक कारण किसान कें उर्वरक नहि भेटि रहल अछि। किसान सभक कहब अछि जे एहि तरहक समस्या प्रखंड क्षेत्रक सभ 65टा उर्वरक दोकान पर देखय लेल भेटि रहल अछि। सरकारक दिस सं किसान सभ कें तकनीकी प्रशिक्षण नहि भेटबाक कारण सेहो एहन परेशानी उत्पन्न भए रहल अछि। किसान सभ मांग कयलनि जे उर्वरक वितरणक प्रक्रिया सरल बनाओल जाय आ तकनीकी समस्या केर तत्काल समाधान कय समय पर उर्वरक उपलब्ध कराओल जाय।

एलपीजी रिफिल बुकिंगक विराम घटल, आब 25 दिन मे होयत बुकिंग

ग्रामीण उपभोक्ता कें राहति, शहरी ग्रामीण क्षेत्र लेल समान व्यवस्था लागू

सहरसा, समदिया

घरेलू एलपीजी उपभोक्ताक लेल केंद्र सरकार रिफिल बुकिंगक विराम मे बदलाव कयलक अछि। पेट्रोलियम एवं प्राकृतिक गैस मंत्रालय शहरी आ ग्रामीण क्षेत्रक सभ घरेलू एलपीजी उपभोक्ताक लेल समान रूप सं25 दिनक रिफिल बुकिंग विराम निर्धारित कयलक अछि। एहि संबंध मे मंत्रालय 7 सितंबर 2026 कें इंडियन ऑयल कॉरपोरेशन लिमिटेड, भारत पेट्रोलियम कॉरपोरेशन लिमिटेड आ हिंदुस्तान पेट्रोलियम कॉरपोरेशन लिमिटेडक अध्यक्ष सहप्रबंध निदेशक कें पत्र पठाकए तत्काल आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देशदेलक अछि। मंत्रालयक अनुसार, फरवरी 2026 मे मध्य पूर्व मे संघर्ष शुरू भेलाक बाद एलपीजीक आपूर्ति आ उपलब्धता कें ध्यान मे रखैत मांग प्रबंधनक अंतर्गत रिफिल बुकिंगक समय-सीमा तय कयल गेल छल। तखन शहरी क्षेत्र मे 25 दिन आ ग्रामीण क्षेत्र मे 45 दिनक विराम निर्धारित छल। आब एलपीजी आपूर्तिक स्थिति मे सुधार आ रिफिल बैकलॉग मे पर्याप्त कमी भेलाक बाद एहि व्यवस्था मे संशोधन कयल गेल अछि। नव व्यवस्था अनुसार ग्रामीण क्षेत्रक उपभोक्ता सेहो आब 25 दिनक विराम परएलपीजी रिफिल बुक करा सकताह। मंत्रालय शहरी आ ग्रामीण दुनू क्षेत्र मे संशोधित विराम तत्कालप्रभाव सं लागू करबाक निर्देश देलक अछि। हालांकि, स्थानीय जिला प्रशासनक दिस सं एहि संबंध मे फिलहाल कोनो अलग पत्र अथवा आदेश जारी नहि कयल गेल अछि। स्थानीय स्तर पर व्यवस्था संबंधित एलपीजी तेल विपणन कंपनी द्वारा मंत्रालयक निर्देशानुसार लागू कयल जायत। आदेश सक्षम प्राधिकारीक स्वीकृतिक बाद जारी कयल गेल अछि।

95 भूमिहीन परिवार कें भेटल जमीनक बंदोबस्ती पर्चा

अभियान बसेरा 2 अंतर्गत विधायक लाभुक सभक बीच कयलनि पर्चा वितरण

सिमरी बख्तियारपुर, समदिया

सिमरी बख्तियारपुर प्रखंड मुख्यालय स्थित सभागार मे मंगलदिन अभियान बसेरा-2 योजना अंतर्गत सम्हारखुर्द आ कबीरा पंचायतक 95 भूमिहीन परिवारक बीच जमीनक बंदोबस्ती पर्चा वितरित कयल गेल। विधायक संजय कुमार सिंह लाभुक परिवार कें अपन हाथ सं पर्चा प्रदान कयलनि। बहुत दिन सं जमीनकअभाव मे झुग्गी-झोपड़ी आ अस्थायी आवास मे रहि रहल परिवार लेल पर्चा भेटब पैघ राहति मानल जारहल अछि। पर्चा वितरण समारोह कें संबोधित करैत विधायक संजय कुमार सिंह लाभुक परिवार कें शुभकामना देलनि। ओ कहलनि जे गरीब आ जरूरतमंद परिवार कें हुनकर अधिकार देबाक लेल एनडीएसरकार लगातार जनकल्याणकारी योजना लागू कए रहल अछि। प्रत्येक भूमिहीन परिवार कें जमीन आ आवास उपलब्ध कराबयक दिशा मे निरंतर प्रयास भए रहल अछि। ओ कहलनि जे भूमिहीन परिवार कें अपन जमीन भेटब हुनकर जीवन मे स्थायित्व, सम्मान आ सुरक्षित भविष्यक दिशा मे महत्वपूर्ण कदमअछि। विधायक लाभुक सभ सं बच्चाक शिक्षा कें प्राथमिकता देबाक अपील करैत कहलनि जे शिक्षाबच्चाक उज्ज्वल भविष्यक मजबूत आधार अछि। कार्यक्रम मे प्रखंड प्रमुख सरिता संगम, बीडीओ वीरेंद्रकुमार, सीओ रवि कुमार आ आरओ सचिन आनंदक संग लोजपा प्रखंड अध्यक्ष अरुण यादव, भाजपा मंडलअध्यक्ष ललन जायसवाल सहित कालिकांत निषाद, लच्छेंद्र सिंह, मुरारी प्रसाद सिंह, सर्वेश साह, अशोक सिंह,छोटू सिंह, मनोरंजन सिंह सहित अन्य जनप्रतिनिधि, पार्टी पदाधिकारी आ स्थानीय लोक उपस्थित छलाह।

मिशन 90 डेज अभियान मे जिलाक पहिल बाल श्रम मुक्त पंचायत घुरघुरा हनुमाननगर

सामूहिक प्रयास सं भेटल ऐतिहासिक उपलब्धि

सीतामढ़ी, समदिया

बाल श्रमक विरुद्ध श्रम संसाधन एवं प्रवासी श्रमिक कल्याण विभाग द्वारा चलाओल जा रहल मिशन 90 डेज अभियान अंतर्गत सोनबरसा प्रखंडक घुरघुरा हनुमाननगर पंचायत कें जिला के पहिल बाल श्रम मुक्तपंचायत घोषित कयल गेल अछि। ई उपलब्धि ग्राम पंचायत, पुलिस प्रशासन, संबंधित विभाग, अदिथी कवचपरियोजना, बाल कल्याण एवं संरक्षण समिति आ पंचायतवासी सभक संयुक्त प्रयास सं संभव भेल अछि।पंचायत भवन परिसर मे मुखिया सह पंचायत स्तरीय बाल कल्याण एवं संरक्षण समितिक अध्यक्ष नुशरतजहांक नेतृत्व मे विशेष ग्रामसभा सह बाल श्रम मुक्त पंचायत घोषणा कार्यक्रम आयोजित भेल। एहिदौरान जनप्रतिनिधि, पदाधिकारी, पंचायत प्रतिनिधि आ ग्रामीण सभक सर्वसम्मति सं पंचायत कें बाल श्रम मुक्त घोषित कयल गेल। प्रखंड विकास पदाधिकारी सह प्रखंड स्तरीय बाल कल्याण एवं संरक्षण समितिक सह-अध्यक्ष मृत्युंजय कुमार कहलनि जे बाल श्रम मुक्त पंचायत बनब गौरवक क्षण अछि। एहि उपलब्धिकें कायम रखबाक लेल सामूहिक प्रयास आवश्यक अछि। मुखिया नुशरत जहां आ समाजसेवी ज्याउद्दीनउर्फ तन्नु कहलनि जे ई घोषणा बच्चाक अधिकार, शिक्षा, सुरक्षा आ सम्मानक निरंतर रक्षा करबाक सामूहिक संकल्पक जीत अछि। अदिथी कवच परियोजनाक कार्यक्रम प्रबंधक रोहित सिंह पंचायतवासी केंबधाई दैत कहलनि जे ई उपलब्धि सामूहिक इच्छाशक्ति आ सामुदायिक सहभागिताक परिणाम अछि तथाअन्य पंचायत लेल प्रेरणादायक बनि सकैत अछि। ग्रामसभा मे बाल श्रमक पुनरावृत्ति रोकबाक लेल 20सदस्यीय विशेष निगरानी समितिक गठन सेहो कयल गेल। समिति संभावित मामिलाक निगरानी करबाकसंग बच्चा कें शिक्षा सं जोड़बाक काज करत। बाल श्रम मुक्त पंचायत निर्माण मे योगदान लेल मुखिया नुशरत जहां, ज्याउद्दीन उर्फ तन्नु, विद्यालयक प्रधानाध्यापक, वार्ड सदस्य, सामाजिक कार्यकर्ता मो. कमरअख्तर, अदिथी कवच परियोजनाक प्रखंड समन्वयक शिव दुलारी देवी सहित 30 लोक कें सम्मानितकयल गेल। कार्यक्रमक अंत मे उपस्थित लोक सभ संकल्प लेलनि जे पंचायत मे कोनो बच्चा सं श्रम नहि कराओल जायत आ प्रत्येक बच्चा कें शिक्षा, सुरक्षा, सम्मान आ नीक भविष्यक अवसर उपलब्ध कराओल जायत।

जदयू संगठन कार्यकर्ताक ताकति पर आधारित अछि : संजय झा

दरभंगा, समदिया

जदयू केर राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष सह सांसद संजय झाक कार्यकर्ता संवाद कार्यक्रम मे शामिल होयबाक लेल दरभंगा पहुंचलाक बाद पार्टी कार्यकर्ता सभ मे खासा उत्साह देखल गेल। विधायक सह जदयूजिलाध्यक्ष राजेश कुमार उर्फ ईश्वर मंडलक नेतृत्व मे हजारो कार्यकर्ता हुनकर गर्मजोशी सं स्वागत कयलनि। एहि दौरान कार्यकर्ता सभ पार्टीक प्रति अपन एकजुटता आ प्रतिबद्धता प्रदर्शित कयलनि।कार्यकर्ता संवाद कार्यक्रमक दौरान जन सुराज पार्टीक जिला प्रवक्ता सुदर्शन झा, अभिषेक कुमार आ शंकर कुमार सहित सैकड़ो लोक जदयू केर सदस्यता ग्रहण कयलनि। संजय झा नव सदस्य सभक स्वागत करैत हुनका सभ कें पार्टीक सदस्यता दिलौलनि। एहि अवसर पर संजय झा कहलनि जे पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे बिहार लगातार विकासक बाट पर आगू बढ़ि रहल अछि। जदयू केर नीति, विकास कार्य आ सुशासनक प्रति लोकक विश्वास मजबूत भेल अछि। पैघ संख्या मे लोकक पार्टी सं जुड़ब एहि जनविश्वासक प्रमाण अछि। ओ कहलनि जे जदयू केर संगठन कार्यकर्ता सभक ताकत पर आधारित अछि। कार्यकर्ता संवादक माध्यम सं पार्टी कें बूथ स्तर धरि बेसी मजबूत कयल जायत। नव साथी सभक जुड़लाक बाद संगठन कें नव ऊर्जा भेटत। जिलाध्यक्ष ईश्वर मंडल कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारकविकास आ सुशासनक मॉडल सं प्रभावित भए लगातार लोक जदयू सं जुड़ि रहल छथि। नव साथी सभक अनुभव आ ऊर्जा सं संगठन आरो मजबूत होयत।

विकसित भारत क्विज मे युवा सं भाग लेबाक अपील

सहरसा, समदिया

» 15 सं 29 वर्षक युवा लए सकताह हिस्सा, राष्ट्रीय मंच पर विचार रखबाक भेटत अवसर

युवा कार्यक्रम एवं खेल मंत्रालय, भारत सरकार तथा मेरा युवा भारत, सहरसा देहातक तत्वावधान मे युवाक प्रतिभा, नेतृत्व क्षमता आ रचनात्मक सोच कें प्रोत्साहित करबाक उद्देश्य सं विकसित भारत क्विज प्रतियोगिताक आयोजन कयल जा रहल अछि। जिला युवा अधिकारी तृप्ति जैन जिलाक पात्र युवा सभ सं प्रतियोगिता मे बेसी सं बेसी संख्या मे भाग लेबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे विकसित भारत 2047 केर दृष्टिकोणक अनुरूप राष्ट्रीय युवा महोत्सव कें पुनर्गठित कए विकसित भारत युवा संवादक रूपदेल गेल अछि। एहि क्रम मे 30म राष्ट्रीय युवा महोत्सव—विकसित भारत युवा संवाद 2027 केरआयोजन प्रस्तावित अछि। एकर उद्देश्य 15 सं 29 वर्षक युवा सभ कें राष्ट्र निर्माण मे सक्रिय भागीदारीलेल प्रेरित करब अछि।= प्रतियोगिता पांच चरण मे होयत। एहि मे क्विज प्रतियोगिता, निबंध लेखन, जिला स्तरीय चैंपियनशिप आ प्रस्तुतीकरण, राज्य स्तरीय विकसित भारत युवा संवाद आ प्रस्तुतीकरण तथा राष्ट्रीय स्तर पर संवाद आ प्रस्तुतीकरण शामिल अछि। राष्ट्रीय स्तर पर चयनित प्रतिभागी कें प्रधानमंत्रीक समक्ष अपन विचार रखबाक अवसर भेटत। प्रतियोगिता मे भागीदारी पूर्णतः निःशुल्क अछि। पंजीकरण आ दिशा-निर्देशकजानकारी माय भारत पोर्टल पर उपलब्ध अछि।

कर्नल सीके नायडू ट्रॉफीक फिटनेस सिल कैंप लेल आयुष आनंद चयनित

बीसीसीआईक घरेलू टूर्नामेंट लेल बिहारक 68 खेलाड़ी मे फ्रेंड्स इलेवनक आयुषक नाम

सहरसा, समदिया

बीसीसीआई द्वारा आयोजित होयवला कर्नल सीके नायडू ट्रॉफी लेल बिहार क्रिकेट संघ द्वारा आयोजित फिटनेस आ स्किल कैंपक लेल चयनित 68 खेलाड़ी मे फ्रेंड्स इलेवन क्रिकेट क्लबक खेलाड़ी आयुष आनंद कें सेहो शामिल कयल गेल अछि। बिहार क्रिकेट संघ द्वारा आयोजित घरेलू टूर्नामेंट मे लगातार नीक प्रदर्शनक आधार पर आयुषक चयन भेल अछि। आयुष आनंदक चयन सं फ्रेंड्स इलेवन क्रिकेट क्लब सहित जिलाक क्रिकेट खेलाड़ी सभ मे हर्षक माहौल अछि। क्लबक सदस्य सभ कहलनि जे आयुषक चयन जिलाक उभरैत खेलाड़ी सभ लेल प्रेरणादायक अछि। एहि सं खेलाड़ी सभक उत्साह बढ़त आ ओ नियमित अभ्यास आ मेहनतक संग नीक प्रदर्शन करबाक लेल प्रेरित हेताह। खेलाड़ी सभ आशा व्यक्त कयलनि जेएहि तरहें मेहनत कए ओ सभ सेहो जिला आ राज्य स्तरक टीम मे स्थान बनाकए अपन भविष्य कें नीक दिशा दए सकताह। आयुषक चयन पर जिला क्रिकेट संघक अध्यक्ष सुरेंद्र कुमार, उपाध्यक्ष आशीष कुमार कात्यायन, सचिव बिश्वजीत बनर्जी, संयुक्त सचिव आशुतोष आनंद, कोषाध्यक्ष असफहान खानक संग डॉ. विमल भारती, शैलेश झा, निखिल कुमार सिंह आ मुकेश कुमार झा बधाई देलनि। सभ गोटे आयुष कें राज्य टीम मे चयनित होयबाक शुभकामना देलनि।

विश्व साक्षरता दिवस पर फोनिक्स टू फ्लुएंसी पुस्तकक लोकार्पण

भाषा विज्ञान आ अंग्रेजी सीखब मे उपयोगी पुस्तक

दरभंगा, समदिया

विश्व साक्षरता दिवसक अवसर पर मंगलदिन स्थानीय चंद्रधारी मिथिला विज्ञान महाविद्यालयक सेमिनार हॉल मे सेवानिवृत्त अंग्रेजी विभागाध्यक्ष डॉ. इंदिरा झा लिखित पुस्तक फोनिक्स टू फ्लुएंसीक लोकार्पण समारोह आयोजित कयल गेल। कार्यक्रमक शुरुआत सरस्वती वंदना आ अतिथि सभ द्वारा दीप प्रज्वलनसं भेल। अतिथि सभक स्वागत मिथिलाक परंपरा अनुसार पाग-चादर सं कयल गेल। मुख्य वक्ता सीएम साइंस कॉलेजक प्रधानाचार्य प्रो. संजीव कुमार मिश्र कहलनि जे ई पुस्तक छोट बच्चा सं लए कए पीएचडीक विद्यार्थी धरि लेल उपयोगी अछि। अंग्रेजी सीखबाक जिज्ञासु अभिभावक सेहो एहि सं लाभ उठा सकैत छथि। ओ पुस्तकक विषय-वस्तुक सराहना करैत कहलनि जे लेखिका अपन व्यावहारिक अनुभवकआधार पर एकरा विस्तार देलनि अछि। डॉ. ए.के. बच्चन आ डॉ. पुनीता झा पुस्तक कें भाषा विज्ञानकविद्यार्थी लेल उपयोगी बतौलनि। अध्यक्षीय संबोधन मे प्रधानाचार्य प्रो. मुश्ताक अहमद कहलनि जे ई पुस्तक प्रत्येक भाषा शिक्षक, विद्यार्थी आ शोधार्थी लेल महत्वपूर्ण अछि। लेखिका डॉ. इंदिरा झा कहलनिजे पुस्तक लेखन मे नेत्रम अकादमीक दृष्टिबाधित बच्चा सभ सं भेटल प्रेरणाक महत्वपूर्ण भूमिका रहल। कार्यक्रमक संचालन डॉ. कृष्णानंद मिश्रा कयलनि, जखन कि डॉ. कुमार गौरव धन्यवाद ज्ञापन कयलनि।

अनुमंडल पदाधिकारी सभ बीडीओ आ बीपीआरओक संग कयलनि समीक्षात्मक बैसार

भूमिहीन विद्यालय कें जमीन उपलब्ध कराबय लेल तत्क्षण भूमि उपलब्ध कराउ : एसडीओ

बेनीपट्टी, समदिया

अनुमंडल कार्यालय स्थित एसडीओ कार्यालय प्रकोष्ठ मे अनुमंडल पदाधिकारी शारंग पाणि पांडेयक अध्यक्षता मे सभ बीडीओ आ बीपीआरओक संग समीक्षात्मक बैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे प्रखंड स्तर पर संचालित विभिन्न योजनाक गहन समीक्षा कयल गेल। एहि मे लोहिया स्वच्छ बिहार अभियान,पीएम आवास योजना, पेंशन सहित अन्य योजना शामिल छल। एसडीओ कहलनि जे सरकार द्वारा देल गेल दिशा-निर्देशक अनुरूप सभ काज निर्धारित समय-सीमा मे पूरा कराउ, जाहि सं आम लोक कें कोनो प्रकारक कठिनाइ नहि हो। बैसार मे शिक्षा विभागक काजक सेहो समीक्षा कयल गेल। एसडीओ सभबीडीओ कें भूमिहीन विद्यालयक सूची पुनः उपलब्ध करबैत निर्देश देलनि जे एहन विद्यालयक लेलअंचल अधिकारी सं समन्वय स्थापित कए तत्क्षण भूमि उपलब्ध कराओल जाय। ओ कहलनि जे जाहिविद्यालय लग जमीन अछि, मुदा भवन नहि अछि, अथवा जमीन आ भवन दुनू होयबाक बावजूद बुनियादी सुविधा उपलब्ध नहि अछि, संगहि जाहि विद्यालय धरि संपर्क पथ नहि अछि, ताहि विद्यालय लेल प्राथमिकताक आधार पर योजना चयन कयल जाय। एहि सं विद्यालयक आधारभूत संरचना सुदृढ़ कयल जा सकत। बैसार मे बीडीओ बेनीपट्टी महेश्वर पंडित, बसंत कुमार सिंह, रविशंकर पटेल, मनोज मुर्मू, बीपीआरओ मधुकर कुमार, अशोक कुमार सहित अन्य पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।

अतिक्रमित भूमि खाली करबाक आदेशक विरोध मे प्रदर्शन

दोकान घर हटेबाक फरमानक बाद स्थानीय लोकक चक्का जाम

जनकपुरधाम, समदिया

जनकपुरधामक पोखरिक अतिक्रमित भूमि पर बनल घर आ दोकान कें हटेबाक लेल राज गुठी द्वारा एक सप्ताहक भीतर जगह खाली करबाक फरमान जारी कयलाक बाद स्थानीय लोक विरोध प्रदर्शन कयलनि। जनकपुरधाम उपमहानगरपालिका वार्ड संख्या-14, रजौल क्षेत्रक स्थानीय नागरिक पिराड़ी चौक पर प्रदर्शनकरैत चक्काजाम कयलनि। एहि कारण करीब दू घंटा धरि यातायात बाधित रहल। बाद मे पुलिसक हस्तक्षेप सं यातायात सुचारू कयल गेल। अतिक्रमित भूमिपर घर आ दोकान बनाकऽ रहि रहल लोक गुठी संस्थानक विरोध मे नारेबाजी कयलनि। स्थानीय लोकक आरोप अछि जे गुठी संस्थानक पदाधिकारी मात्रगरीब लोक कें जगह खाली करबाक फरमान देलनि, जखन कि पोखरिक भूमि अतिक्रमण कए पैघ-पैघमकान आ होटल बनौनिहार सभक विरुद्ध कोनो कारबाइ नहि कयल जा रहल अछि। प्रदर्शनकारी सभककहब अछि जे जाहि भूमि पर ओ सभ घर बनौने छथि, तकर मालिकाना हक संबंधी लालपूर्जा अर्थात् जमीनक कागजात हुनका सभ लग अछि। स्थानीय नागरिक 2046 केर भूमि अधिनियम लागू करबाक मांग कयलनि। प्रदर्शनकारी सभ कहलनि जे अतिक्रमण हटेबाक कारबाइ मे सभक लेल समान नीतिअपनाओल जाय आ गरीब परिवार कें जबरन विस्थापित नहि कयल जाय।

देशज ज्ञान मे संकट सं बचावक उपाय निहित अछि

वीरेंद्र कुमार

हम हिमालय वा अन्य कोनो क्षेत्रक प्राकृतिक संसाधनक जतबा उपभोग अथवा अपव्यय कए रहल छी, प्राकृतिक रूप सं ओतबा संसाधन उत्पन्न नहि भए रहल अछि। जैव-विविधताक क्षेत्र मे सेहो उपभोग आ पर्यावरणीय आघातक कारण जे जैविक जाति-प्रजाति संकटग्रस्त भए गेल अछि अथवा समाप्त भए गेल अछि, तकर भरपाई करब कठिन अछि। क्षेत्रीय स्तर पर तं अतिदोहनक बाद कतेको जड़ी-बूटी एहन अछि, जे पुनः स्थापितो नहि भए पबैत अछि। एकर प्रतिकूल प्रभाव पारिस्थितिक तंत्रक सेवा-क्षमता आ ओकर प्रवाह पर पड़ैत अछि। मौसिम मे भए रहल परिवर्तनक प्रभाव कतेको रणनीति आ वर्तमान कार्यक्रम पर सेहो पड़ि रहल अछि। कोनो प्राकृतिक आपदाक बाद सरकार अध्ययन करयबाक बात करैत अछि, तं बहुत बेर ई राजनीतिक रूप सं समस्या टारबाक प्रक्रिया बनि जाइत अछि। कारण, ता धरि बरखा समाप्त भए जाइत अछि अथवा जंगल मे लागल आगि मौसमी कारण सं अपने बुझि जाइत अछि। सड़कक संरेखनक मामिला मे सेहो एहन स्थिति देखल जाइत अछि। राजनेता अपन वोट-बैंकक कारण एहन क्षेत्र धरि सड़क लए जेबाक दबाव दैत रहैत छथि, जतय सड़क निर्माण सं जलस्रोत आ वन क्षेत्र कें क्षति भए सकैत अछि अथवा नव भूस्खलन क्षेत्रक निर्माण भए सकैत अछि। नदी सं दूर निर्माण करबाक सुझाव सभ सेहो प्रायः नहि मानल जाइत अछि। एहि लेल राजनीतिज्ञ एतबा धरि जा सकैत छथि जे ओहि सभ तर्क कें एकत्र कए देथि, जाहि सं बुग्याल कें बुग्याल मानव धरि अस्वीकार कए देल जाय। नदीक चौड़ाइ पर प्रश्नचिह्न लगा देल जाइत अछि। बांधक जलाशय बनि गेलाक बाद मनमाना स्तर धरि पानि भरबा मे सेहो कोनो संकोच नहि कएल जाइत अछि, अथवा एहि तथ्यक उपेक्षा कए देल जाइत अछि। वर्तमान समय मे दस राष्ट्र आ लगभग 1.90 अरब लोक हिमालय सं प्राप्त सेवा सं लाभान्वित होइत छथि। मुदा स्थानीय लोक मे विद्यमान पारिस्थितिक ज्ञानक समुचित उपयोग नहि भए रहल अछि। जं स्थानीय समुदाय कें काज देल जाय आ हुनकर सहभागिता सुनिश्चित कएल जाय, तं पारिस्थितिक तंत्रक पुनर्वासक लागति कम कएल जा सकैत अछि। नव तकनीकक माध्यम सं नोकसान कम कएल जा सकैत अछि आ अर्थव्यवस्था तथा पारिस्थितिकी - दुनू कें लाभ पहुंचाओल जा सकैत अछि। पारंपरिक बीज संरक्षणक ज्ञान स्थानीय समुदाय सं प्राप्त भए सकैत अछि। एहि ज्ञान सं पहाड़ी कृषि मे जलवायु परिवर्तनक प्रति बेसी सहनशीलता आ अनुकूलनक क्षमता उत्पन्न भए सकैत अछि। आपदाक बीच जीवित रहबाक लेल स्थानीय स्तरक ज्ञान, तकनीक आ अनुभवक दस्तावेजीकरण तथा समयानुकूल उपयोग अत्यंत आवश्यक अछि। एकरा माध्यम सं भविष्यक स्थानीय समुदाय मे ज्ञान आ कौशलक किछु विशिष्ट रूप सेहो विकसित भए सकैत अछि। बाहरी संसार सं संपर्कक अभाव मे दुर्गम क्षेत्रक लोक अपन सुरक्षा आ दैनिक आवश्यकताक पूर्ति लेल आविष्कार आ नवाचार करबाक लेल बाध्य होइत रहल छथि। दुर्गम आ दुरूह पहाड़ मे रहनिहार लोकक लेल पीढ़ी-दर-पीढ़ी आ शताब्दी सं विपरीत परिस्थिति मे जीवित रहबाक लेल स्थानीय तौर-तरीका, औजार आ ज्ञानक विकास तथा संरक्षण आवश्यक रहल अछि। एहन उदाहरण सेहो भेटैत अछि, जखन भूकंपक समय मे पीढ़ी पुरान पहाड़ी मकान अथवा अन्न भंडारणक संरचना सुरक्षित बचि जाइत अछि। सुखाड़, अकाल अथवा अन्य मौसमी संकटक बीच स्थानीय लोक पहाड़क खेत आ जंगल मे उगनिहार एहन वनस्पतिक पहिचान कए लैत छथि, जे जीवित रहबाक लेल भोजनक रूप मे उपयोग कएल जा सकैत अछि। पहाड़ी आपदा मे बचाव आ राहतक काज मे एहि ज्ञान सं महत्वपूर्ण सहायता भेटि सकैत अछि। एहि प्रकारक देशज ज्ञान स्थानीय स्तर पर पीढ़ी-दर-पीढ़ी झेलल प्राकृतिक आपदाक अनुभव आ परिस्थिति सं उत्पन्न होइत अछि। पिछला पीढ़ी एहि ज्ञानक धरोहर कें अगिला पीढ़ी धरि पहुंचा दैत रहल अछि। मुदा आब एहि ज्ञानक निरंतरता बनौने राखब कठिन भए रहल अछि। पहाड़ सं भारी स्तर पर भए रहल पलायन एकर प्रमुख कारण अछि। बाजार-व्यवस्था सं आवश्यकता पूरा होयबाक बढ़ैत प्रवृत्ति आ प्राकृतिक क्षेत्र तथा संसाधन पर लागल कतेको प्रकारक प्रतिबंधक कारण लोकक प्रकृति आ प्राकृतिक संसाधन सं दूरी बढ़ल अछि। एकर परिणामस्वरूप पर्वतीय समुदाय कें प्रकृति कें गहींर रूप सं बुझबाक अवसर सेहो घटल अछि। एहि कारण आपदा-प्रबंधन सं संबंधित देशज ज्ञानक धरोहर सेहो सिमटि रहल अछि। भूगर्भ वैज्ञानिकक अनुसार हिमालयक पहाड़ अत्यंत संवेदनशील संतुलन मे अछि। एतय एहन संरचना सभ अछि, जे आपदा सं सहज रूप सं प्रभावित भए सकैत अछि। भू-उपयोग मे भए रहल परिवर्तन भूपारिस्थितिकी, भू-संस्कृति आ लोकक आवश्यकता तथा पसंद मे सेहो अंतर आनैत अछि। जखन स्थानीय लोक बाहरक वस्तुक मांग करय लगताह, तं निर्भरता बढ़त। बादल फाटला अथवा भीषण बरखा भेलाक समय सड़कक घुमावदार मार्ग आ तीव्र ढलानक कारण पानिक बहाव तथा ओकर शक्ति अप्रत्याशित रूप सं बढ़ि जाइत अछि। एकर परिणामस्वरूप नीचांक घर, खेत, मैदान आ सुखायल नाला मे बजरी, पत्थर आ मलबाक भारी मात्रा आबि कए विनाश करैत अछि। पहाड़ काटि सड़क बनबैत समय प्राकृतिक स्थिर ढलानक संतुलन बिगड़ि जाइत अछि। ई अस्थिर ढलान बादल फाटबाक समय लगातार भूस्खलनक क्षेत्र बनि सकैत अछि। हिमालयक विकास मात्र विज्ञान आ तकनीकक विषय नहि अछि। ई ज्ञान, अनुभव आ परंपराक सेहो विषय अछि। ओतय रहनिहार लोक अपन-अपन स्तर पर जाहि तौर-तरीका सं कठिन परिस्थिति मे बांचि रहल छथि, ताहि पर अपन विज्ञान नहि थोपबाक चाही। जाहि पद्धति सं ओ सफलतापूर्वक अपन जीवन बचबैत आबि रहल छथि, हिमालय सं न्यूनतम संसाधन ग्रहण करैत ओकर पाछांक विज्ञान कें बुझबाक आवश्यकता अछि। तकर बाद ओकरा लेल सहयोगी आ अनुकूल वातावरण तैयार करबाक चाही।

नव तकनीकक माध्यम सं नोकसान कम कएल जा सकैत अछि आ अर्थव्यवस्था तथा पारिस्थितिकी-दुनू कें लाभ पहुंचाओल जा सकैत अछि। पारंपरिक बीज संरक्षणक ज्ञान स्थानीय समुदाय सं प्राप्त भए सकैत अछि। एहि ज्ञान सं पहाड़ी कृषि मे जलवायु परिवर्तनक प्रति बेसी सहनशीलता आ अनुकूलनक क्षमता उत्पन्न भए सकैत अछि। आपदाक बीच जीवित रहबाक लेल स्थानीय स्तरक ज्ञान, तकनीक आ अनुभवक दस्तावेजीकरण तथा समयानुकूल उपयोग अत्यंत आवश्यक अछि। एकरा माध्यम सं भविष्यक स्थानीय समुदाय मे ज्ञान आ कौशलक किछु विशिष्ट रूप सेहो विकसित भए सकैत अछि। बाहरी संसार सं संपर्कक अभाव मे दुर्गम क्षेत्रक लोक अपन सुरक्षा आ दैनिक आवश्यकताक पूर्ति लेल आविष्कार आ नवाचार करबाक लेल बाध्य होइत रहल छथि। दुर्गम आ दुरूह पहाड़ मे रहनिहार लोकक लेल पीढ़ी-दर-पीढ़ी आ शताब्दी सं विपरीत परिस्थिति मे जीवित रहबाक लेल स्थानीय तौर-तरीका, औजार आ ज्ञानक विकास तथा संरक्षण आवश्यक रहल अछि। एहन उदाहरण सेहो भेटैत अछि, जखन भूकंपक समय मे पीढ़ी पुरान पहाड़ी मकान अथवा अन्न भंडारणक संरचना सुरक्षित बचि जाइत अछि। सुखाड़, अकाल अथवा अन्य मौसमी संकटक बीच स्थानीय लोक पहाड़क खेत आ जंगल मे उगनिहार एहन वनस्पतिक पहिचान कए लैत छथि, जे जीवित रहबाक लेल भोजनक रूप मे उपयोग कएल जा सकैत अछि। पहाड़ी आपदा मे बचाव आ राहतक काज मे एहि ज्ञान सं महत्वपूर्ण सहायता भेटि सकैत अछि। एहि प्रकारक देशज ज्ञान स्थानीय स्तर पर पीढ़ी-दर-पीढ़ी झेलल प्राकृतिक आपदाक अनुभव आ परिस्थिति सं उत्पन्न होइत अछि। पिछला पीढ़ी एहि ज्ञानक धरोहर कें अगिला पीढ़ी धरि पहुंचा दैत रहल अछि। मुदा आब एहि ज्ञानक निरंतरता बनौने राखब कठिन भए रहल अछि। पहाड़ सं भारी स्तर पर भए रहल पलायन एकर प्रमुख कारण अछि।

नक्शा पर खींचल लकीर भारत-चीन विवादक समाधान नहि करत, एकर जड़ि शीत युद्ध सं जुड़ल अछि

प्रवीण स्वामी

मुइल लोकक हड्डी सभ ढेर मे पड़ल अछि, चारूकात खून बहि रहल अछि आ जमीन पर सटल अछि। धरती सुखि कए झरकि गेल अछि आ जखन अहां चारूकात देखैत छी तं हृदय दुखित भए जाइत अछि, हारमोनियम बजौनिहार युद्ध सरदार जनरल मा झोंगयिंग लिखने छलाह। हुनका जनरल बिग हॉर्सक नाम सं सेहो जानल जाइत छल। जे स्थान पहिने स्वर्ग जकां छल, से आब नोर मे डूबल देवता आ कानैत आत्माक घर बनि गेल अछि। 1933 मे मात्र 23 वर्षक आयु मे जनरल मा झोंगयिंग पछिला चारि वर्ष शिनजियांगक नगर आ मरुद्यान सभ मे विध्वंस मचबैत बितौने छलाह। ओ कजाख, उइगर आ हुई मुसलमान सभ कें जातीय हान लोकनिक विरुद्ध विद्रोह करबाक आ मध्यकालीन विजेता तैमूरक राज्य पुनः स्थापित करबाक लेल आह्वान करैत छलाह। युद्ध आ अकालक कारण हजारो लोक मारल गेलाह। अमेरिकी राजनयिक सभक अनुसार, नरभक्षण सेहो सामान्य भए गेल छल। पछिला मास राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजीत डोभाल आ चीनक विदेश मंत्री वांग यी बीच भेल बैसारक बाद ई अटकल तेज भए गेल अछि जे दुनू देश ओहि क्षेत्र सभ मे सीमा निर्धारण लेल अस्थायी समझौता दिस बढ़ि रहल अछि, जतय दुनूक दाबी एक-दोसरा सं टकराइत अछि। किछु भारतीय टिप्पणीकारक मानब अछि जे चीन, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक कूटनीतिक विजय प्राप्त करबाक उत्सुकताक लाभ उठा कए 1962क युद्ध मे प्राप्त अपन बढ़त कें स्थायी रूप देबाक प्रयास कए रहल अछि। मुदा चीन-भारत सीमा विवाद कहियो मात्र ओहि किछु दर्जन किलोमीटरक निर्जन भूमि आ बर्फक प्रश्न नहि रहल अछि, जे दुनू देशक दावा कएल सीमा-रेखाक बीच स्थित अछि। सोवियत संघक संग चीनक संबंध टूटलाक बाद उत्पन्न असहज परिस्थिति आ शिनजियांग मे सैनिक टुकड़ी सभ कें आगू तैनात करबाक आवश्यकता बीच, पीपुल्स लिबरेशन आर्मी (पीएलए) 1962क गमीर्कालमे ताइवान दिस सं अमेरिकी समर्थन प्राप्त संभावित घुसपैठक तैयारी सेहो कए रहल छल। 1962क युद्ध शुरू होमय सं छह मास सं कम समय पहिने हजारो कजाख आ उइगर परिवार शिनजियांग छोड़ि कजाखस्तान भागि गेल छल। ओ सभ सीमा रक्षक आ कम्युनिस्ट पार्टीक अधिकारी सभक परवाह नहि केलक। तैयो बीजिंग अपन सीमा-दावा नरम करबाक लेल तैयार नहि भेल। प्रधानमंत्री जवाहरलाल नेहरू क्रोध मे चीन कें घमंडी, चालाक, पाखंडी आ पूर्णतः अविश्वसनीय कहने छलाह आ भारतीय सैनिक सभ कें भूमि पर अधिकार स्थापित कए अपन सीमा-दावा कें लागू करबाक आदेश देने छलाह।

दुनियांक छत पर शीत युद्ध : 1949 मे स्थापना भेलाक समये सं पीपुल्स रिपब्लिक ऑफ चाइना शिनजियांग मे विद्रोही सभक विरुद्ध संघर्ष मे फंसल छल। ई विद्रोही सभ ओतय एकटा इस्लामी राज्य स्थापित करबाक प्रयास मे छल। शिनजियांग एक विशाल पठारी क्षेत्र अछि, जाहि सं ब्रिटिश भारत, तिब्बत आ सोवियत मध्य एशियाक कजाखस्तान, किर्गिस्तान आ ताजिकिस्तानक सीमा लगैत छल। कजाख डाकू आ विद्रोही उस्मान इस्लामाय, जे उस्मान बातूरक नाम सं प्रसिद्ध छल, तिनकर नेतृत्व मे ई विद्रोह-विरोधी संघर्ष मार्च 1949 मे शुरू भेल। एहि संघर्ष मे कम सं कम 12,500 कजाख विद्रोही मारल गेलाह। एकर अतिरिक्त पीएलएक हजारो अधिकारी, कम्युनिस्ट कार्यकर्ता आ सामान्य नागरिक सेहो मारल गेलाह। 1947क गर्मीक अंत मे सीआइए अधिकारी डगलस मैकियरनन कें उरुमची मे उप-वाणिज्यदूतक रूप मे गुप्त ढंग सं काज करबाक लेल पठाओल गेल छल। ओ उस्मानक संग शिनजियांग मे यूरेनियमयुक्त चट्टानक नमूना तकबाक काज केलनि, जे सोवियत संघक परमाणु अस्त्र निर्माणक योजना लेल अत्यंत महत्वपूर्ण छल। सीआइए द्वारा उस्मान कें पीएलक विरुद्ध लड़बाक लेल हथियार आ धन सेहो देल गेल। 1950 मे मैकियरनन कें तिब्बती सीमा रक्षक सभ ओहि समय मारि देलनि, जखन ओ पीएलएसं पहिने भारत दिस भागबाक प्रयास कए रहल छलाह। एक वर्षक बाद उस्मान कें उरुमची मे सार्वजनिक चौक पर फांसी देल गेल।

नेपालक विनाशकारी बाढ़िक पाछां कतेक जिम्मेदार जलवायु परिवर्तन?

कुमार रजनीश

नेपाल आ तिब्बतक सीमावर्ती क्षेत्र मे आयल विनाशकारी बाढ़िक तत्काल कारण हिमनदक एकटा पैघ हिस्सा टूटि कए नदी मे खसनाइ मानल जा रहल अछि। वैज्ञानिक सभक प्रारंभिक अध्ययन मे हिमनद, चट्टान आ बर्फक भारी मलबा नदी मे खसलाक बाद अनचोके जलस्तर बढ़बाक संकेत भेटल अछि। मुदा एहि आपदाक पाछां मात्र भूगर्भीय गतिविधि जिम्मेदार अछि वा बढ़ैत तापमान आ जलवायु परिवर्तन सेहो हिमालयक अस्थिरता बढ़ा रहल अछि, ई सवाल आब गंभीर रूप सं उठि रहल अछि। वैज्ञानिक सभक अनुसार, एकटा घटना कें सीधे जलवायु परिवर्तन सं जोड़ब कठिन अछि, मुदा हिमालय मे तेजी सं पिघलैत हिमनद आ कमजोर होइत पर्माफ्रॉस्ट भविष्यक खतरा जरूर बढ़ा रहल अछि। यूएसजीएसक आंकड़ा आ घटनाक विश्लेषण कएनिहार वैज्ञानिक सभक अनुसार, एकटा विशाल हिमनद घाटीक तलहटी सं टकरायल, जकर प्रभाव सं लगभग 5.2 तीव्रताक भूकंप जकां छल। डंडी विश्वविद्यालयक हिमनद विशेषज्ञ डॉ. साइमन कुक बतौलनि जे हुनकर दलक अध्ययन सं पता चलल अछि कि नेपाल मे लैंगटांग लिरुंग चोटी लग एकटा हिमनदक निचला हिस्सा टूटि गेल। ई स्थान बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सं लगभग 15 किलोमीटर पश्चिम दिस अछि। हुनकर अनुमान अछि जे हिमनद उत्तर-पश्चिम दिस टूटल आ तकर बाद पश्चिम दिस बहैत नदी मे जा खसल।

बर्फ आ चट्टानक विशाल मलबा नदी मे खसल : इंटरनेशनल सेंटर फॉर इंटीग्रेटेड माउंटेन डेवलपमेंट (आईसीआईएमओडी) द्वारा कएल गेल विश्लेषणक अनुसार, ई संभवतः बर्फ आ चट्टानक मिश्रण सं बनल एकटा विशाल हिमस्खलन छल। एकर परिणामस्वरूप बर्फ आ चट्टानक भारी मात्रा मे मलबा भोटेकोशी नदीक सहायक नदी लेंडे खोला मे जा खसल। तकर बाद नदी मे अनचोके बाढ़ि आबि गेल। नदीक पानि अपन संग गादि आ विशाल चट्टानक टुकड़ा सभ कें बहबैत नीचां दिस लए गेल। आईसीआईएमओडक अध्ययन मे देखल गेल जे निचला क्षेत्र मे नदीक जलस्तर मात्र आधा घंटाक भीतर सात सं नौ मीटर धरि बढ़ि गेल। एहि क्रम मे कतेको जल निगरानी केंद्र या तं पानिक तेज धार मे बहि गेल अथवा क्षतिग्रस्त भए गेल। ऑक्सफोर्ड विश्वविद्यालयक अर्थ साइंसक प्रोफेसर माइक सर्ल कहलनि जे भू-स्खलन सं लए कए बाढ़ि उत्पन्न होयबाक ई संपूर्ण प्रक्रिया कतेको घंटा अथवा कतेको दिन धरि चलि सकैत अछि। हुनकर अनुसार, मलबाक विशाल प्रवाह सं संकेत भेटैत अछि जे पहिने भू-स्खलन भेल होयत, तकर बाद पानि जमा भेल होयत आ नदीक प्रवाहक मार्ग मे अस्थायी बांध बनि गेल होयत। बाद मे ई बांध टूटला पर जमा पानि भीषण बाढ़िक रूप मे नीचां दिस बहि गेल होयत। क्षेत्रक भौगोलिक बनावट सेहो बाढ़िक विनाशकारी रूप कें बढ़ेबाक एकटा महत्वपूर्ण कारण रहल। सर्लक अनुसार, लैंगटांग लिरुंग उच्च हिमालयक एकटा चोटी अछि आ पहाड़क दुनू कात अत्यंत ढाढ़ घाटी अछि। एहि कारण पानिक प्रवाह बहुत तेज गति सं नीचां दिस बढ़ि सकैत अछि।

हिमनद किएक टूटल? : बुध कें घटित हिमनदक पतनक वास्तविक कारण एखन धरि पूर्ण रूप सं स्पष्ट नहि भए सकल अछि। सर्लक अनुसार, हिमालयक अन्य भागक समान लैंगटांग लिरुंग क्षेत्र सेहो दीर्घकालीन भू-गर्भीय हलचल अर्थात टेक्टोनिक गतिविधिक कारण धीरे-धीरे ऊपर उठि रहल अछि। टेक्टोनिक गतिविधि मे एकटा भू-प्लेट दोसर प्लेट कें ऊपर दिस धकेलैत अछि। सर्ल एहि प्रक्रियाक तुलना कारक नीचां जैक लगाक ओकरा ऊपर उठेबाक प्रक्रिया सं करैत छथि।

बच्चा सबहक मृत्युक जिम्मेदार के अछि?

डॉ. रमेश ठाकुर

मानवीय लापरवाहीक कारण दिल्ली मे फेर एकटा हृदयविदारक घटना घटि गेल। सत्य निकेतनक मोतीनगर स्थित वर्षो पुरान जर्जर भवन रिमझिम बरखा मे अनचोके भरभरा कए ढहि पड़ल आ कतेको बच्चा लेल मृत्यु बनि गेल। घटनाक सूचना पाबि घटनास्थल पर पहुंचल बच्चा सभक परिजनक चीत्कार कलेरा चीरि रहल अछि। परिजन बिलखि रहल छथि, माय सभ बदहवास आ बेसुध छथि। स्थानीय पुलिस आ सरकारी अधिकारी घटनास्थल पर जुटल छथि। राहति आ बचाव कार्य जारी अछि। घायल बच्चा सभ कें एम्सक ट्रॉमा सेंटर पठाओल जा रहल अछि। मुदा ओतय सं किछु बच्चाक नहि रहलाक सूचना सभ कें झकझोरि रहल अछि। भवन मे रहनिहार अधिकांश बच्चा बाहरी प्रदेशक छल। ओ सभ अपन उज्ज्वल भविष्यक सपना लए शिक्षा ग्रहण करबाक लेल दिल्ली आएल छल। मुदा हुनका की पता छल जे दुर्घटनाक रूप लए चुकल दिल्ली हुनकर प्राण लए लेत। पढ़ाइ कएनिहार बच्चा सभक संग दिल्ली मे समय-समय पर कोनो ने कोनो दुर्घटना होइत रहल अछि। राजेंद्र नगर स्थित कोचिंग सेंटरक बेसमेंट मे पानि भरलाक कारण भेल बच्चा सभक मृत्युक घटना शायद ही केओ बिसरल होयत। मुखर्जी नगरक कोचिंग सेंटर मे लागल आगिक घटना याद कएला सं आइयो रोंइयां ठाढ़ भए जाइत अछि। एहन प्रत्येक घटनाक बाद जिम्मेदार अधिकारी आ नेता सभक बयान लगभग एक्के रहैत अछि-दोषी कें नहि छोड़ल जायत, कठोर कारबाइ होयत। एकर अतिरिक्त मृतकक परिजन कें मुआवजा देल जाइत अछि आ घायल सभक उपचार करा कए मामिला शांत कए देल जाइत अछि। जाधरि संचार माध्यम मे घटनाक चर्चा रहैत अछि, ता धरि कारबाइक नाम पर सरकारी डंडा चलैत रहैत अछि। मुदा हल्ला शांत होइतहि जांच-पड़ताल ठंडा बस्ता मे चलि जाइत अछि। ढहि पड़ल भवन मे अधिकांश विश्वविद्यालय मे पढ़निहार आ सिविल सेवा परीक्षाक तैयारी कएनिहार 20-22 वर्षक युवा रहैत छल। भवनक मालिक लगभग 30 वर्ष सं एकरा पीजी लेल दोसर व्यक्ति कें भाड़ापर देने छल। भवन निर्माण मानकक पूर्णतः विपरीत छल। मात्र 55 गजक क्षेत्रफल मे लगभग 30 कोठरी बना देल गेल छल। भवन लगभग 40-45 वर्ष पुरान बताओल जाइत अछि, जखनकि देखला सं ई एकरा सं सेहो बेसी पुरान बुझाइत छल। भवन मालिक पर मुकदमा कएल गेल अछि। मुदा आशंका अछि जे एक-दू मासक बाद जमानत भेटि जायत आ ओहि स्थान पर फेर एकटा नव भवन ठाढ़ कए देल जायत। दिल्ली विश्वविद्यालय क्षेत्र मे बनल पीजी सभक संबंध मे इंडियन जियोटेक्निकल कॉन्फ्रेंस किछु वर्ष पहिने एकटा अध्ययन केने छल। अध्ययन मे कहल गेल छल जे लगभग 85 प्रतिशत पीजी बच्चा सभक रहबाक योग्य नहि अछि। मुदा सरकार सभ एहन अध्ययन रिपोर्ट कें सेहो उपेक्षित कए देलक। दुर्घटनाग्रस्त भवनक निर्माण मे घोर मानवीय लापरवाही भेल छल। दिल्ली नगर निगम सं लए कए पुलिस, अग्निशमन विभाग आ सरकारी अधिकारी धरि भ्रष्टाचार मे संलिप्त रहलाक आरोप अछि। घटनास्थल दक्षिण दिल्लीक सत्य निकेतन क्षेत्र मे अछि, जे निचला धरातल अथवा जलजमावबाला क्षेत्र मानल जाइत अछि। ओतय भवन निर्माण लेल मात्र ढाई मंजिल धरि अनुमति छल, मुदा कथित रूप सं भ्रष्टाचारक बल पर पांच मंजिल धरि निर्माण भए गेल। सब सं पैघ प्रश्न ई अछि जे भवन मे अवैध निर्माण होइत रहल आ जिम्मेदार लोक आंखि मुनि तमाशा किएक देखैत रहलाह? लगभग 40 वर्ष पुरान एहि भवनक बेसमेंट प्रत्येक वर्ष वर्षाकाल मे पानि सं भरि जाइत छल। एहि कारण नींव लगातार कमजोर होइत गेल आ अंततः एहि वर्ष भवन भार नहि सहि सकल आ भरभरा कए ढहि पड़ल। एहि दुर्घटनाक जिम्मेदारी शायदे केओ स्वीकार करत। दिल्ली मे एहन घटना पहिने सेहो घटैत रहल अछि। किछु मास पहिने एकटा अवैध होटल मे आगि लगला सं विदेशी नागरिक सहित कतेको लोक जरि कए मरि गेल छलाह। भवन ढहब तं दिल्ली मे सामान्य घटना जेकां भए गेल अछि। राजधानी मे अवैध कॉलोनी सभक भरमार अछि। कागज पर ओ सभ अवैध छथि, मुदा कथित भ्रष्टाचारक माध्यम सं किछु समय मे वैध बना देल जाइत अछि। दिल्ली मे वर्तमान मे लगभग 1731 अवैध कॉलोनी आ 650 सं 675 धरि झुग्गी-झोपड़ी क्षेत्र अछि, जतय अधिकांश लोक किरायेदार छथि। दिल्ली एहन शहर अछि जतय देशक सभ प्रांतक लोक रोजगारक खोज मे अबैत छथि। शिक्षा लेल सेहो ई देशक प्रमुख केंद्र अछि। सिविल सेवाक तैयारी करबाक लेल दूर-दराज सं हजारो बच्चा दिल्लीक मुखर्जी नगर अबैत छथि। प्रतिवर्ष लगभग पांच लाख बच्चा सिविल सेवा परीक्षाक तैयारी लेल एतय अबैत छथि। हुनका सभ कें रहबाक लेल पीजी चाही। सस्ता पीजीक खोज मे ओ सभ एहन स्थान पर पहुंचि जाइत छथि, जतय सस्त घर हुनकर प्राण लेल संकट बनि सकैत अछि। ओहि संगहि लगभग 15 लाख अन्य प्रदेशक विद्यार्थी दिल्लीक विभिन्न महाविद्यालय मे अध्ययनरत छथि। दुर्घटना भेल क्षेत्र मे लगभग प्रत्येक घर पीजी मे बदलि गेल अछि। पीजीक नाम पर एकटा पैघ गठजोड़ चलि रहल अछि। मकान मालिक स्वयं पीजी नहि चलबैत छथि, बल्कि दोसर व्यक्ति कें ठेकापर दए दैत छथि। ठेकेदार बच्चा सभ कें कोठरी मे भूसा जकां ठूसि दैत छथि। सुविधा नहि, सुरक्षा मानक नहि - मात्र कमाइ सं मतलब। दुर्घटनाग्रस्त भवन किछु वर्ष सं अपन जर्जर अवस्था आ संभावित दुर्घटनाक संकेत दए रहल छल। मुदा ने मालिक ध्यान देलक आ ने अधिकारी सभ। पछिला वर्ष तेसर तलक सीढ़ीक छतक ऊपरी भाग ढहि पड़ल छल। ओकर मरम्मति करा संभावित दुर्घटनाक खतरा पर पर्दा दए देल गेल। भवन मे लगभग 50 बच्चा रहैत छल। सभ यूपी-बिहार सं संबंधित छल। दुर्घटना रविदिन घटल, जखन अधिकांश बच्चा अपन कोठरी मे छल, कारण ओहि दिन कक्षा आ ट्यूशनक छुट्टी छल। शनिदिन राति सभ निश्चिंत भए सुतल छल। हुनका सभ कें कोन विपत्ति अगिला दिन हुनकर प्रतीक्षा कए रहल अछि, तकर कोनो अनुमान नहि छल। किछु बच्चा अपन प्राण गमा चुकल छथि आ कतेको गंभीर रूप सं घायल छथि। घटना निःसंदेह अत्यंत दुःखद अछि। मुदा आब समय मात्र शोक व्यक्त करबाक नहि, बल्कि जिम्मेदारी तय करबाक अछि। जिम्मेदार अधिकारी सभ कें एहि दुर्घटनाक उत्तरदायित्व स्वीकार करबाक चाही आ एहि घटना सं सीख लैत भविष्य मे एहन जर्जर आ अवैध भवन सभ कें समय रहैत चिन्हित कए हटेबाक दृढ़ संकल्प लेबाक चाही।

नीरज कुमार सं नवल किशोर धरि... बिहार मे विधान परिषदक 8 सीट पर महासंग्राम

बिहार विधानसभा चुनाव आ बांकीपुर उपचुनावक बाद आब राज्य मे एक आओर राजनीतिक मोकाबलाक सुगबुगाहट तेज भए गेल अछि। एहि बेर लड़ाइ विधान परिषदक 8 सीट पर होयबला स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक चुनाव कें लए अछि। चुनावक आधिकारिक घोषणा एखन धरि नहि भेल अछि, मुदा राजनीतिक दल अपन तैयारी शुरू कए देने अछि। एनडीए आ महागठबंधनक संग जन सुराज सेहो मैदान मे उतरबाक चर्चा सं मोकाबला आरो दिलचस्प होयबाक संभावना अछि। बिहार मे विधान परिषदक 8 सीट पर होयबला स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक चुनाव कें लए राजनीतिक हलचल तेज भए गेल अछि। चारि स्नातक आ चारि शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक वर्तमान सदस्यक कार्यकाल 16 नवंबर 2026 धरि अछि। ई चुनाव एहि लेल सेहो महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि, कारण आम विधानसभा चुनावक जेकां एहि मे सभ मतदाता मतदान नहि करैत छथि। स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे स्नातक मतदाता आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे शिक्षक मतदाता अपन प्रतिनिधिक चुनाव करैत छथि। एहन स्थिति मे एहि सीट सभक परिणाम कें पढ़ल-लिखल वर्गक राजनीतिक रुझानक संकेतक रूप मे सेहो देखल जाइत अछि।

8 सीट पर ककर कब्जा?

विधान परिषदक जाहि 8 सीट पर चुनाव होयबाक अछि, ताहि मे चारि स्नातक आ चारि शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र शामिल अछि। वर्तमान स्थिति मे एहि सीट सभ पर अलग-अलग दल आ निर्दलीय उम्मीदवारक प्रतिनिधित्व अछि।

स्नातक निर्वाचन क्षेत्र:-

- पटना स्नातक : नीरज कुमार (जेडीयू)
- दरभंगा स्नातक : सर्वेश कुमार (निर्दलीय)
- तिरहुत स्नातक : बंशीधर ब्रजवासी (निर्दलीय)
- कोसी स्नातक : एन.के. यादव (भाजपा)

शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र:-

- पटना शिक्षक : प्रो. नवल किशोर यादव (भाजपा)
- दरभंगा शिक्षक : डॉ. मदन मोहन झा (कांग्रेस)
- अतिरहुत शिक्षक : प्रो. संजय कुमार सिंह (सीपीआई)
- सारण शिक्षक : आफाक अहमद (निर्दलीय)
- एहि सभ सदस्यक वर्तमान कार्यकाल 16 नवंबर 2026 धरि अछि। एहन स्थिति मे चुनावक घोषणा सं पहिनहि राजनीतिक दल एहि सीट सभ कें अपन पक्ष मे करबाक रणनीति पर काज कए रहल अछि।

महागठबंधनक दावा-जीत हमर होयत

चुनाव मे एखन उम्मीदवार आ सीट कें लए स्थिति पूरा तरहे स्पष्ट नहि भेल अछि, मुदा महागठबंधनक घटक दल अपन जीतक दावा कए रहल अछि। आरजेडी आ कांग्रेसक नेताक कहब अछि जे सरकारक विरुद्ध बनल माहौलक लाभ हुनका एहि चुनाव मे भेटत। विपक्षी दल एनडीए पर सेहो निशाना साधि रहल अछि आ सभ 8 सीट पर नीक प्रदर्शनक दावा कए रहल अछि।

एनडीए मे सीट बंटवारा पर मंथन

दोसर दिस एनडीए सेहो चुनाव कें लए पूरा तरहे सक्रिय नजरि आबि रहल अछि। हालांकि गठबंधन एखन सभ सीट पर अपन उम्मीदवार अथवा सीट बंटवाराक फॉर्मूला घोषित नहि केने अछि। एनडीएक नेताक कहब अछि जे घटक दल आपस मे बातचीत कए सीट सभक फैसला करत। एतय सीट बंटवारा एनडीए लेल महत्वपूर्ण चुनौती मानल जा रहल अछि। कोन पार्टी कोन निर्वाचन क्षेत्र सं चुनाव लड़त, एहि पर सहमति बनलाक बादहि उम्मीदवारक नामक घोषणा होयबाक उम्मीद अछि। एनडीएक नेता गठबंधन मे कोनो तरहक मतभेद सं इनकार करैत एकजुट भए चुनाव लड़बाक दावा कए रहल छथि।

चुनावक आधिकारिक घोषणा एखन धरि नहि भेल अछि

जन सुराज सं बढ़ल चुनावी दिलचस्पी

एहि चुनाव कें सब सं बेसी दिलचस्प बनौनिहार बात ई अछि जे जन सुराज सेहो सभ 8 सीट पर अपन ताकत आजमाबयक तैयारी मे अछि। प्रशांत किशोरक सक्रिय राजनीति मे अएला बाद जन सुराज लगातार अपन संगठन कें मजबूत करबा मे जुटल अछि। विधान परिषदक एहि सीट सभ पर सेहो पार्टीक नजरि अछि। जन सुराजक प्रवेश सं मोकाबला मात्र एनडीए आ महागठबंधनक बीच नहि रहबाक संभावना अछि। स्नातक आ शिक्षक मतदाता बीच जन सुराज अपन जगह बनेबाक कोशिश करत। हालांकि पार्टीक दिस सं उम्मीदवारक नाम कें लए एखन पत्ता पूरा तरहे नहि खोलल गेल अछि।

पढ़ल-लिखल मतदाता बीच होयत असली परीक्षा

विधान परिषदक स्नातक आ शिक्षक सीट सभक चुनाव राजनीतिक दल लेल एहि लेल सेहो महत्वपूर्ण अछि, कारण एतय उम्मीदवार कें सीमित मुदा प्रभावशाली मतदाता वर्गक बीच अपन पकड़ साबित करए पड़ैत अछि। स्नातक आ शिक्षक मतदाता बीच कोनो पार्टी अथवा उम्मीदवारक स्वीकार्यता केर असर चुनाव परिणाम मे स्पष्ट देखाइ पड़ि सकैत अछि। फिलहाल सभक नजरि चुनाव आयोग पर टिकल अछि जे एहि 8 सीट लेल चुनाव कार्यक्रमक घोषणा कहिया होयत। मुदा ताहि सं पहिनहि एनडीए, महागठबंधन आ जन सुराजक सक्रियता स्पष्ट कए देने अछि जे विधान परिषदक एहि 8 सीटक लड़ाइ आगांक दिन मे बिहारक राजनीति लेल नव राजनीतिक अखाड़ा बनेबाक अछि।

2027 सं पहिने यूपी मे पैघ राजनीतिक खेल भाजपा-सपाक बीच तेसर शक्तिक दस्तक

उत्तर प्रदेशक राजनीति मे 2027क विधानसभा चुनाव सं पहिने एक बेर फेर नव समीकरण बनेबाक शुरूआत भए गेल अछि। मोकाबला भले मुख्य रूप सं भाजपा आ समाजवादी पार्टीक बीच देखाइ पड़ैत हो, मुदा मैदान मे मौजूद

बदलि सकैत अछि चुनावी गणित

तेसर शक्तिक पार्टी कतेको सीट पर चुनावी गणित बिगाड़बाक क्षमता रखैत अछि। बसपा सुप्रीमो मायावती आ आजाद समाज पार्टी (कांशीराम)क प्रमुख चंद्रशेखर आजादक रणनीति पर राजनीतिक दलक नजरि टिकल अछि। एक दिस मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लगातार ओहि विधानसभा क्षेत्र मे सक्रिय छथि, जतय 2024क लोकसभा चुनाव मे भाजपा कें अपेक्षित सफलता नहि भेटल छल। दोसर दिस अखिलेश यादव अपन पीडीए अर्थात पिछड़ा, दलित आ अल्पसंख्यक समीकरण कें मजबूत करबा मे जुटल

छथि। एहि बीच मायावती आ चंद्रशेखर आजादक अलग-अलग राजनीतिक रणनीति चुनावी मोकाबला कें आरो दिलचस्प बना रहल अछि। 2027क चुनाव लेल भाजपा एखनहि सं अपन राजनीतिक जमीन मजबूत करए शुरू कए देने अछि। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मई सं एखन धरि प्रदेशक 44 सं बेसी जिलाक दौरा कए चुकल छथि। करीब 115 विधानसभा क्षेत्र मे विकास परियोजनाक उद्घाटन आ शिलान्यासक माध्यम सं सरकारक योजना कें लोक धरि पहुंचाओल जा रहल अछि। एहि 115 सीटक महत्व एहि लेल सेहो बढ़ि जाइत अछि, कारण 2024क लोकसभा चुनाव मे एहि मे पैघ संख्या मे सीट पर सपा-कांग्रेस गठबंधन कें बढ़त भेटल छल। एहन मे भाजपा आब ओहि क्षेत्र पर विशेष ध्यान दए रहल अछि, जतय पिछला चुनाव मे ओकरा झटका लागल छल। सपा प्रमुख अखिलेश यादव लगातार पीडीएक राजनीति कें आगू बढ़ा रहल छथि। पिछड़ा, दलित आ अल्पसंख्यक मतदाता कें एक संग जोड़बाक रणनीति कें सपा केर 2027क चुनावी रणनीतिक महत्वपूर्ण हिस्सा मानल जा रहल अछि। मुदा एतहि सपा आगू पैघ सवाल ठाढ़ होइत अछि—जं दलित वोटक एक हिस्सा बसपा अथवा चंद्रशेखर आजादक संग चलि गेल तं पीडीएक समीकरण कतेक मजबूत रहि सकत? एहि कारण बसपा आ आजाद समाज पार्टीक गतिविधि सपा लेल सेहो ओतबे महत्वपूर्ण अछि, जतेक भाजपा लेल। कखनो यूपीक राजनीति मे बसपाक दलित वोट पर मजबूत प्रभाव मानल जाइत छल। मुदा पछिला किछु चुनाव मे पार्टीक प्रदर्शन कमजोर रहल अछि। एहन मे मायावतीक सामने 2027 मे सब सं पैघ चुनौती अपन पारंपरिक सामाजिक आधार कें फेर सक्रिय करबाक अछि। हालक राजनीतिक विश्लेषण मे यूपी मे दलित वोट कें लए भाजपा, सपा आ कांग्रेसक संग चंद्रशेखर आजादक बढ़ैत सक्रियताक सेहो चर्चा भए रहल अछि। एहि कारण दलित राजनीति आब कोनो एक दल धरि सीमित नहि देखाइ पड़ैत अछि। हालक घटनाक्रम मे मायावती अपन भतीजा आकाश आनंदक पार्टी मे महत्वपूर्ण भूमिका कें लए सेहो बदलाव कएलनि। एकरा 2027 सं पहिने बसपाक संगठनात्मक पुनर्गठनक संदर्भ मे देखल जा रहल अछि। चंद्रशेखर आजाद आब स्वयं कें मात्र दलित राजनीतिमुखी चेहराक रूप मे सीमित नहि राखए चाहैत छथि।

जेडीयूक खाता मे जा सकैत अछि बिहार विधान परिषदक सभापति पद

नव राजनीतिक समीकरणक सुगबुगाहट

बिहार मे नीतीश कुमारक सत्ता सं हटलाक बाद भाजपा ड्राइविंग सीट पर आबि गेल छल। मुख्यमंत्री पदक संग बिहार विधानसभा अध्यक्ष आ विधान परिषदक सभापति पद पर भाजपा नेता विराजमान छथि। मुदा आब बिहार विधान परिषद मे सहयोगी जेडीयू लीड लए सकैत अछि। चर्चा अछि जे आब बिहार विधान परिषदक सभापति जेडीयूक कोटा सं होयत। राजनीतिक गलियारा मे एहि बातक चर्चा अछि जे बिहार विधान परिषदक सभापति आब जेडीयूक कोटा सं होथि। एहि कें लए भाजपा आ जेडीयू मे सहमति सेहो बनि गेल अछि। शीघ्रहि एहि पैघ पद पर जेडीयूक कोनो पैघ नेता बैसल नजरि आबि सकैत छथि। एखन बिहार भाजपा कें वरिष्ठ नेता अवधेश नारायण सिंह विधान परिषदक सभापति छथि।

एहि सीट पर जेडीयूक मजबूत दावेदारी

नीतीश कुमारक इस्तीफाक बाद सं राजनीतिक गलियारा मे ई बात उठए लागल छल जे आब बिहार विधान परिषदक सभापति जेडीयू कोटा सं होयताह। मुदा ओहि समय एहि बातक कोनो पुष्टि नहि छल। एहि बीच बिहार मे मुख्यमंत्री पद भाजपा (सम्राट चौधरी) आ विधानसभा अध्यक्ष पद (प्रेम कुमार) भाजपा लग अछि। गठबंधन मे संतुलनक तकाजा ई अछि जे विधान परिषदक सभापति जेडीयूक कोटा सं होथि। एहि हिसाब सं एहि पद पर जेडीयूक दावेदारी बनैत अछि।

पहिने सेहो जेडीयू काबिज रहल अछि एहि कुर्सी पर

एकरा पहिने जेडीयू कोटा सं विधान परिषद मे हारुण रशीद करीब 3 वर्ष धरि कार्यकारी सभापति रहलाह। ई तखनक बात अछि, जखन बिहार मे नीतीश कुमार महागठबंधन अर्थात राजद-कांग्रेसक संग सरकार बनौने छलाह। ओतहि अवधेश नारायण सिंह सं पहिने जेडीयूक एमएलसी देवेश चंद्र ठाकुर सेहो करीब 2 वर्ष धरि बिहार विधान परिषदक सभापति रहलाह। तकर बाद ओ लोकसभा चुनाव लड़लनि आ जीत हासिल कए दिल्ली चलि गेलाह।

115 विधानसभा सीट, 38 हजार करोड़क दांव... 2027 यूपी चुनाव सं पहिने योगीक मेगा मिशन

उत्तर प्रदेश मे फरवरी 2027 मे विधानसभा चुनाव होयबाक अछि। एहि सं पहिने मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपन जनसंपर्क अभियान तेज कए देने छथि। मई सं एखन धरि ओ प्रदेशक 75 मे सं 44 सं बेसी जिलाक दौरा कए चुकल छथि। एहि दौरान 115 विधानसभा क्षेत्र सं जुड़ल विकास योजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास कएल गेल अछि। एहि परियोजनाक कुल लागत 38 हजार करोड़ रुपैया सं बेसी अछि। खास बात ई अछि जे एहि 115 विधानसभा क्षेत्र मे करीब 58 प्रतिशत सीट पर 2024क लोकसभा चुनाव मे विपक्षी समाजवादी पार्टी (सपा)-कांग्रेस गठबंधन कें बढ़त भेटल छल। 2024क लोकसभा चुनाव मे उत्तर प्रदेश मे भाजपा केर प्रदर्शन कमजोर रहल छल। पार्टीक सीट 2019 मे 62 सं घटि कए 33 रहि गेल। ओतहि सपा 37 आ कांग्रेस 6 सीट पर जीत हासिल केने छल। मुख्यमंत्रीक दौरा मे सड़क, स्कूल, अस्पताल, बिजली आ पानि सं जुड़ल परियोजनाक संग पंचायत भवन, पर्यटन आ कौशल विकासक कार्यक्रम सेहो शामिल अछि। कार्यक्रमक दौरान सरकारी कल्याणकारी योजनाक लाभार्थी कें सहायता सेहो देल गेल। संबंधित जिला मे योगी सरकारक पछिला साढ़े नौ वर्षक विकास काज पर आधारित फिल्म सेहो देखाओल गेल।

115 विधानसभा सीट पर चुनावी गणित : 115 विधानसभा क्षेत्रक चुनावी आंकड़ाक अनुसार 2024क लोकसभा चुनाव मे 67 सीट पर सपा-कांग्रेस गठबंधन आगू रहल। एहि मे सपा 54 आ कांग्रेस 13 विधानसभा क्षेत्र मे बढ़त मे छल। भाजपा 47 सीट पर आगू रहल, जखनकि ओकर सहयोगी राष्ट्रीय लोक दल (आरएलडी) एक सीट पर आगू रहल। मुदा 2022क विधानसभा चुनावक तस्वीर एकदम अलग छल। एहि 115 सीट मे भाजपा 71 सीट जीतने छल। ओकर सहयोगी अपना दल (सोनेलाल) 3 आ निषाद पार्टी 2 सीट जीतने छल। सपा कें 33 सीट भेटल छल, जखनकि आरएलडी आ एसबीएसपी क्रमशः 3 आ 2 सीट जीतने छल। कांग्रेस कें मात्र एक सीट भेटल छल।

सपा-कांग्रेसक गढ़ पर विशेष नजरि : 24 अगस्त कें योगी आदित्यनाथ विपक्षी नेता राहुल गांधीक संसदीय क्षेत्र रायबरेली गेलाह। एतय 879 करोड़ रुपैयाक परियोजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास भेल। ई योजना बछरावां, हरचंदपुर आ रायबरेली विधानसभा क्षेत्र सं जुड़ल अछि। 2024क

लोकसभा चुनाव मे तीनू क्षेत्र मे कांग्रेस कें बढ़त भेटल छल। हालांकि 2022क विधानसभा चुनाव मे रायबरेली सीट भाजपा जीतने छल, जखनकि बछरावां आ हरचंदपुर मे सपा उम्मीदवार विजयी भेल छलाह। 26 जुलाई कें मुख्यमंत्री मैनपुरी मे कार्यक्रम मे शामिल भेलाह। एतय मैनपुरी आ करहल विधानसभा क्षेत्र लेल 682 करोड़ रुपैयाक विकास योजनाक घोषणा कएल गेल। करहल सपा केर मजबूत गढ़ मानल जाइत अछि। 2022 मे एतय अखिलेश यादव जीतने छलाह, जखनकि 2024क लोकसभा चुनाव मे डिंपल यादव मैनपुरी सीट पर पैघ जीत दर्ज कएलनि। करहल आ मैनपुरी दुनू विधानसभा क्षेत्र मे हुनका बढ़त भेटल छल। अयोध्या लोकसभा क्षेत्र मे सेहो मुख्यमंत्री कई विकास योजनाक शुरूआत कएलनि। बीकापुर, रुदौली आ दरियाबाद विधानसभा क्षेत्र लेल परियोजना शुरू भेल। 2024 मे एहि तीनू क्षेत्र मे सपा सांसद अवधेश प्रसाद कें नीक बढ़त भेटल छल। रुदौली आ बीकापुर लेल 810 करोड़ रुपैयाक परियोजना शुरू कएल गेल।

गोरखपुर मे 4387 करोड़क परियोजना : योगी अपन गृह जिला गोरखपुर मे सेहो पैघ स्तर पर विकास योजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास कएलनि। 23 जुलाई कें गोरखपुर शहरी विधानसभा क्षेत्र लेल 995 करोड़ रुपैयाक 14 परियोजनाक शुरूआत भेल। 2022 मे एहि सीट सं योगी आदित्यनाथ विधायक चुनल गेल छलाह। गोरखपुरक पिपराइच, चिल्लूपार आ खजनी विधानसभा क्षेत्र मे सेहो विकास योजनाक शुरूआत कएल गेल। 2022 मे भाजपा एहि सभ सीट पर जीतल छल। 2024 मे भाजपा पिपराइच आ खजनी मे आगू रहल, मुदा चिल्लूपार मे कांग्रेस कें बढ़त भेटल। मई सं एखन धरि गोरखपुर जिला मे मुख्यमंत्री 4387 करोड़ रुपैयाक विकास परियोजनाक शुरूआत कए चुकल छथि। एहि मे गोरखपुर शहरी, गोरखपुर ग्रामीण, पिपराइच, खजनी, चिल्लूपारक संग नगर निगम आ गोरखपुर औद्योगिक विकास प्राधिकरण सं जुड़ल क्षेत्र शामिल अछि।

सपा-कांग्रेस पर हमला : विकास कार्यक्रमक संग मुख्यमंत्रीक जनसभा मे सपा आ कांग्रेस पर राजनीतिक हमला सेहो जारी अछि। 29 जून कें पीलीभीतक बरखेड़ा आ बीसलपुर मे 569 करोड़ रुपैया सं बेसीक योजनाक उद्घाटन करैत योगी सपा पर हमला कएलनि। ओ कहलनि जे लोक सपा केर साइकिल कें पंचर कए देने अछि, कारण एकर सरकार आएल तं दंगा, कर्फ्यू आ सुरक्षा संबंधी समस्या बढ़त। 10 जुलाई कें अयोध्याक बीकापुर मे जनसभा कें संबोधित करैत योगी पिछला सरकार पर धार्मिक मामिला कें लए आरोप लगौलनि आ सपा-कांग्रेस पर सेहो निशाना साधलनि। भाजपाक एक राज्यस्तरीय नेताक कहब अछि जे ई सभ सरकारी कार्यक्रम अछि, मुदा विधानसभा चुनाव सं पहिने एकरा अघोषित चुनावी अभियानक रूप मे देखल जा सकैत अछि। हुनकर अनुसार भाजपा एहि कार्यक्रम मे मुख्य रूप सं भीड़ जुटेबाक भूमिका मे अछि।

सपा-कांग्रेसक गढ़ पर नजरि

43 लोकसभा सीट मे 115 विधानसभा क्षेत्र : ई 115 विधानसभा क्षेत्र 43 लोकसभा सीट अंतर्गत अबैत अछि। 2024क लोकसभा चुनाव मे एहि मे सपा 21 आ कांग्रेस 3 सीट जीतने छल, जखनकि भाजपा 17 आ आरएलडी 2 सीट पर विजयी भेल छल। सपाक मजबूत सीट मे मैनपुरी, इटावा, आजमगढ़, फिरोजाबाद, रामपुर, गाजीपुर, फतेहपुर, अंबेडकर नगर, श्रावस्ती, कैराना आ जालौन शामिल अछि। कांग्रेसक रायबरेली, सहारनपुर आ बाराबंकी प्रमुख सीट अछि। भाजपा आगरा, गोरखपुर, अमरोहा, बुलंदशहर, गाजियाबाद, कुशीनगर, पीलीभीत, हाथरस, गौतम बुद्ध नगर, देवरिया, अलीगढ़, झांसी आ महाराजगंज जेकां सीट जीतने छल। 44 जिला मे विकास योजनाक शुरूआतक बाद योगी सरकार लखनऊ आ प्रयागराज मे सेहो नव योजना आ कार्यक्रम शुरू केने अछि। एहि गतिविधि सं स्पष्ट अछि जे 2027क विधानसभा चुनाव सं पहिने भाजपा सरकार विकास योजनाक संग जनसंपर्कक माध्यम सं अपन राजनीतिक जमीन मजबूत करबाक कोशिश मे जुटि गेल अछि।

अज्ञात वाहनक ठोकर सं महिलाक मृत्यु, तीन छोट बच्चाक माथ सं उठल मायक ममता

समस्तीपुर/शिवाजीनगर, समदिया

शिवाजीनगर प्रखंडक परसा पंचायत अंतर्गत सरहिला गामक राजारामपुर टोला स्थित वार्ड-4 मे मंगलदिन भोर अज्ञात वाहनक ठोकर सं एक महिलाक घटनास्थल परे मृत्यु भए गेल। मृतकाक पहचान अमरजीतमुखियाक 32 वर्षीय पत्नी दौलत देवीक रूप मे भेल अछि। घटना के बाद घटनास्थल पर चीख-पुकार मचि गेल। सूचना भेटिते मृतकाक मायके आ ससुराल पक्षक लोकक संग पैघ संख्या मे ग्रामीण आ राहगीर घटनास्थल पर जुटि गेलाह। बताओल गेल अछि जे दौलत देवी भोर करीब छह बजे शौच लेल घर सं बाहर निकलल छलीह। एहि क्रम मे रास्ता मे कोनो अज्ञात वाहन हुनका ठोकर मारि देलक। ठोकर एतेक जोरदार छल जे हुनकर घटनास्थले पर मृत्यु भए गेल। रास्ता सं गुजरि रहल एक व्यक्तिक नजरि खून सं लथपथ महिलाक देह पर पड़ल। ओ आसपासक लोक आ परिजन कें घटना बारे जानकारी देलनि। खबर भेटिते परिवार मे कोहराम मचि गेल। दौलत देवी अपन पाछां दू बेटी अमृता कुमारी आ अंकित कुमारी तथा एक बेटा अमित कुमार कें छोड़ि गेलीह। माय कें मृत्यु के बाद तीनू बच्चाक रो-रो कए बुरा हाल छल। कखनो बच्चा घटनास्थल दिस जाइत छल आ कखनो परिजन लग पहुंचि जाइत छल। मासूमबच्चा कें एहि हालत मे देखि घटनास्थल पर मौजूद लोकक आंखि सेहो नम भए गेल। मृतकाक पति अमरजीत मुखिया कर्नाटकक रायचूर मे रहि बोड़ा फैक्ट्री मे काज करैत छलाह। करीब एक मास पहिने ओ गाम एल छलाह। बताओल गेल अछि जे किछु दिन सं हुनकर तबीयत सेहो खराब छल, जाहि कारण ओ गा मे मे रहि रहल छलाह। पत्नी कें अनचोके मृत्यु होयबाक खबर सं हुनकर रो-रो कए बुरा हाल छल। मृतकाक दादी दौलत देवी कें याद करैत बेर-बेर कहि रहल छलीह जे आब हुनका सं के बात करत आ तीन छोट-छोट बच्चाक देखभाल के करत। परिजनक विलाप सं पूरा माहौल गमगीन भए गेल। घटनाक सूचना शिवाजीनगर थाना पुलिस कें देल गेल। सूचना भेटिते थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार, अपर थानाध्यक्ष प्रवीण कुमार, शैलेश कुमार सहित अन्य पुलिस पदाधिकारी घटनास्थल पर पहुंचलाह। पुलिस परिजन आ ग्रामीण सं घटनाक संबंध मे जानकारी लेलक। शव उठेबाक लेल परिजनक आक्रोश आ गहींर दुःख कें देखि स्थानीय जनप्रतिनिधि सभ सेहो हुनका सभ कें बुझाबयक प्रयास केलनि। करीब तीन घंटा धरि शव घटनास्थले पर पड़ल रहल। बाद मे स्थानीय मुखिया पति सह जदयू प्रखंड अध्यक्ष राम पुकार मंडल, सरपंच अरुण कुमार मंडल, पंचायत समिति सदस्य सरोज कुमार, नीतीश कुमार सहित अन्य लोक परिजन कें बुझा कए शांतकरौलनि। बहुत प्रयासक बाद परिजन शव पोस्टमार्टम लेल पठेबा पर सहमत भेलाह। जिला सं एंबुलेंस मंगाओल गेल, जाहि सं शव कें कब्जा मे लए पोस्टमार्टम लेल सदर अस्पताल, समस्तीपुर पठाओल गेल। थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार कहलनि जे घटना सूचना भेटिते पुलिस टीम घटनास्थल पर पहुंचल छल। शव कें कब्जा मे लए पोस्टमार्टम लेल सदर अस्पताल पठाओल गेल अछि। एखन धरि परिजनक दिस सं लिखित आवेदन नहि भेटल अछि। आवेदन भेटला के बाद विधि-सम्मत कारबाइ कएल जाएत।

13 दिवसीय साधना शिविरक भेल शुभारंभ

दरभंगा, समदिया

बाबा जयगुरुदेव धर्म विकास संस्था उज्जैनक दरभंगा शाखाक तत्वावधान मे 13 दिवसीय साधना शिविरक दोसर चरणक शुभारंभ मंगलदिन सं भेल। लीला कृष्ण भवन धर्मशाला मे आयोजित एहि शिविर मे दरभंगा सहित विभिन्न जिला सं आएल 200 सं बेसी श्रद्धालु भाग लए रहल छथि। देश-विदेशक विभिन्न स्थान पर सेहो सत्संगी प्रेमी सभक दिस सं एहन शिविर आयोजित कएल जा रहल अछि। आध्यात्मिक संत बाबा उमाकांत जी महाराजक निर्देश पर आयोजित एहि शिविर मे साधना, ध्यान आ सत्संगक माध्यम सं आध्यात्मिक जीवनक प्रति जागरूकताक संदेश देल जा रहल अछि। बाबा उमाकांत जी महाराजक अनुसार युग परिवर्तन होय बला अछि आ एक हजार बरख लेल सतयुग आबय बला अछि। एहि मिशन कें साकार करबाक लेल ओ साधना पर विशेष जोर देलनि अछि। एहि उद्देश्य सं 8 सं 21 सितंबर धरि विभिन्न क्षेत्र मे 13 दिवसीय साधना शिविर आयोजित कएल जा रहल अछि। शिविर मे साधक सभ सं शरीर आ मन दुनू कें साधबाक प्रयास करबाक आह्वान कएल गेल। कहल गेल जे नियमित साधना आ एकाग्र भए बैसबाक अभ्यास सं शरीर कें साधबाक संग मन कें नियंत्रित करब सेहो सहज होइत अछि। अनुयायी उपेंद्र कुमार कहलनि जे बाबा जयगुरुदेव जी महाराज 10 जुलाई 1952 सं जीवक कल्याण लेल साधना आ आध्यात्मिक मार्गक संदेश देब शुरू केने छलाह। ओ सुमिरन, ध्यान आभजनक साधना पद्धति बतौने छलाह। आयोजक कृष्ण मोहन विश्वकर्मा कहलनि जे 21 सितंबर धरि शिविर मे विभिन्न आध्यात्मिक कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत।

महिला कें भेटल साक्षरताक सनेश, बच्चा बनताह मार्गदर्शक

समस्तीपुर/शिवाजीनगर, समदिया

अंतर्राष्ट्रीय साक्षरता दिवस पर कार्यक्रम आयोजित

अंतर्राष्ट्रीय साक्षरता दिवसक अवसर पर मंगलदिन शिवाजीनगर प्रखंडक मधुरापुर पंचायत स्थित प्राथमिक विद्यालय कनखरिया मे बच्चा सभ रंगोली बना साक्षर समाजक निर्माणक संदेश देलनि। एहि अवसर परआयोजित कार्यक्रम मे बच्चा सभ साक्षर समाज निर्माण सं संबंधित गीत प्रस्तुत कए लोक कें साक्षरबनयबाक संदेश देलनि। भाषण प्रतियोगिता मे बच्चा सभ निरक्षरता कें समाज लेल कलंक बतबैत साक्षर समाज निर्माणक संकल्प लेलनि। अंतर्राष्ट्रीय साक्षरता दिवस पर विशेष पहल करैत प्राथमिक विद्यालय कनखरिया मे महिला कें साक्षरताक सौगात देल गेल। विद्यालय परिसर मे साक्षरता प्रोत्साहन कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रम मे बीईओ रामजन्म सिंह मुख्य अतिथिक रूप मे उपस्थित छलाह। ओ पोषक क्षेत्रक असाक्षर महिला कें साक्षर बनेबाक लेल प्रेरित करैत अपन हाथ सं कलम आ कॉपी भेंट कएलनि। स्टेशनरी सामग्री भेटिते महिलाक चेहरा पर खुशी देखल गेल आ शिक्षा लेल हुनका सभ मे नव आशाक संचार भेल। बीईओ रामजन्म सिंह अभिभावक सभ कें संबोधित करैत कहलनि जे समाजकसर्वांगीण विकास लेल प्रत्येक नागरिकक साक्षर होयब आवश्यक अछि। ओ कहलनि जे विद्यालय मे पढ़निहार बच्चा सभ मात्र स्वयं शिक्षित नहि होयताह, बल्कि अपन-अपन घरक असाक्षर माता-पिता आ अभिभावक कें सेहो पढ़नाइ-लिखनाइ मे सहयोग करताह। एहि सं परिवार आ समाज दुनू ठाम शिक्षाक दीप जरत। ओ साक्षरताक महत्व पर प्रकाश दैत ग्रामीण सभ सं अपील कएलनि जे कोनो उम्र मे पढ़ाइ शुरू करय मे संकोच नहि करथि। बीईओ विद्यालय प्रबंधन कें निर्देश देलनि जे पोषक क्षेत्रक महिला आ असाक्षर वयस्क सभ कें नियमित रूप सं बुनियादी साक्षरता सं जोड़बाक लेल समय-समय पर अभियान चलाओल जाए। एहि अवसर पर बच्चा सभ कें अपन परिवार आ समाजक कम सं कम एक-एक व्यक्ति कें साक्षर बनयबाक शपथ सेहो दिलाओल गेल। एचएम मोहम्मद अब्दुल्लाह बच्चा सभ कें शिक्षाक महत्व सं परिचित करबैत कहलनि जे शिक्षा ग्रहण कए नीक इंसान बनेबाक संग शिक्षा दान कए समाज कें साक्षर बनयबा मे अपन महत्वपूर्ण योगदान देथि।

दिवंगत शिक्षकक परिजन कें शिक्षक सभ देलनि 1.11 लाख टाकाक सहायता

समस्तीपुर/शिवाजीनगर, समदिया

शिवाजीनगर प्रखंडक धिवाही पंचायत स्थित उत्क्रमित मध्य विद्यालय बंदा कॉलोनीक नियोजित शिक्षक टुनटुन मलिकक निधनक बाद मंगलदिन शिक्षक सभ आ विद्यालय परिवारक दिस सं हुनकर परिजन कें1 लाख 11 हजार टाकाक आर्थिक सहायता देल गेल। बीतल 29 अगस्त कें शिक्षकक असामयिक निधनसं शिक्षा जगत मे शोकक लहरि पसरि गेल छल। परिवारक आर्थिक स्थिति कें देखि प्रखंडक विभिन्नविद्यालयक प्रधानाध्यापक आ शिक्षक सभ आपसी सहयोग सं सहायता राशि जुटौने छलाह। बीईओरामजन्म सिंह आ पूर्व बीआरपी सह प्रधानाध्यापक बालमुकुंद सिंहक नेतृत्व मे शिक्षक सभ दिवंगतशिक्षकक घर पहुंचलाह। ओतय हुनकर पत्नी रीता देवी तथा पुत्र चंदन मलिक आ राजा मलिक कें 1लाख 11 हजार टाकाक नगद सहायता देल गेल। एहि दौरान शिक्षक सभ परिजन कें ढाढ़स बन्हबैत आगू सेहो हरसंभव सहयोगक भरोसा देलनि। बीईओ रामजन्म सिंह कहलनि जे शिक्षक टुनटुन मलिककअसामयिक निधन सं शिक्षा विभाग कें अपूरणीय क्षति भेल अछि। परिवार कें विभागीय स्तर सं भेटयवलासरकारी सहायता राशि आ अन्य देय लाभ शीघ्र सं शीघ्र दिलेबाक प्रयास कएल जाएत। ओ कहलनि जे संकट्क एहि घड़ी मे शिक्षक सभक परिवारक संग ठाढ़ रहब मानवीय संवेदना आ सामाजिक जिम्मेदारीकउदाहरण अछि। सहायता राशि जुटेबा मे उत्क्रमित मध्य विद्यालय कलवारा, मध्य विद्यालय दसौत,प्राथमिक विद्यालय जगदर, मध्य विद्यालय लक्ष्मीनिया, उत्क्रमित मध्य विद्यालय सरहिला, उत्क्रमितमध्य विद्यालय परसा, मध्य विद्यालय बुनियादपुर, मध्य विद्यालय छतौनी, उत्क्रमित मध्य विद्यालय चितौड़ बेला, मध्य विद्यालय बंदा कन्या, उत्क्रमित मध्य विद्यालय बंदा कॉलोनी, प्राथमिक विद्यालय भिखमचक सहित अन्य विद्यालयक प्रधानाध्यापक आ शिक्षक सभक महत्वपूर्ण भूमिका रहल।

संगठनक मजबूती लेल बूथ स्तर धरि सक्रिय होथि कार्यकर्ता

भाजपाक सांगठनिक जिला दरभंगा पूर्वीक बैसार मे संगठन विस्तार पर भेल मंथन

बेनीपुर, समदिया

भाजपा सांगठनिक जिला दरभंगा पूर्वी जिला कमिटीक महत्वपूर्ण बैसार मंगलदिन तारडीह प्रखंडक नदियामी गाम मे मुखिया कन्हैया चौधरीक आवासीय कार्यालय मे भेल। अध्यक्षता भाजपा जिलाध्यक्ष विनय कुमार पासवान कएलनि। बैसार मे संगठनक मजबूती, कार्यकर्ता विस्तार, सेवा संकल्प अभियान, 'मन की बात' कार्यक्रम तथा केंद्र आ राज्य सरकारक जनकल्याणकारी योजना कें समाजक आखरी व्यक्तिधरि पहुंचयबाक संबंध मे विस्तार सं चर्चा भेल। जिलाध्यक्ष विनय कुमार पासवान कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे केंद्र सरकार तथा बिहार मे एनडीए सरकार समाजक सभ वर्गक कल्याण लेल कतेको योजना चला रहल अछि। कार्यकर्ता गाम-गाम पहुंचि लोक कें एहि योजनाक जानकारी देथि आ वास्तविक लाभुक धरि योजनाक लाभ पहुंचयबा मे सहयोग करथि। जिला महामंत्री संजय कुमार सिंह उर्फपप्पू सिंह कहलनि जे मजबूत संगठन पार्टीक सफलताक आधार अछि। कार्यकर्ता संगठनक रीढ़ छथि।बूथ स्तर पर सक्रियता बढ़ा कए पार्टीक नीति आ विचारधारा कें जन-जन धरि पहुंचयबाक आवश्यकताअछि। ओ 'मन की बात' आ सेवा संकल्प अभियान कें जनभागीदारीक संग सफल बनेबाक आह्वान कएलनि। बैसार मे आगामी कार्यक्रम सभ कें लए कए कार्यकर्ता सभक जिम्मेवारी सेहो तय कएल गेल। एहि अवसर पर जिला महामंत्री शत्रुघ्न सहनी, उपाध्यक्ष सरिता देवी, ममता देवी, प्रदीप प्रधान, इंद्रेश झा, राधेश्याम झा, संतोष झा, रिंकू देवी, विकास सिंह सहित कई पदाधिकारी आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

बाढ़ि पीड़ितक बीच पहुंचल केंद्रीय गृह राज्यमंत्री, नाह पर सवार भए बांटलनि राहति सामग्री

समस्तीपुर, समदिया

भारत सरकारक गृह राज्यमंत्री सह उजियारपुर सांसद नित्यानंद राय सोमदिन समस्तीपुर जिलाक मोहनपुर प्रखंडक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक दौरा कए राहति-बचाव कार्यक जायजा लेलनि। दौरा दौरान मंत्री नाव पर सवार भए जलजमाव सं घेरायल टोल सभ मे फंसल लोकक बीच पहुंचलाह। ओ पीड़ित परिवार सं भेंट कए हुनकर समस्या सुनलनि आ राहति सामग्रीक वितरण कएलनि। एहि क्रम मे प्रशासनक दिस सं संचालित सामुदायिक रसोइ, पशु शिविर, मेडिकल कैंप आ स्वच्छ पेयजल व्यवस्थाक निरीक्षण सेहोकएलनि। नित्यानंद राय कहलनि जे केंद्र आ राज्य सरकार बाढ़ि पीड़ितक संग मजबूती सं ठाढ़ अछि। कोनो परिवार कें परेशानी नहि होमय देल जाएत। ओ जिला प्रशासन कें सभ प्रभावित परिवार धरि त्वरित राहति पहुंचयबाक आ जीआर वितरणक काज मे तेजी आनबाक सख्त निर्देश देलनि। निरीक्षणक दौरानमंत्री प्रभावित लोक सं सीधा संवाद करैत राहति कार्यक स्थिति आ स्थानीय समस्या बारे जानकारी लेलनि। प्रशासनिक स्तर पर उपलब्ध कराओल जा रहल भोजन, चिकित्सा, पशु देखभाल आ पेयजल सुविधा कें प्रभावी बनौने रखबाक निर्देश सेहो देल गेल। एहि अवसर पर अपर समाहर्ता आपदा प्रबंधन राजेश कुमार सहित अन्य वरीय पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

26 सितंबर कें जिला मुख्यालय मे शिक्षकक विशाल धरनाक ऐलान

पुरान पेंशन आ पूर्ण वेतनमान पर उठत आवाज

समस्तीपुर, समदिया

अपन लंबित मांग कें लए शिक्षक सभ फेर आंदोलनक घोषणा केने छथि। बिहार पंचायत-नगर प्रारंभिक शिक्षक संघ (मूल)क प्रदेश कमिटीक निर्णयक आलोक मे आगामी 26 सितंबर कें समस्तीपुर जिला मुख्यालय पर विशाल एकदिवसीय धरना-प्रदर्शन आयोजित कएल जाएत। एहि आंदोलन मे जिलाक सभप्रखंड सं पैघ संख्या मे शिक्षकक शामिल होयबाक संभावना अछि। संघक जिलाध्यक्ष सह प्रदेश सचिव कुमार रजनीश कहलनि जे धरना-प्रदर्शनक बाद जिला पदाधिकारीक माध्यम सं सरकार कें स्मार-पत्र सौंपल जाएत। ओ कहलनि जे शिक्षक सभ बहुत दिन सं पुरान वेतनमान, पुरान पेंशन योजना, पूर्ण वेतनमान, कालबद्ध प्रोन्नति आ स्नातक ग्रेड मे प्रोन्नति सहित अन्य मांग कें लए संघर्षरत छथि। कुमार रजनीश कहलनि जे शिक्षक समाज आ राष्ट्रक भविष्यक निर्माण करैत छथि। जखन शिक्षक अपन वेतन आ भविष्य कें लए चिंतित रहताह तं एकर असरि शिक्षा व्यवस्था पर पड़ब स्वाभाविक अछि। सरकार कें शिक्षक सभक भावना आ जायज मांग पर गंभीरतापूर्वक विचार करबाक चाही। ओ कहलनि जे शिक्षकक मांग कें सरकार धरि प्रभावी ढंग सं पहुंचयबाक लेल एकजुटता जरूरी अछि। लोकतांत्रिकआंदोलनक सब सं पैघ ताकत शिक्षक सभक एकता अछि। एहि लेल ओ जिलाक सभ शिक्षक सं 26 सितंबरक धरना-प्रदर्शन कें ऐतिहासिक रूप सं सफल बनेबाक अपील कएलनि। संघक पदाधिकारी सभ कहलनि जे लंबित मांग पर सरकारक ध्यान आकृष्ट करयबाक लेल आंदोलन कें व्यापक रूप देल जाएत। बैसार मे प्रदेश महासचिव जयंत सिंह, कोषाध्यक्ष धर्मेंद्र कुमार, उपाध्यक्ष रणधीर कुमार सहित सैकड़ो शिक्षक उपस्थित छलाह।

बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे राहति बचाव कार्य तेज, प्रशासनक व्यापक तैयारी जारी

समस्तीपुर, समदिया

81 सामुदायिक रसोइ आ 18 मेडिकल कैंप सक्रिय

» 2.33 लाख सं बेसी प्रभावित लोक धरि पहुंचि रहल राहति सुविधा,

समस्तीपुर जिला मे बाढ़िक स्थिति कें देखैत जिला प्रशासन प्रभावित लोक कें हरसंभव सहायता आ आवश्यक सुविधा उपलब्ध करयबाक लेल राहति-बचाव कार्य तेज गति सं चला रहल अछि। प्रभावित क्षेत्रमे लोकक सुरक्षा, भोजन, स्वास्थ्य, आवागमन आ पशुक लेल आवश्यक व्यवस्था पर विशेष ध्यान देल जारहल अछि। वर्तमान मे जिला मे 2,33,212 लोक बाढ़ि सं प्रभावित छथि। प्रभावित परिवार धरि समय परराहति सुविधा पहुंचयबाक लेल संबंधित प्रखंड मे प्रशासनिक आ आपदा प्रबंधनक टीम लगातार सक्रिय अछि। बाढ़ि प्रभावित लोक कें भोजन उपलब्ध करयबाक लेल जिला मे 81 सामुदायिक रसोइ चलाओल जारहल अछि। एहि रसोइ सं भोर आ सांझ मिला कए प्रतिदिन करीब 65 हजार लोक कें भोजन देल जारहल अछि। भोजनक गुणवत्ता, स्वच्छता आ उपलब्धताक लगातार निगरानी कएल जा रहल अछि। प्रभावितपरिवार कें तत्काल आश्रय आ सुरक्षा देबाक लेल एखन धरि 32,515 पॉलिथीन शीट वितरित कएल जाचुकल अछि। आवश्यकता अनुसार अन्य राहति सामग्री सेहो उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। स्वास्थ्य सेवा सुचारू रखबाक लेल 18 मेडिकल कैंप सक्रिय अछि। एहि कैंप मे चिकित्सकीय परामर्श, आवश्यक दवा आ प्राथमिक स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। स्वास्थ्य विभागक टीम प्रभावित क्षेत्रक लगातार भ्रमण कए रहल अछि। पशुक सुरक्षा लेल 17 पशु कैंप आ शेड संचालित अछि। पशु चारा आ भूसा लेल एखन धरि 490 क्विंटल सामग्री वितरित कएल गेल अछि। पशुक उपचार लेल 17 पशु चिकित्सा कैंप सक्रिय अछि, जतय एखन धरि 290 पशु कें दवा आ चिकित्सा सुविधा देल गेल अछि। बाढ़ि प्रभावित तीनू प्रखंड मे लोकक आवागमन आ राहति सामग्री पहुंचयबाक लेल कुल 201 नाव चलाओल जा रहल अछि। नाव सं लोक कें सुरक्षित स्थान धरि पहुंचयबाक काज सेहो जारी अछि। जिला प्रशासन प्रभावित क्षेत्रक स्थिति पर लगातार नजरि रखने अछि। संबंधित पदाधिकारी आ कर्मी कें क्षेत्र मे लगातार भ्रमण कए लोकक समस्या तत्काल दूर करबाक निर्देश देल गेल अछि। प्रशासनक प्राथमिकता अछि जे प्रत्येक प्रभावित परिवार धरि आवश्यकता अनुसार भोजन, स्वास्थ्य, आश्रय, राहति सामग्री, सुरक्षित आवागमन आ पशुक लेल चारा-चिकित्सा सुविधा समय पर पहुंचय।

दरभंगा स्नातक क्षेत्र सं डॉ. अनिल चौधरी कएलनि स्वतंत्र उम्मीदवारीक घोषणा

दरभंगा, समदिया

दिल्ली मोड़ स्थित एकटा होटल मे मिथिला क्षेत्रीय ग्रामीण विकास संघक अध्यक्ष सह ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक स्नातकोत्तर इतिहास विभागक अध्यक्ष डॉ. अनिल कुमार चौधरी दरभंगा स्नातक क्षेत्र सं स्वतंत्र उम्मीदवारक रूप मे अपन उम्मीदवारीक घोषणा कएलनि। ओ कहलनि जे युवा, छात्र आ आम लोकक समस्या कें सदन धरि पहुंचयबाक उद्देश्य सं ओ चुनावी मैदान मे उतरि रहल छथि। डॉ. चौधरी बिहार मे बाढ़ि आ सुखाड़क स्थिति लए सरकार पर निशाना साधैत कहलनि जे राज्यक कतहु क्षेत्र पानि मे डूबल अछि तं कतहु सुखाड़क स्थिति अछि। जं सरकार जल प्रबंधनक समुचित योजना बना कए समय रहिते पानिक संग्रहण आ निकासी लेल व्यवस्था केने रहित तं बाढ़ि सं होयवला नोकसान कें बहुत हद धरि कम कएल जा सकैत छल। ओ कहलनि जे दरभंगा, मधुबनी आ समस्तीपुर सहित कतेको क्षेत्र मे सुखाड़क स्थिति अछि, जखन कि राज्यक अन्य हिस्सा बाढ़िक चपेट मे अछि। ओ कहलनि जे बिहारक युवा रोजगार लेल दर-दर भटकि रहल छथि। विभिन्न सरकारी विभाग मे पैघ संख्या मे पद रिक्त रहला पर सेहो पर्याप्त रिक्ति नहि निकालल जा रहल अछि। सरकार कें युवाक भविष्य आ रोजगारक मुद्दा पर गंभीरतापूर्वक काज करबाक आवश्यकता अछि। डॉ. चौधरी कहलनि जे युवा आब सरकारक कार्यप्रणाली कें बुझि चुकल छथि आ बदलावक पक्ष मे ठाढ़ भए रहल छथि। छात्र आ युवाकमांग तथा हुनकर समस्या कें सदन धरि पहुंचाबय आ समाधानक लेल प्रयास करबाक उद्देश्य सं ओ अपन उम्मीदवारी पेश कएलनि।

जेपीएससी-जेएसएससी सीजीएल धांधलीक विरुद्ध भाजपा केलक आंदोलन

रांची मे डीसी कार्यालयक घेराव

रांची,समदिया

जेपीएससी आ जेएसएससी-सीजीएल भर्ती परीक्षा मे कथित धांधली आ छात्र आंदोलनक दौरान छात्र पर दर्ज मुकदमा वापस लेबाक मांग कें लए झारखंड भाजपाचारि दिवसीय राज्यव्यापी आंदोलनक शुरुआत कएलक। आंदोलनक पहिल दिन 8 अगस्त कें राजधानी रांची मे भाजपा प्रदेश अध्यक्ष आदित्य साहूक नेतृत्व मे पैघ संख्या मे पार्टी नेता आ कार्यकर्ता डीसी कार्यालय पहुंचलाह आ घेराव कएलनि। एहि दौरान भाजपा दिस सं दू सूत्री मांग कें लए डीसी कें ज्ञापन सौंपल गेल। मांगक समर्थन मे कार्यकर्ता डीसी कार्यालयक बाहर धरना पर सेहो बैसलाह। भाजपाक पहिल मांग अछि जे छात्र आंदोलनक दौरान 300 सं बेसी छात्र पर दर्ज एफआईआर वापस लेल जाए। दोसर मांग जेएसएससी-सीजीएल परीक्षा मे पेपर लीकक जांच सीआईडीक बदला सीबीआई सं कराओल जाए। भाजपा नेताक कहब

अछि जे छात्रक आंदोलनक बादो सरकार दिस सं हुनकर मांग पर गंभीरता सं पहल नहि कएल गेल अछि। प्रदेश अध्यक्ष आदित्य साहू कहलनि जे भाजपा पहिने सेहो चुनाव आयोग सं भेंट कए ज्ञापन सौंपने छल आ 48 घंटाक अल्टीमेटम देने छल, मुदा हुनकर मांग पर ध्यान नहि देल गेल। ओ कहलनि जे छात्रक हित मे भाजपाक आंदोलन आगू सेहो जारी रहत।रांची विधायक सीपी सिंह कहलनि जे बुधदिनक प्रदर्शन मात्र शुरुआत अछि। जं छात्र पर दर्ज मुकदमा वापस नहि लेल गेल, तं एहि सं पैघ आंदोलन कएल जाएत। भाजपाबहुत दिन सं जेएसएससी-सीजीएल मामिलाक सीबीआई जांचक मांग कए रहल अछि। पार्टीक आरोप अछि जे सीआईडी जांचक माध्यम सं सरकारक किछु प्रमुख चेहरा केंबचयबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। भाजपा नेताक कहब अछि जे सीबीआई जांच भेलाक बाद मामिलाक पूरा सच्चाइ सामने आबि सकैत अछि आ दोषी धरि पहुंचनाइसंभव होयत। मीडियाक संग बातचीत मे आदित्य साहू आरोप लगौलनि जे झारखंडक छात्रक संग अन्याय भेल अछि। ओ कहलनि जे जाहि नौकरी पर झारखंडक छात्रक अधिकार होयबाक चाही छल, ओहि मे बाहरक छात्र कें मौका देल गेल। क्षेत्रीय भाषाक उदाहरण दैत ओ कहलनि जे खोरठा आ नागपुरी जेकां भाषाक परीक्षा मे ओहि छात्रक चयन भेल, जे एहि भाषा कें जानैत तक नहि छथि। जखनकि एहि भाषा कें बाजनिहार झारखंडक कतेको छात्र परीक्षा मे सफल नहि भए सकलाह। आदित्य साहू आरोपलगौलनि जे एहि सं परीक्षा मे भेल गड़बड़ीक स्तर बुझल जा सकैत अछि आझारखंडक छात्रक अधिकारक संग खिलवाड़ कएल गेल अछि।आदित्य साहू कहलनि जे छात्र अपन अधिकारक लेल शांतिपूर्ण आ मर्यादित तरहे आंदोलन कएलनि। हुनकर अनुसार, आंदोलनक दौरान छात्र कोनो नेता कें गारि नहि देलनि आ नहि अभद्र टिप्पणी कएलनि। तकर बावजूद छात्र पर मुकदमा दर्ज कएल गेल अछि। ओ आरोप लगौलनि जे छात्र कें डरयबाक लेल मुकदमा कएल जा रहल अछि। आदित्य साहू कहलनि जे भाजपा शुरुआत सं छात्रक संग ठाढ़ अछि आ आगू सेहो हुनका सभक संग रहत। छात्रक संग अन्याय वा अत्याचार भेल तं पार्टी ओकर विरुद्ध आंदोलन करैत रहत।

रोगी-परिजन आ डॉक्टरक बीच विवाद आ मारपीटक घटनाक लेल प्रबंधन सख्त

रांची ,समदिया

» रिम्स मे वॉकी-टॉकी सं लैस हेताह गार्ड

रिम्स मे रोगी-परिजन आ डॉक्टरक बीच आए दिन होइत विवाद आ मारपीटक घटनाक प्रबंधन गंभीरता सं लेल अछि। सोमदिन रिम्स निदेशक डॉ. डीके सिन्हाक अध्यक्षता मे भेल उच्चस्तरीय समीक्षा बैठक मे अस्पतालक सुरक्षा व्यवस्था कें नव तरहे सं मजबूत करबाक निर्णय लेल गेल। आब संवेदनशील क्षेत्र मे तीन पाली मे सुरक्षा गार्डक तैनाती कएल जाएत आ पूरा परिसर मे 24 घंटा सक्रिय रहनिहार क्विक रिस्पॉन्स टीम (क्यूआरटी) बनाओल जाएत। सुरक्षा कर्मीक बीच शीघ्र तालमेल लेल वॉकी-टॉकी संचार प्रणाली शुरू कएल जाएत। बैठक मे चिकित्सा अधीक्षक डॉ. हिरेंद्र बिरूआ, अपर चिकित्सा अधीक्षक डॉ. शैलेश त्रिपाठी, संपदा पदाधिकारी डॉ. शिव प्रिये, प्रशासनिक अधिकारीक संग होमगार्ड, सैपआ जैपक वरिष्ठ अधिकारी उपस्थित छलाह।बैठक मे जूनियर डॉक्टर्स एसोसिएशनक प्रतिनिधि लोक सेहो डॉक्टरक सुरक्षाक लेलअपन चिंता रखलनि। निदेशक सभ मुद्दा सुनलाक बाद पदाधिकारी सं विस्तृत रिपोर्टमांगलनि। अलग-अलग विंग मे बांटल जाएत रिम्स निगरानी कें मजबूत बनेबाक लेल रिम्स परिसर कें अलग-अलग विंग मे बांटल जाएत। प्रत्येक विंग मे एक जिम्मेदार अधिकारीक तैनाती होयत, जे सुरक्षा व्यवस्थाकनिगरानी आ आपात स्थिति मे तत्काल निर्णय लेबाक लेल जवाबदेह होयताह। ट्रॉमा सेंटर, मेडिसिन, सर्जरी आ आईसीयू मे पर्याप्त संख्या मे गार्डक तैनाती कएल जाएत।

धनबादक सिजुआ मे जमीन धंसल, कतेको घर धराशायी

धनबाद, समदिया

बच्चाक मृत्यु, सात लोक घायल

» घटना बाद आक्रोशित लोक सड़क जाम कए कएलनि प्रदर्शन

धनबादक जोगता थाना क्षेत्रक सिजुआ 10 नंबर मे मंगलदिन जमीन धसलाक घटना भेल। तेज आवाजक संग जमीन धसल आ कतेको घर एकर चपेट मे आबि खसि पड़ल। आसपासक क्षेत्र मे जमीन पर पैघ-पैघ दरार सेहो पड़ि गेल। एहि घटना मे दू बच्चा सहित करीब छह महिला घायल भए गेली। सभ घायल केंतत्काल अस्पताल लए जाएत गेल, जतय इलाजक दौरान एक बच्चाक मृत्यु भए गेल। घटनाक खबर पसरिते पैघ संख्या मे लोक घटनास्थल पर जमा भए गेलाह। स्थानीय लोक मे बीसीसीएल आ जिला प्रशासनक विरुद्ध आक्रोश अछि। आक्रोशित लोक सिजुआ-धनबाद मुख्य सड़क जाम कए प्रदर्शन कएलनि। लोकक कहब अछि जे क्षेत्र मे दीर्घ समय सं अवैध कोयला खनन भए रहल अछि। एहि सं जमीन कमजोर भए गेल अछि। एकर बावजूद प्रभावित परिवार कें सुरक्षित स्थान पर नहिबसाओल गेल अछि। एहि बीच घटनाक

जानकारी भेटलाक बाद बाघमारा विधायक शत्रुघ्न महतो घटनास्थल पर पहुंचलाह। ओ प्रभावित परिवार सं भेंट कएलनि। विधायक भूधसान लेल सरकार आ बीसीसीएल कें जिम्मेदार बतौलनि।विधायक कहलनि जे बाघमारा क्षेत्र मे अवैध माइनिंगक कारण लगातार जमीनधसलाक घटना भए रहल अछि। प्रशासन आ बीसीसीएल कें क्षेत्रक खतरा संबंधी जानकारी अछि, तकर बावजूद पुनर्वास मे लापरवाही कएल जा रहल अछि। स्थानीय लोक प्रशासन आ बीसीसीएल सं मांग कएलनि। ओ सभ सभ प्रभावित परिवार कें तत्काल सुरक्षित स्थान पर बसाबयक बात कहलनि। संगहि उचित मुआवजा देबाक आ क्षेत्र मे अवैध कोयला खनन पर रोक लगाबयक मांग सेहोकएलनि।

रामगढ़ मे जर्जर सड़कक मरम्मतिक लेल सड़क जाम

कतेको किलोमीटर धरि वाहनक कतार

रामगढ़ ,समदिया

रामगढ़ जिलाक छोटकी चुंबा मे गिद्दी रोड सं नया मोड़ मुख्य मार्गक खराब अवस्थाक विरोध मे ग्रामीणक गुस्सा चारिम दिनो जारी रहल। सड़कक मरम्मतिक मांग कें लए ग्रामीण मुख्य मार्ग कें आवागमनक लेल पूरा तरहे बंद कए देलनि। ग्रामीणक आरोप अछि जे करीब 13 वर्ष पहिने एहि सड़कक निर्माण भेल छल, मुदा तकर बाद आइ धरि एकर ठीक सं मरम्मति नहि कएल गेल। सड़क पर जगह-जगहपैघ-पैघ खद्धा बनि गेल अछि। एहि गड्ढाक कारण रोज सड़क दुर्घटना होइत रहैत अछि आ कतेको लोकक जान सेहो जा चुकल अछि। ई सड़क सीसीएलक

कतेको परियोजना आ आसपासक कतेको गांवक लोकक लेल बहुत जरूरी अछि। सड़क जाम भेलाक कारण दुनू दिस कतेको किलोमीटर धरि भारी वाहनक लंबा कतार लागल अछि। ग्रामीण किशोर कुमार कहलनि जे मंगलदिन जामक चारिम दिन अछि। ग्रामीणक कहब अछि जे जखन धरि सड़क मरम्मतिक काज शुरू करबाक भरोसा नहि भेटत, तखन धरि ओ लोक जाम नहि हटाओत।

कार चालक संघक बैठक मे संगठनक मजबूती आ चालकक सुरक्षाक देल गेल जोर

गुमला ,समदिया

कार चालक संघक बैठक सोमदिन अल्बर्ट एक्का स्टेडियम मे संघक अध्यक्ष विद्या बड़ाईकक अध्यक्षता मे भेल। बैठक मे आगामी विश्वकर्मा पूजा टैक्सी स्टैंड मे धूमधाम सं मनयबाक संबंध मे चर्चा कएल गेल। आयोजन लेल प्रत्येक कार चालक सं सहयोग राशि लेबाक विषय पर सेहो विचार-विमर्श भेल।बैठक मे संघ कें मजबूत आ संगठित बनयबाक संग वाहन चालकक सुरक्षाक विषय पर सेहो चर्चा भेल। चालक लोक सं नशाक अवस्था मे वाहन नहि चलयबाक, वाहनचलबैत काल सीट बेल्टक अनिवार्य रूप सं उपयोग करबाक, वैध ड्राइविंग लाइसेंस रखबाक आ यातायात नियमक पालन करबाक अपील कएल गेल। वक्ता लोक कहलनि जे चालकक जिम्मेदारी यात्रि कें सुरक्षित गंतव्य धरि पहुंचेबाक संग सड़क पर अपनआ दोसर लोकक सुरक्षाक सुनिश्चित करब सेहो अछि।विश्वकर्मा पूजाक सफल आयोजन लेल आयोजन समितिक गठन कएल गेल। अध्यक्ष कुंज बिहारी सिंह, उपाध्यक्ष संजय प्रसाद, संदीप नायक, बालेश्वर मेहर, लिबियनजोजो आ सुनील बड़ाईक, सचिव कृष्णा मेहर, उप सचिव विकास साहू आ मोहम्मद शमशेर खान, कोषाध्यक्ष प्रदीप कुमार राम आ सह कोषाध्यक्ष विश्वनाथ बड़ाईक कें बनाओल गेल।

मुख्य संरक्षक रामाधार गोप, प्रधान संरक्षक राजेंद्र साहू आ संरक्षक अनिल गुप्ता, पृथ्वीराज चौहान, आजम खान आ संजय प्रसाद कें बनाओल गेल। मीडिया प्रभारीक जिम्मेदारी राजेश बड़ाईक आ विनोद बड़ाईक कें देल गेल।आयोजन समिति मे व्यवस्थापकक रूप मे दिनेश प्रधान, संदीप सिंह, रमेश प्रधान, नीरज एक्का, राजेंद्र सिंह, विनोद साहू, करण साहू आ विजय बड़ाईक कें शामिल कएल गेल।बैठक मे विनोद बड़ाईक, प्रदीप कुमार राम, विकास साहू, संदीप कुमार नायक, दिनेशप्रधान, संजय प्रसाद, विनोद कुमार साहू, विश्वनाथ बड़ाईक, बालेश्वर मेहर, रविंद्र नाथमिश्रा, लिबियन जोजो, शमशेर खान, सुकेश बिलुंग, सुनील बड़ाईक, संदीप सिंह,रामाधार गोप, राजेंद्र सिंह, कुंज बिहारी सिंह, नीरज एक्का, रामेश्वर प्रधान, विद्याबड़ाईक, सुधीर साहू सहित अन्य सदस्य उपस्थित छलाह।

देवघर मे जनता दरबार, डीसी सुनलनि शिकायत

देवघर ,समदिया

दाखिल-खारिज पर अधिकारी कें देलनि अल्टीमेटम

जिलावासीक समस्याक शीघ्र समाधान कें लए उपायुक्त सौरभ कुमार भुवानियाक अध्यक्षता मे मंगलदिन जनता दरबारक आयोजन कएल गेल। शहरी आ ग्रामीण क्षेत्र सं पहुंचल लोक भू-अर्जन आ मुआवजा भुगतान, झारखंड मुख्यमंत्री मईंया सम्मान योजना, पेंशन, आवास सहित विभिन्न मामिला सं जुड़ल शिकायतउपायुक्तक समक्ष रखलनि।उपायुक्त लोकक समस्या कें एक-एक कए सुनलनि आ संबंधित अधिकारी केंप्राथमिकताक आधार पर शीघ्र कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। कतेको मामिलाकसंबंधित विभाग दिस सं मौका परे समाधान कएल गेल। जनता दरबार मे राशन कार्ड मे नाम जोड़बाक, पेंशन, मईंया सम्मान योजना आ राजस्व सं जुड़ल कतेको मामिलाक तत्काल समाधान कएल गेल। एहि सं फरियादी केंतुरंत राहति भेटल।उपायुक्त अधिकारी

कें निर्देश देलनि जे जनशिकायतक निष्पादन मे अनावश्यक देरी नहि हो आ पात्र लोक कें सरकारी योजना आ सेवाक लाभ समय पर भेटए। अंचल सं जुड़ल शिकायतक समीक्षा करैत उपायुक्त सभ अंचलाधिकारी कें लंबित दाखिल-खारिज अर्थात म्यूटेशन मामिला निर्धारित समय-सीमा मे निष्पादित करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे बिना ठोस कारण कोनो आवेदन अस्वीकृत नहि कएल जाए। आवेदनमे त्रुटि रहला पर रैयत सं समन्वय कए ओकर समय पर समाधान कएल जाए। परिवार कें देल जाएबला पर्चा सं जुड़ल लंबित मामिलाक सेहो शीघ्र निष्पादन करबाक निर्देश देल गेल।जनता दरबार मे अतिक्रमण, शिक्षा, अनुकंपा, बिजली बिल आ भू-अर्जन सं जुड़लमामिला पर सेहो सुनवाइ भेल। उपायुक्त संबंधित अधिकारी कें मामिलाक भौतिकजांच कए प्रगति प्रतिवेदन उपलब्ध करयबाक निर्देश देलनि। अधिकारी कें एक सप्ताहक भीतर कएल गेल कारबाइक प्रतिपुष्टि उपायुक्त कार्यालयमे जमा करय पड़त। आम लोकक सुविधा कें ध्यान मे राखैत उपायुक्त जन्म-मृत्यु प्रमाणपत्र आ आधार कार्ड सं जुड़ल विशेष कैंप आयोजित करबाक सेहो निर्देश देलनि। एकर उद्देश्य लोककें जरूरी दस्तावेज बनयबाक लेल कार्यालयक अनावश्यक चक्कर लगयबाक परेशानीसं राहति देब अछि। जनता दरबारक माध्यम सं जिला प्रशासन स्पष्ट कएलक जे नागरिकक समस्याक समयबद्ध आ पारदर्शी समाधान प्रशासनक प्राथमिकता अछि।

साहिबगंजक कतेको मोहल्ला जलमग्न, बच्चा कें नावक सहारे स्कूल पहुंचा रहल अभिभावक

साहिबगंज ,समदिया

गंगाक जलस्तर लगातार खतराक निशान सं ऊपर बनल रहबाक कारण साहिबगंज शहरक कतेको मोहल्ला बाढ़िक चपेट मे आबि गेल अछि। कतेको क्षेत्रकसड़क पर बाढ़िक गंदा पानि बहि रहल अछि, जाहि कारण लोकक आवागमन प्रभावितभए गेल अछि। बाढ़िक स्थितिक सब सं बेसी असर स्कूल आ कॉलेज जाएबला छात्र-छात्रा पर देखय कें भेटि रहल अछि। पानिक बीच सं होइत बच्चा कें विद्यालय जेबाक मजबूरी बनल अछि, जाहि कारण अभिभावकक चिंता बढ़ि गेल अछि। शहरक पूर्वी क्षेत्रक हबीबपुर, हरिपुर, कमलटोला, शास्त्रीनगर, बैसी स्थान, कबूतरखोपी आ चानन सहित कतेको मोहल्ला मे बाढ़िक पानि पहुंचि गेल अछि। ओतहि पश्चिमी क्षेत्रक भारतीय कॉलोनी, तालबन्ना, रसुलपुर दहला सहित

दोसरइलाका मे सेहो बाढ़िक असर देखय कें भेटि रहल अछि। कतेको विद्यालय धरि सेहो बाढ़िक पानि पहुंचबाक सूचना अछि। बाढ़िक पानिक बीच बच्चा कें विद्यालय पहुंचेनाइ अभिभावकक लेल पैघ चुनौती बनि गेल अछि। कतेको जगह अभिभावक बच्चा कें गोद मे लए कए पानि पार करबैत देखल गेलाह।किछु स्थान पर स्कूली वाहनक आवागमन सेहो प्रभावित भेल अछि। एहि स्थिति मे अभिभावक कें बच्चा कें मुख्य सड़क धरि पहुंचेबाक लेल अतिरिक्त परेशानी उठाबयपड़ि रहल अछि।बाढ़िक पानिक बीच किछु अभिभावक बच्चा कें जूता-मोजा पहिरा कए स्कूल धरि लए जेबाक लेल मजबूर भेलाह। पानि मे आवागमनक समय बच्चाक सुरक्षा कें लएअभिभावक चिंतित छथि।बाढ़िक कारण शहरक कतेको प्रमुख विद्यालय मे पढ़निहार छात्र-छात्रा कें स्कूल पहुंचय मे परेशानीक सामना करय पड़ि रहल अछि।संत जेवियर स्कूल, सेंट जोसेफ स्कूल, माइकल स्कूल, सेंट्रल स्कूल, उत्क्रमित उच्च विद्यालय आ नगर पालिका कन्या विद्यालय सहित अन्य विद्यालयक विद्यार्थी सभक आवागमन पर सेहो बाढ़िक असर पड़ल अछि। विशेष रूप सं छोट बच्चा आ छात्रा कें पानि सं होइत विद्यालय पहुंचय मे बहुत परेशानी भए' रहल अछि। बाढ़िक बिगड़ैत स्थिति कें देखैत शहरक गणमान्य लोक आ अभिभावक सभ जिलाप्रशासन सं बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक विद्यालय कें तत्काल बंद करबाक मांग कएलनिअछि। अभिभावकक कहब अछि जे जखन सड़क पर बाढ़िक पानि बहि रहल अछि आ कतेको क्षेत्र मे आवागमन प्रभावित अछि, तखन बच्चा कें स्कूल पठेनाइ हुनकर सुरक्षाक लेल खतरा अछि। ओ लोक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे रहनिहार छात्र-छात्रा आ शिक्षक कें सेहो स्थितिसामान्य होय धरि छुट्टी देबाक मांग कएलनि अछि। लगातार बढ़ि रहल गंगाक जलस्तरक बीच शहरक निचला इलाका मे स्थितिचिंताजनक बनल अछि। एहि स्थिति मे अभिभावक चाहैत छथि जे प्रशासन बच्चाक सुरक्षा कें प्राथमिकता दैत बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक विद्यालयक संचालन पर तत्काल निर्णय लिअ। फिलहाल लोकक नजरि जिला प्रशासनक अगिला कदम पर अछि।

झोपड़ी कॉलोनी मे विश्वकर्मा पूजा संग सजत मेला

बोकारो,समदिया

47 वर्ष पुरान परंपराक देखल जायत रंग

बोकारो मे विश्वकर्मा पूजाक तैयारी जोर पकड़य लागल अछि। माराफारी थाना क्षेत्रक बीएसएल झोपड़ी कॉलोनी मे करीब 47 वर्ष सं चलि रहल विश्वकर्मा पूजाकपरंपरा एहि वर्ष सेहो भव्य रूप लेत। 17 सितंबर सं सात दिवसीय पूजा समारोह आ मेलाक आयोजन होयत। एहि कें लए पूजा समिति आ स्थानीय लोक तैयारी मे जुटल छथि। ई आयोजन आब झोपड़ी कॉलोनीक पहचान बनि चुकल अछि। विश्वकर्मा मैदान मे आकर्षक पूजा पंडाल तैयार कएल जा रहल अछि। पूरा परिसर कें रंग-बिरंगी रोशनी आ सजावट सं सजाओल जाएत। एतय भगवान विश्वकर्माक प्रतिमा स्थापित कए विधि-विधान सं पूजा-अर्चना कएल जाएत। सात दिन धरि चलनिहार आयोजन मे बच्चा सं लए बुजुर्ग धरि सभक मनोरंजनक व्यवस्था रहत। विभिन्न प्रकारक झूला, चरखा, मीना बाजार आ खान-पानक दोकान मेला कें प्रमुख आकर्षण रहत।झोपड़ी कॉलोनी मे विश्वकर्मा पूजाक आयोजन करीब 47 वर्ष सं लगातार होइत आबि रहल अछि। स्थानीय बुजुर्गक अनुसार, वर्ष पहिने शुरू भेल ई परंपरा समयक संग विस्तार पाबैत गेल। आब पूजा संग लगनिहार मेला आसपासक क्षेत्रक लोक कें सेहोआकर्षित करैत अछि।पैघ संख्या मे श्रद्धालु परिवारक संग पूजा मैदान पहुंचैत छथि। बुजुर्गक लेल ई आयोजन पुरान स्मृति आ आस्था सं जुड़ल अछि, जखनकि नव पीढ़ी एकरा उत्सव आ मेला रूप मे देखैत अछि। आयोजनक स्वरूप बदलल अछि, मुदा लोकक आस्था आ उत्साह आइयो कायम अछि।पूजा समिति श्रद्धालुक सुविधा आ सुरक्षाक लेल सेहो तैयारी कए रहल अछि। भीड़नियंत्रण, पार्किंग, बिजली, साफ-सफाइ आ अग्निशमन व्यवस्थापर विशेष ध्यान देलजाएत। मेलाक दौरान समितिक स्वयंसेवक लोकक सहायता करताह। पैघ संख्या मे श्रद्धालुक पहुंचबाक संभावना कें देखैत प्रशासन सं सेहो सहयोगक अपेक्षा कएल गेल अछि। पूजा समितिक अध्यक्ष अमर किशोर भारती कहलनि जे विश्वकर्मा पूजा मात्र धार्मिक आयोजन नहि, बल्कि 47 वर्ष सं चलि रहल परंपरा आ सामाजिक एकजुटताक प्रतीक अछि। समितिक प्रयास अछि जे एहि वर्ष सेहो पूजा आ मेलाक आयोजन भव्य आ व्यवस्थित तरहे हो। श्रद्धालुक सुविधा आ सुरक्षा प्राथमिकता रहत। पूजा कें लए स्थानीय महिला आ बच्चा मे विशेष उत्साह अछि। महिला तैयारी मे सहयोग कए रहल छथि, जखनकि बच्चा मेला मे लगनिहार झूला आ मनोरंजनक दोसर साधनक प्रतीक्षा कए रहल छथि। परिवारक संग लोक पूजा-अर्चना कएलाक बाद मेलाक आनंद लैत छथि।औद्योगिक शहर बोकारो मे भगवान विश्वकर्माक पूजाक विशेष महत्व अछि।कारखाना, वर्कशॉप, दोकान आ तकनीकी काज सं जुड़ल लोक औजार, मशीन आ कार्यस्थलक पूजा करैत छथि। एहि कारण झोपड़ी कॉलोनीक ई आयोजन आस्थाक संग श्रम, हुनर आ कारीगरीक सम्मानक संदेश सेहो दैत अछि।

गंडकक कटाव सं बेहाल ग्रामीण कएलनि जल सत्याग्रह

पंचायत कें बाढ़िग्रस्त घोषित करबाक मांग, 10 किमी पैदल चलि पहुंचलाह प्रखंड मुख्यालय

बेतिया, समदिया

पश्चिम चंपारणक योगापट्टी प्रखंड मे बाढ़ि आ गंडक नदीक कटाव सं ग्रामीणक परेशानी बढ़ि गेल अछि। सिसवा मंगलपुर पंचायतक पैघ इलाका बाढ़िक पानि आ कटावक चपेट मे अछि। गांव धरि जाएबला बाट डूबि गेल अछि। मुख्य सड़क पर करीब चारि सं पांच फीट धरि पानि जमा अछि। पिछला दू मास सं आवागमन प्रभावित अछि। मंगलदिन ग्रामीण प्रशासनक ध्यान अपन समस्या दिस खींचबाक लेल जल सत्याग्रह शुरू कएलनि।

सिसवा मंगलपुर पंचायतक दर्जनो बाढ़ि पीड़ित ग्रामीण नाव सं गांव सं बाहर निकललाह। एकर बाद ओ सभ करीब 10 किलोमीटर पैदल चललाह।

बाढ़िग्रस्त क्षेत्र घोषित करबाक मांग

ओ सभ बड़हरवा जाएबला मुख्य सड़क, टकटकवा, मुशहटोली आ फहतेपुर चौक होइत योगापट्टी प्रखंड मुख्यालय पहुंचलाह। प्रखंड मुख्यालय पहुंचलाक बाद ग्रामीण अंचल कार्यालय परिसर मे एक दिनक धरना-प्रदर्शन कएलनि। जल सत्याग्रहक दौरान ग्रामीण प्रशासनक विरुद्ध नाराजगी जतौलनि। ओ सभ सिसवा मंगलपुर पंचायत कें तत्काल बाढ़िग्रस्त क्षेत्र घोषित करबाक मांग कएलनि। ग्रामीण कहलनि जे पंचायत कें जोड़यबला मुख्य सड़क पर चारि सं पांच फीट धरि पानि जमा अछि। करीब दू मास सं सड़क पर आवागमन पूरा तरहे बंद अछि।

किसान कें उचित मुआवजा देबाक मांग

रोजमर्राक काज लेल सेहो ग्रामीण कें नावक सहारा लेबय पड़ि रहल अछि। एहि सं बच्चा, महिला, बुजुर्ग आ बेमार लोक कें उचित मुआवजा देबाक मांग कएलनि।

आंदोलन आरो तेज करबाक चेतावनी

धरनाक दौरान ग्रामीण प्रभावित परिवारक फेर सं सर्वे कराबय, उचित मुआवजा एवं सरकारी सहायता देब, भूमिहीन परिवार कें भूमि उपलब्ध कराबय, सिसवा सं बड़हरवा धरि मुख्य सड़कक शीघ्र निर्माण एवं सुदृढ़ीकरण कराबय तथा गंडक नदीक कटाव रोकबाक लेल स्थायी कटावरोधी काज तत्काल शुरू करबाक मांग उठौलनि। धरना मे बिंद, नगीना सब सं बेसी परेशानी भए रहल अछि। ग्रामीणक अनुसार, लगातार बाढ़ि आ गंडक नदीक कटावक कारण खेती पूरा तरहे प्रभावित भेल अछि। धान सहित दोसर फसल कें भारी नोकसान भेल अछि। कटावक कारण कतेको परिवारक समक्ष जमीन आ घर बचाबयक चिंता उत्पन्न भए गेल अछि। ग्रामीण बर्बाद फसलक तत्काल सर्वे कराकए किसान कें यादव, शंभु मुखिया, चंदन माझी, संजय चौधरी, प्रभु मुखिया, सुरेंद्र यादव, फूलकाली देवी, सोहन मांझी, जायकिशुन मुखिया, सुरेश माझी, लोरीक माझी आ मदन मुखिया सहित पैघ संख्या मे ग्रामीण शामिल रहलाह। ग्रामीण चेतावनी देलनि जे जं प्रशासन शीघ्र हुनकर समस्या कें समाधान नहि कएलक तं आंदोलन कें आरो तेज कएल जाएत।

कटिहार मे बाढ़ि जेहन स्थिति 3.43 लाख लोक प्रभावित

गंगा-कोसीक जलस्तर बढ़ल, 236 गाम आ 10 वार्ड मे पानि घुसल

कटिहार, समदिया

कटिहार मे गंगा, कोसी, बरांडी आ कारीकोसी नदीक जलस्तर लगातार बढ़ि रहल अछि। एहि सं जिला मे बाढ़ि जकां स्थिति बनि गेल अछि। प्रशासनिक आंकड़ा अनुसार, कुरसेला, बरारी, अमदाबाद आ मनिहारी प्रखंडक 35 ग्राम पंचायतक 236 गांव आ तीन नगर पंचायतक 10 वार्ड बाढ़ि सं प्रभावित अछि। करीब 3 लाख 43 हजार 180 लोक प्रभावित बताओल जा रहल छथि। कटिहारक मनिहारी, अमदाबाद, कुरसेला आ बरारी प्रखंड मे बाढ़िक स्थिति गंभीर बनल अछि। कतेको घर मे पानि घुसलाक बाद लोक ऊंच स्थान दिस जा रहल छथि। मनिहारी मे बाढ़ि प्रभावित परिवार कांटाकोश रेलवे स्टेशनक लग रेलवे ट्रैकक कात मे अपन घर बना लेने छथि। रेलवे पटरीक लग रहला सं लोकक जान पर खतरा अछि।

पंचायत भवन, सरकारी स्कूल आ कतेको सड़क पर बाढ़िक पानि पसरि गेल अछि। कतेको परिवार घरक छत पर रहय लेल मजबूर छथि। लोक अपन मवेशी कें सुरक्षित स्थान पर पहुंचाबय मे लागल छथि। मुख्य सड़क पर पानि बहबाक कारण दक्षिणी कांटाकोशक प्रखंड आ जिला मुख्यालय सं संपर्क टूटि गेल अछि। पीड़ित सरस्वती देवी आ शंभू चौधरी कहलनि जे हुनकर घर मे करीब 15 दिन पहिने बाढ़िक पानि घुसि गेल छल। मुदा एखन धरि मदति लेल केओ नहि पहुंचल अछि। घर मे राखल भोजन सामग्री समाप्त भए गेल अछि आ परिवार रेलवे पटरीक कात रहय लेल मजबूर अछि।

मनिहारीक पूर्व प्रमुख मिलन कुमार यादव आ स्थानीय समाजसेवी बनारसी यादव प्रशासन सं प्रभावित लोकक लेल तुरंत सरकारी राहति आ कम्युनिटी किचन शुरू करबाक मांग कएलनि। ओ कहलनि जे गांवक मुख्य सड़क पर पानि बहला सं लोकक संपर्क टूटि गेल अछि।

पीड़ित बनारसी यादव सेहो प्रशासन सं प्रभावित परिवार धरि राहति पहुंचेबाक आ आवागमनक व्यवस्था ठीक करबाक मांग कएलनि। कटिहारक जिलाधिकारी आशुतोष द्विवेदी कहलनि जे बाढ़ि सं निपटबाक लेल ओ तैयार छथि। कतहु कोनो दिक्कत नहि होमय देल जाएत। एखन धरि के आंकड़ा अनुसार, 3 लाख 43 हजार 180 लोक प्रभावित भेल छथि।

जीएम कहलनि- जीविका समूह कें ऋण मे नहि होयत परेशानी

बेगूसराय मे 101 करोड़क ऋण वितरण

बेगूसराय, समदिया

जीविका दीदी सभक आर्थिक सशक्तीकरण आ हुनका आत्मनिर्भर बनेबाक दिशा मे यूको बैंक एवं जीविका केर संयुक्त प्रयास सं स्वयं सहायता समूह वित्तीय सशक्तीकरण कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक दौरान उत्कृष्ट काज कएनिहार जीविका दीदी, कर्मी आ बैंककर्मी कें सम्मानित कएल गेल।

एहि अवसर पर यूको बैंक दिस सं जीविकाक स्वयं सहायता समूहक बीच 101 करोड़क ऋण राशि वितरित कएल गेल। कार्यक्रम कें संबोधित करैत यूको बैंकक महाप्रबंधक प्रदीप आनंद केशरी कहलनि जे जीविका ग्रामीण महिला सभक आर्थिक आ सामाजिक सशक्तीकरणक क्षेत्र मे उल्लेखनीय काज कए रहल अछि। कार्यक्रमक उद्घाटन यूको बैंकक कृषि एवं ग्रामीण व्यवसाय विभागक महाप्रबंधक प्रदीप आनंद केशरी, जीविकाक राज्य परियोजना प्रबंधक मनीष कुमार, यूको बैंकक अंचल प्रबंधक श्वेत प्रकाश, जीविकाक डीपीएम अविनाश कुमार एवं जीविका दीदी सभ दीप प्रज्वलित कए कएलनि।

जीविकाक राज्य परियोजना प्रबंधक मनीष कुमार कहलनि जे आब स्वयं सहायता समूहक गतिविधि कें आगू बढ़बैत दीदी सभक व्यक्तिगत उद्यम आ व्यवसाय कें मजबूत करबाक आवश्यकता अछि।

जीविका बेसी सं बेसी दीदी कें लखपति दीदी बनेबाक दिशा मे काज कए रहल अछि। ओ कहलनि जे राज्य स्तर पर बेगूसरायक स्वयं सहायता समूहक एनपीए सब सं कम होनाइ जिलाक जीविका दीदी सभक नीक वित्तीय अनुशासन आ ऋण वापसीक प्रति हुनकर प्रतिबद्धता कें दर्शबैत अछि। यूको बैंकक अंचल प्रबंधक श्वेत प्रकाश कहलनि जे जीविका दिस सं दीदी सभ कें आर्थिक रूप सं सशक्त बनेबाक लेल प्रभावी ढंग सं काज कएल जा रहल अछि। ओ लोकोस, जीविका निधि, ग्राहक सेवा केंद्र एवं वित्तीय समावेशन सं जुड़ल विभिन्न विषय पर चर्चा कएलनि।

किशनगंज मे 60 लाखक हेरोइनक संग 2 गिरफ्तार

किशनगंज, समदिया

किशनगंज पुलिस आ सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी) संयुक्त रूप सं एक अंतरराष्ट्रीय ड्रग्स सिंडिकेटक भंडाफोड़ कएल अछि। एहि कारबाइ मे 308.45 ग्राम हेरोइनक संग दू तस्कर कें गिरफ्तार कएल गेल। जब्त हेरोइनक अंतरराष्ट्रीय बाजार मे कीमत करीब 60 लाख रुपैया बताओल जा रहल अछि।

एसपी संतोष कुमारक निर्देश पर जिला मे ड्रग्स तस्करक विरुद्ध लगातार अभियान चलि रहल अछि। एहि क्रम मे एसडीपीओ मनोज कुमार सिंहक अगुआई मे किशनगंज पुलिस आ एसएसबी कें गुप्त सूचना भेटलाक बाद ठाकुरगंजक हैदर नगर मस्जिदक लग गाड़ी सभक चेकिंग शुरू कएल गेल। चेकिंगक दौरान तैयबपुर दिस सं आबि रहल एक मोटरसाइकिल पर दू लोक सवार छलाह। ओ सभ पुलिस कें देखि भागबाक कोशिश कएलनि। आशंका होमय पर पुलिस हुनका सभ कें रोकि तलाशी लेलनि।

एहि दौरान मो. मोहसीन (35), जे फुलहारा, थाना पोठिया, जिला किशनगंजक निवासी अछि, आ जयरूल (29), जे कालुगंज, थाना इस्लामपुर, जिला उत्तर दिनाजपुर (पश्चिम बंगाल)क निवासी अछि, कें गिरफ्तार कएल गेल।

हुनका सभक लग सं कुल 308.45 ग्राम हेरोइन, एक मोटरसाइकिल आ 1840 रुपैया भारतीय मुद्रा बरामद भेल। पूछताछक दौरान दुनू स्वीकार कएलनि जे ओ सभ मिलिकए अवैध ड्रग्सक खरीद-बिक्री करैत छलाह।

पुलिस आब एहि गिरोह मे शामिल दोसर अपराधी आ जब्त हेरोइनक पाछू आ आगूक कनेक्शनक पता लगाबय मे जुटल अछि। एहि संगहि ड्रग्स तस्करी मे शामिल अपराधीक अवैध संपत्तिक पता लगाकए ओकरा नियमानुसार जब्त करबाक कारबाइ सेहो कएल जाएत।

एहि मामिला मे ठाकुरगंज थाना मे केस एनडीपीएस एक्टक अंतर्गत मामिला दर्ज कए आगांक कारबाइ कएल जा रहल अछि।

कैमूर पहाड़ी पर सुरक्षा होयत मजबूत, 3-4 दिन मे करर सहित 3 ठाम शुरू होयत टीओपी

कैमूर, समदिया

कैमूर पहाड़ि पर सुरक्षा व्यवस्था नीक करबाक लेल एसपी शिखर चौधरी पहिल बेर अधौरा आ लोहरा थाना क्षेत्रक जायजा लेलनि। एहि दौरान ओ कहलनि जे अधौरा थाना क्षेत्रक करर, सरोदाग आ चौधरान मे अगिला तीन सं चारि दिनक भीतर टाउन आउटपोस्ट (टीओपी) शुरू कए देल जाएत। तीनू टीओपी अधौरा थानाक अंतर्गत काज करत। नव पुलिस आउटपोस्ट पर पर्याप्त संख्या मे पुलिस बल तैनात कएल जाएत। जवान अपन-अपन क्षेत्र मे लगातार गश्त करताह आ सुरक्षा व्यवस्थापर नजरि राखताह। एहि सं दूरदराजक पहाड़ि क्षेत्र मे पुलिसक मौजूदगी बढ़त।

मोबाइल नेटवर्क नहि, सैटेलाइट फोन सं जुड़त थाना

कैमूर पहाड़ि क्षेत्र मे मोबाइल नेटवर्कक समस्या कें देखैत टीओपी पर तैनात पुलिसकर्मी कें सैटेलाइट फोन देल जाएत। एहि सं कोनो आपात स्थिति मे जवान तत्काल अधौरा थाना सं संपर्क कए सकताह आ सूचना समय पर पहुंचाओल जा सकत।

थाना भवन बनि कए तैयार, बाउंड्रीवॉल बाकी

एसपी कहलनि जे तीनू स्थान पर थाना भवनक निर्माण काज पूरा भए चुकल अछि। एखन मात्र बाउंड्रीवॉलक काज बाकी अछि। जखन धरि भवन पूरा तरहे पुलिस कें नहि सौंपल जाइत अछि, तखन धरि एहि स्थान सभ कें अधौरा थानाक टीओपीक रूप मे संचालित कएल जाएत।

नक्सल प्रभावित क्षेत्र मे पुलिसक पहुंच होयत आसान

नक्सल प्रभावित आ दूरदराजक पहाड़ि क्षेत्र मे आम लोकक पुलिस धरि पहुंच आसान बनेबाक लेल सरकार पांच नव थाना कें मंजूरी देने छल। एहि मे लोहरा थाना पहिने शुरू भए चुकल अछि। आब तीन नव टीओपी शुरू होमय सं पहाड़ि क्षेत्र मे पुलिसक पहुंच आरो मजबूत होयत।

तेलहार कुंडक सुरक्षा सेहो होयत मजबूत

करर मे टीओपी शुरू होमय सं प्रसिद्ध तेलहार कुंडक सुरक्षा व्यवस्था सेहो मजबूत होयत। स्थानीय निवासी आ पर्यटक कें कोनो घटना अथवा परेशानीक स्थिति मे शिकायत दर्ज कराबय लेल दूर स्थित थाना धरि नहि जाए पड़त। स्थानीय लोक कें आशा अछि जे नव टीओपी शुरू होमय सं क्षेत्र मे सुरक्षाक माहौल आरो नीक होयत।

विविध

मुंह मे छाला भेला पर कान मे किएक होमय लगैत अछि दर्द? बुझू दुनूक बीच की अछि संबंध

मुंह मे छाला भेनाइ सुनय मे भले ही छोट समस्या बुझाइ, मुदा जखन ई छाला खाइ, पिबय अथवा बाजय मे दरद देबय लगैत अछि तं बहुत कष्ट होइत अछि। कतेको बेर एहि दरदक संग कान मे सेहो दरद महसूस होमय लगैत अछि। एहन स्थिति मे लोक प्रायः सोचैत छथि जे शायद कान मे कोनो संक्रमण भए गेल अछि। मुदा प्रत्येक बेर एहन नहि होइत अछि। कतेको बेर समस्या मुंह मे होइत अछि आ ओकर दरद कान धरि महसूस होइत अछि। जखन छाला जीहक पाछू, मुंहक पाछुक भाग अथवा गला लग होइत अछि, तं कान मे दरद जकां एहसास होइत अछि।

दरअसल, हमर मुंह, गला आ कानक आसपासक नस एक-दोसर सं जुड़ल होइत अछि। जखन मुंहक कोनो भाग मे छाला, जलन अथवा सूजन होइत अछि तं ओतय सं निकलय बला दरदक संकेत आसपासक दोसर भाग मे सेहो महसूस भए सकैत अछि। एकरा चिकित्सकीय भाषा मे 'रेफर्ड पेन' कहल जाइत अछि।

जं छालाक संग कान मे दरद भए रहल हो तं सब सं पहिने ई

देखनाइ जरूरी अछि जे दरद मात्र हल्का अछि आ छाला होएबाक संग शुरू भेल अछि अथवा कान मे अलग तरहक परेशानी सेहो अछि। जं छाला ठीक होएबाक संग कानक दरद सेहो कम होमय लगय तं संभव अछि जे दुनूक संबंध हो। मुदा जं कान मे लगातार दरद बनल अछि तं मात्र छाला कें एकर कारण मानि लेब उचित नहि होयत।

कानक दरदक कतेको दोसर कारण सेहो भए सकैत अछि। कान मे संक्रमण, दांत मे परेशानी, मसूड़ा मे समस्या अथवा गला मे दरद होए पर सेहो कान धरि दरद पहुंचि सकैत अछि। जं कानक दरदक संग दांत मे तेज दरद अछि अथवा निगलय पर दरद बढ़ि रहल अछि तं एकर कारण मुंह अथवा गला मे कोनो दोसर समस्या सेहो भए सकैत अछि। ओतहि कान सं पानि अथवा पस निकलनाइ, सुनाइ कम देब, बोखार भेनाइ अथवा कानक आसपास सूजन भेनाइ कानक समस्या दिस संकेत कए सकैत अछि।

छाला होएबाक समय खाइ-पिबय मे किछु सावधानी बरतला सं दरद कम कएल जा सकैत अछि। बहुत तीखा, खट्टा, नमकीन आ बहुत गरम भोजन किछु दिनक लेल छोड़ि देब नीक रहैत अछि, किएक तं एहि सं छाला मे जलन बढ़ि सकैत अछि। एकर बदला नरम भोजन करू आ ठंडा अथवा सामान्य तापमानक पेय लिअ। मुलायम ब्रश सं दांत साफ करू।

घर पर राहति लेल गुनगुना पानि मे किछु नमक दए कुल्ला करू। एक गिलास गुनगुना पानि मे आधा चम्मच नमक दए मुंह मे नीक जकां घुमाकए कुल्ला करू आ बाहर निकालि दिअ। एहि सं छालाक कारण होमय बला परेशानी मे किछु राहति भेटि सकैत अछि।

बेर-बेर छाला होएबाक कारण मात्र मसालेदार भोजन नहि होइत अछि। तनाव, शरीर मे किछु विटामिन आ दोसर पोषक तत्वक कमी सेहो बेर-बेर होमय बला छाला सं जुड़ल भए सकैत अछि। तें जं कोनो व्यक्ति कें बेर-बेर छाला होइत अछि तं डॉक्टर अथवा डेंटिस्ट सं एकर कारण जाननाइ नीक होयत।

शरीर मे आयरनक कमी कें नहि अनठियाबी बढ़ि सकैत अछि एनीमियाक खतरा

शरीर मे होमय बला हर छोट परेशानी कें हम प्रायः थकान, बेसी काज अथवा नीनक कमी सं जोड़ि दैत छी। खासकए कमजोरी, चक्कर भेनाइ अथवा किछु दूर चललाक बाद सांस फूलनाइ जेकां दिक्कत कें लोक सामान्य मानि लैत छथि। मुदा कतेको बेर एहि समस्या सभक पाछू शरीर मे कोनो जरूरी पोषक तत्वक कमी भए सकैत अछि। आयरन सेहो एहन जरूरी पोषक तत्व अछि, जकर कमी धीरे-धीरे शरीर पर असर कए सकैत अछि।

आयरन हमर शरीर लेल एहि कारण जरूरी अछि, किएक तं एहि सं हीमोग्लोबिन बनैत अछि। हीमोग्लोबिन खून मे मौजूद एकटा जरूरी हिस्सा अछि, जे फेफड़ा सं ऑक्सीजन लए शरीरक अलग-अलग भाग धरि पहुंचबैत अछि। जं शरीर मे आयरन कम भए जाए तं हीमोग्लोबिन सेहो कम भए सकैत अछि। आयरनक कमी मे व्यक्ति कें हर समय थकान महसूस होइत अछि। किछु काज कएलाक बादे कमजोरी बुझाइत अछि। कतेको बेर सीढ़ी चढ़य अथवा तेज चलय पर सांस सेहो फूलय लगैत अछि। जं आयरनक कमी दीर्घ समय धरि बनल रहय तं एनीमियाक कारण भए सकैत अछि। आयरनक कमी कोनो व्यक्ति कें भए सकैत अछि, मुदा किछु परिस्थिति मे एकर खतरा बढ़ि जाइत अछि। बच्चा आ किशोरक शरीर मे विकासक समय आयरनक आवश्यकता बढ़ि जाइत अछि। ओतहि मासिक धर्मक समय बेसी रक्तस्राव होमय बला महिला

मे सेहो आयरनक कमी होएबाक खतरा रहैत अछि। गर्भावस्थाक समय सेहो शरीर कें बेसी आयरनक आवश्यकता होइत अछि। तहिना जं भोजन मे आयरन बला वस्तु पर्याप्त मात्रा मे शामिल नहि अछि तं सेहो एकर कमी भए सकैत अछि। किछु लोक कें पेट अथवा आंत सं जुड़ल बेमारी होइत अछि, जकर कारण भोजन कएलाक बाद आयरन शरीर मे ठीक सं नहि पहुंचि पबैत अछि। एहन मामिला मे सेहो आयरनक कमी भए सकैत अछि।

बेर-बेर ब्लड डोनेट करबाक अथवा कोनो ऑपरेशनक समय बेसी खून निकललाक बाद सेहो शरीर मे आयरन कम भए सकैत अछि। जं बेर-बेर आयरनक कमी सामने आबि रहल अछि तं डॉक्टर सं सलाह लेनाइ जरूरी अछि।

आयरनक कमी कें लक्षण जाननाइ बहुत जरूरी अछि। सब सं पहिने लगातार थकान आ कमजोरी महसूस होइत अछि। आराम कएलाक बाद सेहो शरीर मे ऊर्जा कम बुझाइत अछि। एकरा अतिरिक्त चक्कर भेनाइ, माथदर्द, सांस फूलनाइ आ काज करैत समय शीघ्र थकि जेनाइ सेहो एकर संकेत भए सकैत अछि। किछु लोक कें कोनो काज पर ध्यान लगाबय मे परेशानी भए सकैत अछि।

आयरनक कमीक असर शरीरक बाहर सेहो देखाइ दए सकैत अछि। त्वचा पहिने सं बेसी पीयर देखाइ दैत अछि, बाल बेसी झड़ैत अछि आ नह कमजोर भए शीघ्र टूटि जाइत अछि। किछु लोक कें हाथ-पैर ठंडा रहबाक शिकायत सेहो भए सकैत अछि। हालांकि एहि सभ लक्षणक अर्थ ई नहि अछि जे व्यक्ति कें आयरनक कमीए अछि।

कार्डिफ किलाक ऊपर पाकिस्तानी झंडा फहराओल गेलाक बाद गरमायल ब्रिटेनक राजनीति

लंदन, एजेंसी

ब्रिटेनक एक वरिष्ठ सांसद शहरक ऐतिहासिक किलाक ऊपर पाकिस्तानक झंडा फहराओल गेलाक लेल कार्डिफ परिषदक आलोचना कएलनि। एकर बाद कंजरवेटिव पार्टीक एक नेता रिफॉर्म पार्टी पर नस्लीय विवाद कें हवा देबाक आरोप लगौलनि। ब्रिटेनक कार्डिफ शहरक ऐतिहासिक किलाक ऊपर पाकिस्तानक झंडा फहराओल गेलाक बाद राजनीतिक विवाद तेज भए गेल अछि। स्थानीय प्रशासनक अनुसार, पाकिस्तानक स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर एहि वर्ष अगस्त मे दू दिन धरि कार्डिफ किलाक ऊपर पाकिस्तानक झंडा फहराओल गेल छल। रिफॉर्म यूकेक आर्थिक प्रवक्ता रॉबर्ट जेनरिक अपन सामाजिक माध्यमक खाता पर झंडा फहराओल जेबाक आलोचना करैत एकरा हमर संस्कृति पर हावी होयबाक प्रयास बतौलनि। मुदा वेल्स कंजरवेटिव पार्टीक सदस्य नताशा असगर कहलनि जे एहन ध्वजारोहण समारोह कब्जा करबाक नहि, बल्कि सम्मान प्रकट करबाक एकटा माध्यम अछि। रिफॉर्म वेल्सक प्रवक्ता कहलनि जे ऐतिहासिक स्थल सभ पर वेल्स ड्रैगन अथवा यूनियन फ्लैगक अतिरिक्त दोसर कोनो देशक झंडा नहि फहराओल जेबाक चाही।

कार्डिफ किला पर पहिने सेहो फहराओल गेल अछि पाकिस्तानी झंडा : रॉबर्ट जेनरिकक फेसबुक संदेशक पहिने रिफॉर्म वेल्सक डैन थॉमस सहित कतेको दक्षिणपंथी नेता आ एक्स पर टिप्पणी कएनिहार लोक एहि मुद्दा पर अपन विचार राखि चुकल छलाह। कार्डिफ किला पर एहि वर्षक अतिरिक्त पहिने सेहो पाकिस्तानक झंडा फहराओल जा चुकल अछि। डैन थॉमस सहित किछु लोकक सामाजिक माध्यमक संदेश मे जे तस्वीर उपयोग कएल गेल छल, से वास्तव मे वर्ष 2024 मे बीबीसीक एक पत्रकार द्वारा पाकिस्तानक स्वतंत्रता दिवस 14 अगस्तक अवसर पर पोस्ट कएल गेल छल। जेनरिकक खाता सं कार्डिफ किला मे आयोजित एकटा हालक कार्यक्रमक वीडियो सेहो साझा कएल गेल, जाहि मे एहि वर्ष निर्वाचित किछु सेनेड सदस्य देखाइ पड़ैत छथि आ किलाक ऊपर पाकिस्तानक झंडा फहराओल जा रहल अछि। जेनरिक लिखलनि जे कार्डिफ किला पर पाकिस्तानक झंडा फहराओल गेल अछि। हम अपन संस्कृति पर हावी होयबाक एहि प्रयास कें अनुमति किएक दैत छी? आब ई सभ ठाम देखबा मे आबि रहल अछि। ओ कहलनि जे ओ ऐतिहासिक भवन सभ पर विदेशी झंडा फहराओल गेला सं बहुत असंतुष्ट छथि। हुनकर दावा छल जे रिफॉर्म पार्टीक सरकार बनलाक बाद एहन समर्पण समाप्त कएल जाएत आ राष्ट्रीय पहिचान कें फेर मजबूत कएल जाएत। रिफॉर्म वेल्स पहिने कार्डिफ बे मे सेनेडक बाहर यूक्रेनक झंडा फहराओल गेलाक पर सेहो आपत्ति जता चुकल अछि।

अगस्त मे दू दिन धरि कार्डिफ किलाक ऊपर पाकिस्तानक झंडा फहराओल गेल छल

कोनो झंडा वेल्सक पहिचान लेल खतरा नहि : नताशा असगरक पिता स्वर्गीय एमएस मोहम्मद असगरक जन्म भारतक विभाजनक पहिने भेल छल आ हुनकर पालन-पोषण पाकिस्तान मे भेल छल। कैस्नेविड इस्ल्विनक सांसद नताशा असगर कहलनि जे ओ भारतीय समुदाय, पाकिस्तानी प्रवासी समुदाय आ पोलिश समुदाय द्वारा आयोजित कतेको ध्वजारोहण समारोह मे भाग लैत रहल छथि। हुनकर अनुसार, ई सभ कार्यक्रम शानदार रहल अछि आ एहि मे विभिन्न राजनीतिक विचारधाराक लोक सेहो सहभागी होइत छथि। ओ रिफॉर्म संगठनक लोक सभ कें एहन समारोह मे भाग लए देखबाक सुझाव दैत कहलनि जे एहि प्रकारक आयोजन कोनो समुदाय द्वारा कब्जा जमयबाक प्रयास नहि, बल्कि एक-दोसराक प्रति सम्मान प्रकट करबाक माध्यम अछि। सांस्कृतिक वर्चस्व संबंधी जेनरिकक टिप्पणी पर नताशा कहलनि जे ओ रिफॉर्म पार्टी द्वारा नस्लीय विवाद कें भड़काबय आ शुरू करबाक प्रयास सं परेशान छथि। हुनकर आरोप छल जे रिफॉर्म पार्टी जनता कें नकारात्मक समाचार सभ दिस मोड़बाक लेल छोट-छोट मुद्दा कें उठबैत अछि। प्लैड वेस्टमिंस्टरक नेता लिज सैविल रॉबर्ट्स सेहो रिफॉर्म पार्टीक आलोचना करैत कहलनि जे रॉबर्ट जेनरिक फूट पैदा करबाक पुरान तरीका अपना रहल छथि।

ई पूरा विवाद गलत सूचना पर आधारित : कार्डिफ परिषदक लेबर पार्टीक नेता क्रिस वीवर कहलनि जे 9 अगस्तक ध्वजारोहण लेल एकटा समारोह आयोजित कएल गेल छल। तकर बाद झंडा राति भरि फहराइत रहल। 14 अगस्त कें पाकिस्तानक स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर सेहो झंडा फहराओल गेल। हुनकर अनुसार, एहि आयोजनक उद्देश्य कार्डिफक विविधतापूर्ण आ बहुसांस्कृतिक शहर मे पाकिस्तानी समुदाय सभक योगदान कें चिन्हब आ ओकर उत्सव मनाएब छल। ओ कहलनि जे 15 अगस्त कें भारतक स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर सेहो परिषद द्वारा एहि प्रकारक ध्वजारोहण कएल गेल छल। वीवरक अनुसार, ई ध्वजारोहण परिषदक महत्वपूर्ण तिथि आ अवसर सभ कें चिह्नित करबाक दीर्घकालीन परंपराक हिस्सा अछि। हुनकर कहल छल जे किलाक दीवार पर वेल्स आ यूनाइटेड किंगडमक झंडा सेहो फहराओल जाइत अछि आ एहि अवसर पर सभ झंडा ओतहि उपस्थित छल। ओ कहलनि जे कार्डिफ किला वेल्सक राजधानीक प्रमुख नागरिक भवन सभ मे एकटा अछि आ स्थानीय, राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय महत्वक अवसर सभ कें मान्यता देबाक लेल एकर उपयोग कएल जाइत अछि।

क्रिस वीवर स्पष्ट शब्द मे कहलनि जे ई पूरा विवाद गलत सूचना पर आधारित अछि आ आब एकरा रोकबाक समय आबि गेल अछि। डैन थॉमसक रविक एक्स पोस्ट मे वर्ष 2024क तस्वीर उपयोग कएल गेल छल। ओ अपन संदेश मे लिखने छलाह जे कार्डिफक लेबर पार्टी कार्डिफ किला पर पाकिस्तानक झंडा फहरा रहल अछि। मुदा सोमदिन किला पर पाकिस्तानक कोनो झंडा नहि देखल गेल। एक्स पर पूर्व कंजरवेटिव नेता एंड्रयू आरटी डेविस कहलनि जे एहि वर्ष किला पर झंडा फहराओल गेल छल कि नहि, ई प्रश्न अलग अछि। हुनकर अनुसार, एतय बेसी महत्वपूर्ण प्रश्न ई अछि जे परिषद कें ऐतिहासिक किला पर एहन झंडा फहराबेबाक चाही कि नहि।

अल नीनो सं श्रीलंकाक संकट गहरायल, 1.15 लाख सं बेसी लोक पेयजल लेल तरसल

कोलंबो, एजेंसी



सितंबरक अंत सं किछु बरखा होयबाक संभावना अछि

अल नीनोक प्रभाव आब देखाइ पड़य लागल अछि। बढ़ैत तापमान आ वर्षाक कमी सं श्रीलंकाक कतेको क्षेत्र मे सुखाड़क स्थिति बेसी गंभीर भए गेल अछि। अधिकारी सभ मंगलदिन बतौलनि जे द्वीप राष्ट्र मे 1 लाख 15 हजार सं बेसी लोक पेयजल संकट सं जूझि रहल छथि। मौसिम विज्ञान विभागक महानिदेशक अजीत विजेमन्नाक अनुसार, अल नीनोक स्थिति विकसित भए रहल अछि आ एकर प्रभाव वर्तमान मौसिमक दशा पर सेहो पड़ि सकैत अछि। आपदा प्रबंधन केंद्र (डीएमसी) केर अनुसार, देशक 25 प्रशासनिक जिला मे सं सात जिलाक 1,15,586 लोक अल नीनो सं जुड़ल मौसिमक प्रभाव सं प्रभावित भेल छथि। केंद्रक प्रेस विज्ञप्ति मे कहल गेल अछि जे भीषण गर्मी आ वर्षाक कमी सं कतेको क्षेत्र मे पानिक उपलब्धता गंभीर चुनौती बनि गेल अछि। डीएमसी अधिकारी प्रगीथ दाननसुरियाक अनुसार, वर्तमान मे 1,15,534 लोक पेयजल संकट सं प्रभावित छथि।

लगातार घटि रहल जलाशयक जलस्तर : सिंचाई विभागक अधिकारी सभक अनुसार, उत्तर-मध्य अनुराधापुरा जिला मे करीब 3500 एकड़-फीट क्षमता बला एरुवेवा जलाशयक जलस्तर घटि कए लगभग 1000 एकड़-फीट रहि गेल अछि। मध्य क्षेत्रक मटाले आ पूर्वोत्तर क्षेत्रक नंदिकदल सहित कतेको स्थान पर सेहो जलस्तर मे गिरावट दर्ज कएल गेल अछि। दीर्घकालीन सुखाड़क प्रभाव आब मात्र पेयजल धरि सीमित नहि रहल। जलीय जीव-जंतु आ वन्यजीव सेहो प्रभावित भए रहल छथि। पूर्वोत्तर मे स्थित मुल्लैथिवु झील मे हजारो छोट माछ मृत पाओल गेल अछि। अधिकारी सभक अनुमान अछि जे खारा आ मीठ पानिक मिश्रणक कारण माछ सभक मृत्यु भेल। कतेको क्षेत्र मे प्राकृतिक जलस्रोत सुखि रहल अछि, जाहि कारण जंगली जानवर पानिक वैकल्पिक स्रोतक खोज मे दोसर दिस जाए लेल विवश छथि।

सुखाड़ सं खेती सभ सं बेसी प्रभावित : सुखाड़क मार कृषि क्षेत्र पर सेहो पड़ल अछि। धान, नारियल, केरा आ अमरूदक फसल पानिक कमी सं प्रभावित भेल अछि। किसान सभक चिंता बढ़ि गेल अछि, कारण कतेको क्षेत्र मे सिंचाईक परंपरागत स्रोत सेहो कमजोर पड़ि गेल अछि। अजीत विजेमन्ना कहलनि जे सितंबरक अंत सं किछु बरखा होयबाक संभावना अछि। जं मौसिम विभागक पूवार्नुमान सही साबित भेल तं वर्तमान परिस्थिति मे किछु राहति भेटि सकैत अछि। फिलहाल प्रशासन प्रभावित जिला सभ मे पेयजल आपूर्ति आ राहतक उपाय पर लगातार नजरि रखने अछि।

प्रधानमंत्रीक कार्यक्रम स्थल लग सं दू संदिग्ध हिरासत मे

मुंबई, एजेंसी

मुंबई मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक दौरा आ ग्लोबल फिनटेक फेस्ट 2026 केर उद्घाटन सं ठीक पहिने बांद्रा-कुर्ला कॉप्लेक्स (बीकेसी) मे सुरक्षा एजेंसी सभ एकटा संवेदनशील मामिला पकड़ने अछि। नीता मुकेश अंबानी सांस्कृतिक केंद्र (एनएमएसीसी) परिसर सं दू संदिग्ध व्यक्ति कें हिरासत मे लेल गेल अछि। एकटा संदिग्धक लग सं प्रधानमंत्री कार्यालय (पीएमओ) केर फर्जी पहचान-पत्र भेटल, जखन कि दोसरक लग सं बंदूक बरामद कएल गेल अछि। जानकारीक अनुसार, हिरासत मे लेल गेल एकटा व्यक्ति अपना कें प्रधानमंत्री कार्यालयक अधिकारी बतबैत छल। सुरक्षा कर्मी सभ जखन ओकर पहचान-पत्रक जांच कएलनि, तखन ओ फर्जी निकलल। एहि बीच ओकर संग रहनिहार दोसर व्यक्तिक लग सं हथियार बरामद भेल। कहल जा रहल अछि जे ओ अपना कें ओकर अंगरक्षकक रूप मे प्रस्तुत करैत छल।

एकटा लग फर्जी पीएमओ पहचान-पत्र आ दोसर लग सं बंदूक बरामद

मामिलाक गंभीरता कें देखैत मुंबई अपराध शाखा आगांक जांच मे जुटल अछि। जांच अधिकारी ई पता लगाबय मे लागल छथि जे दू व्यक्ति फर्जी पहचान-पत्र आ हथियार लए उच्च सुरक्षा क्षेत्र मे कोना पहुंचल। हुनकर वास्तविक उद्देश्य की छल? की ओ प्रधानमंत्रीक कार्यक्रम स्थल लग घुसबाक प्रयास करैत छलाह अथवा एकर पाछां कोनो दोसर मंशा छल? प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी बांद्रा-कुर्ला कॉप्लेक्स स्थित जियो वर्ल्ड सेंटर मे ग्लोबल फिनटेक फेस्ट 2026 केर उद्घाटन करयवला छथि। कार्यक्रम सांझ लगभग 5 बजकर 45 मिनट पर शुरू होयबाक अछि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री संबोधन सेहो करथिन। कार्यक्रम कें देखैत बीकेसी आ आसपासक क्षेत्र मे सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कएल गेल अछि। ग्लोबल फिनटेक फेस्टक सातम संस्करण 8 सं 11 सितंबर 2026 धरि मुंबई मे आयोजित भए रहल अछि। ई आयोजन विश्वक पैघ फिनटेक सम्मेलन सभ मे एक मानल जाइत अछि। एहि मे नीतिनिमार्ता, नियामक संस्था, केंद्रीय बैंक, वित्तीय संस्था, तकनीकी कंपनी, नवउद्यम आ निवेशक सभ भाग लैत छथि।

मोजतबा खामेनेई सं जुड़ल लंदनक आलीशान पेंटहाउस बिकायत

लंदन, एजेंसी। लंदनक प्रतिष्ठित पैलेस ग्रीन क्षेत्र मे स्थित दूटा आलीशान पेंटहाउस आब बिक्री लेल राखल गेल अछि। एहि मे सं एकर प्रस्तावित दाम करीब 12 मिलियन पाउंड अर्थात् लगभग 140 करोड़ भारतीय टका अछि। ओहि भवन स्थित दोसर पेंटहाउस पहिने 16.75 मिलियन पाउंड मे किनल गेल छल। दुनू संपत्तिक कुल खरीद कीमत करीब 36 मिलियन पाउंड अर्थात 450-460 करोड़ टका बताओल जा रहल अछि। संडे टाइम्सक

रिपोर्टक अनुसार, दुनू अपार्टमेंट ईरानक सर्वोच्च नेता मोजतबा खामेनेई सं जुड़ल मानल जाइत अछि। सरकारी अभिलेख मे एकर मालिक ईरानी बैंकर अली अंसारी दर्ज छथि। ई संपत्ति 3ए पैलेस ग्रीन मे अछि, जे ब्रिटिश राजधानी मे इजरायली दूतावासक अत्यंत लग अछि। रिपोर्टक अनुसार, दुनू पेंटहाउस 2014 आ 2016 मे खरीदल गेल छल। दुनू मे कर्मी सभ लेल आवास आ निजी छत पर टेरेसक सुविधा अछि। छठम-सातम मंजिल पर पसरल 3944 वर्गफुटक पांच शयनकक्ष बला डुप्लेक्स पेंटहाउस 12 मिलियन पाउंड सं कम कीमत मे बिक्री लेल प्रस्तावित अछि। बिक्री पुस्तिका मे संपत्तिक राजनीतिक रूप सं संवेदनशील संबंधक कोनो उल्लेख नहि अछि। दोसर पेंटहाउस सार्वजनिक रूप सं बिक्री लेल सूचीबद्ध नहि अछि।

ब्रिक्स सं पहिने मोदी-पुतिनक भेंट, 11 सितंबर कें दिल्ली मे होयत महत्वपूर्ण बैठक

नई दिल्ली, एजेंसी

नई दिल्ली मे 12-13 सितंबर कें आयोजित होमयबला 18म ब्रिक्स शिखर सम्मेलन सं ठीक पहिने शुक्रदिन, 11 सितंबर कें प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ रूसक राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिनक बीच उच्चस्तरीय द्विपक्षीय वार्ता होयत। क्रेमलिनक प्रवक्ता दमित्री पेसकोव एहि भेंटक पुष्टि करैत कहलनि जे रूस भारतक संग अपन रणनीतिक संबंध कें अत्यंत महत्वपूर्ण मानैत अछि।

राष्ट्रीय मुद्रा मे व्यापार पर जोर : क्रेमलिनक प्रवक्ता दमित्री पेसकोव दुनू देशक बीच बढ़ैत व्यापारिक संबंध पर प्रकाश देलनि। हुनकर अनुसार, भारत आ रूसक बीच आब अधिकांश व्यापारिक भुगतान अपन-अपन राष्ट्रीय मुद्रा - रुपैया आ रूबल मे कएल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे सुरक्षा, अंतरिक्ष, ऊर्जा, परिवहन आ विज्ञान-प्रौद्योगिकी सहित कतेको महत्वपूर्ण क्षेत्र मे भारत आ रूस मिलि कए काज कए रहल अछि। दुनू देशक शीर्ष नेता लगातार एक-दोसराक संपर्क मे छथि आ हालक महीना मे द्विपक्षीय संबंध कें नव ऊंचाइ भेटल अछि।



रूस भारतक संग अपन रणनीतिक संबंध कें अत्यंत महत्वपूर्ण मानैत अछि

की होयत बैठकक प्रमुख मुद्दा? : सूत्रक अनुसार, प्रधानमंत्री मोदी आ राष्ट्रपति पुतिनक भेंट मे कतेको महत्वपूर्ण वैश्विक आ द्विपक्षीय विषय पर विस्तार सं विचार-विमर्श होयत। भारतीय कंपनी सभ रूसी बाजार मे अपन पैठ बढ़ेबाक इच्छुक अछि, जखन कि रूस सेहो भारतीय बाजार मे अपन उत्पाद आ कारोबारक विस्तार करय चाहैत अछि। रूस-यूक्रेन संघर्ष आ वर्तमान मोर्चाक स्थिति पर सेहो दुनू नेता बीच चर्चा होयबाक संभावना अछि। खाड़ी क्षेत्र मे बढ़ैत तनाव आ एकर वैश्विक अर्थव्यवस्था पर पड़ि रहल प्रतिकूल प्रभाव सेहो वार्ताक महत्वपूर्ण विषय रहि सकैत अछि।

99 करोड़ टकाक तीन चित्र चोरी, फ्रांसक रेनोआ संग्रहालय मे भोरे-भोर भेल कांड

पेरिस, एजेंसी

फ्रांसक फ्रेंच रिवेरा क्षेत्र मे स्थित रेनोआ संग्रहालय मे मंगलदिन भोर-सबेरे चोरीक पैघ घटना सामने आयल। स्थानीय मेयर ब्रायन मैसनक अनुसार, चोर सभ भोर करीब 6 बजे संग्रहालय मे घुसि गेल आ चारिटा चित्र चोरा लेलनि। घटना उपरांत पुलिस संदिग्ध सभ कें देखलक आ खिहाड़लक। भागैत समय चोर सभ एकटा चित्र बाट मे छोड़ि देलक, मुदा बांकी तीनटा चित्र लए भागय मे सफल रहल। घटनाक बाद क्षेत्र मे सुरक्षा व्यवस्था बढ़ा देल गेल अछि आ पुलिस चोर सभक खोजबीन मे जुटल अछि। चोरी भेल कलाकृति सभक कुल कीमत 9 मिलियन यूरो अर्थात करीब 99 करोड़ भारतीय टका बताओल जा रहल अछि। मेयर ब्रायन मैसन सोशल मीडिया पर घटनाक पुष्टि करैत एकरा शहरक ऐतिहासिक धरोहर पर हमला बतौलनि। हुनकर कहब छल जे रेनोआ संग्रहालय मे चोरी इतिहास आ विरासत केर एकटा हिस्सा पर हमला अछि आ एहन घटना अत्यंत गंभीर अछि। मुदा ओ ई नहि बतौलनि जे चोरी भेल तीनू चित्र कोन-कोन अछि। पुलिस आब ई पता लगाबय मे जुटल अछि जे घटना मे कतेक लोक शामिल छल आ चोरी भेल कलाकृति सभ कें कतय लए जाओल गेल अछि।

मेयर ब्रायन मैसन सोशल मीडिया पर केलनि एहि घटनाक पुष्टि

रेनोआ संग्रहालयक इतिहास

रेनोआ संग्रहालयक स्थापना 1960 मे ओहि हवेली मे कएल गेल छल, जतय प्रसिद्ध प्रभाववादी चित्रकार पियरे-ऑगस्त रेनोआ अपन जीवनक आखरी वर्ष बितौने छलाह। ई संग्रहालय नीसक लग काग्नेस-सुर-मेयरक एकटा पहाड़ीक ऊपर स्थित अछि।

रेनोआक मृत्यु 1919 मे भेल छल। संग्रहालय मे हुनकर 13 चित्रक अतिरिक्त करीब 40 मूर्ति, फर्नीचर आ तस्वीर प्रदर्शित अछि। रेनोआक कतेको कलाकृति कला बाजार मे अत्यंत मूल्यवान मानल जाइत अछि। हुनकर किछु चित्र पहिने नीलामी मे करोड़ो डॉलर मे बिकि चुकल अछि। यूरोप मे कला चोरीक बढ़ैत घटना सभ सं सुरक्षा एजेंसी सेहो चिंतित अछि। यूरोपीय पुलिस संगठन यूरोपोल गत मास कहल छल जे कला चोर पहिने सं बेसी हिंसक तरीका अपना रहल छथि। संगठनक अनुसार, पेशेवर गिरोहक स्थान पर आब सोशल मीडिया द्वारा अपराध लेल जुटाओल अस्थायी समूह सभ तेजी सं सामने आबि रहल अछि। गत वर्ष अक्टूबर मे पेरिसक लूव्र संग्रहालय मे भेल चोरी एकर प्रमुख उदाहरण छल। एहि घटना मे चोर सभ सुरक्षा कर्मी आ दर्शक सभ कें धमका कए करीब 8.8 करोड़ यूरो मूल्यक आभूषण चोरा लेने छल।

आईसीसी टी-20 रैंकिंग मे श्री चरणी शीर्ष पर कायम, दीप्ति शर्मा कें भेटल लाभ

अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट परिषद दिस सं मंगल दिन जारी टी-20 गेंदबाजक सूची मे भारतक बाम हाथक स्पिनर श्री चरणी शीर्ष क्रम पर कायम छथि। ओतहि अनुभवी दीप्ति शर्मा कें रैंकिंग मे लाभ भेल अछि।

नव रैंकिंग मे श्री चरणी पहिल, इंग्लैंडक सोफी एक्लेस्टन दोसर, इंग्लैंडक चार्ली डीन तेसर, दक्षिण अफ्रीकाक एन मल्बा चारिम आ इंग्लैंडक लॉरेन बेल पांचम स्थान पर छथि।

भारतक अनुभवी स्पिनर दीप्ति शर्मा कें दू स्थानक लाभ भेल अछि। दीप्ति आब छठम स्थान पर पहुंचि गेल छथि। मौजूदा एशिया कप मे दीप्ति शानदार फॉर्म मे छथि। ओ तीन मैच मे आठ विकेट लेलनि आ भारतीय टीम कें सेमीफाइनल मे पहुंचेबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। इंग्लैंडक लिंसे स्मिथ एक स्थानक नोकसानक संग सातम स्थान पर छथि, जखनकि पाकिस्तानक नशरा संधु एक स्थानक नोकसानक संग आठम नंबर पर छथि।

दक्षिण अफ्रीकाक मारिजेन कैप कें एक स्थानक लाभ भेल अछि। ओ नवम नंबर पर छथि। पाकिस्तानक सादिया इकबाल एक स्थानक नोकसानक संग दसमा स्थान पर छथि।

एहि अतिरिक्त, एशिया कप मे शानदार प्रदर्शन कएनिहार किछु दोसर गेंदबाज कें सेहो आईसीसी रैंकिंग मे लाभ भेल अछि। बांग्लादेशक मारूफा अख्तर 19 स्थानक छलांग लगबैत 18म स्थान पर पहुंचि गेल छथि। श्रीलंकाक कप्तान चमारी अथापट्टू पांच स्थान ऊपर चढ़ि

28म रैंक पर छथि, जखनकि सुल्ताना खातून नौ स्थान ऊपर चढ़ि 37म रैंक पर पहुंचि गेल छथि। थाईलैंडक थिपाचा पुथावोंग चारि स्थान ऊपर चढ़ि 47म रैंक पर छथि आ हुनकर टीमक साथी सुलीपोर्न लाओमी 10 स्थान ऊपर चढ़ि 53म रैंक पर पहुंचि गेल छथि।

महिला टी-20 बल्लेबाजक रैंकिंग पर नजरि दैत बेथ मूनी पहिल स्थान पर छथि। ऑस्ट्रेलियाक जॉर्जिया वॉल दोसर, दक्षिण अफ्रीकाक कप्तान लौरा वोल्वार्ड्ट तेसर, वेस्टइंडीजक हिली मैथ्यूज चारिम, भारतक स्मृति मंधाना पांचम, श्रीलंकाक चमारी अथापट्टू छठम, भारतक शफाली वर्मा सातम, न्यूजीलैंडक अमेलिया केर आठम, ऑस्ट्रेलियाक ताहिला मैक्ग्रा नवम आ भारतक हरमनप्रीत कौर दसमा स्थान पर छथि।

दलीप ट्रॉफी फाइनल : तिहरा शतक सं चूकलाह कप्तान ईशान, ईस्ट जोन पहिल पारी मे बनौलनि 708 रन

साउथ जोनक विरुद्ध एमए चिदंबरम स्टेडियम मे जारी दलीप ट्रॉफी 2026क फाइनल मोकाबला मे कप्तान ईशान किशन 270 रनक पारी खेललनि, जाहि केर बदौलत ईस्ट जोनक स्थिति मजबूत देखाइ पड़ैत अछि। दोसर दिनक खेल समाप्त होय धरि टीम 708 रनक स्कोर पर ऑलआउट भए गेल। एहि पारी मे ईस्ट जोन कुल 163 ओवरक सामना कएलक।

रवि कें टॉस जीतिकए बल्लेबाजी करए उतरल ईस्ट जोन कें सलामी जोड़ी शानदार शुरूआत दियौलनि। वैभव सूर्यवंशी अभिमन्यु ईश्वरनक संग पहिल विकेट लेल 88 गेंद मे 100 रनक साझेदारी कएलनि। वैभव 37 गेंद मे 1 छक्का आ 5 चौकाक मदति सं 44 रन बना कए आउट भेलाह। तकर बाद ईश्वरन शिखर मोहनक संग दोसर विकेट लेल 33 रन जोड़लनि। ईश्वरन 86 गेंद मे 11 बाउंड्रीक मदति सं 72 रन बना कए आउट भेलाह। किछु देर बाद टीम 147 रनक स्कोर पर सुदीप कुमार (6) केर रूप मे तेसर विकेट सेहो गमा देलक।

एतय सं कप्तान ईशान किशन मोर्चा संभारलनि। ओ शिखर मोहनक संग चारिम विकेट लेल 94 रनक साझेदारी कएलनि। शिखर 3 छक्का आ 9 चौकाक मदति सं 85 रन बना कए आउट भेलाह। तकर बाद ईशान कुमार कुशाग्रक संग पांचम विकेट लेल 230 रनक साझेदारी कएलनि। कुमार कुशाग्र 132 गेंद मे 5 छक्का आ 8 चौकाक मदति सं 101 रन बना कए आउट भेलाह। टीम 471 रनक स्कोर पर



अपन पांचम विकेट गमा देलक। तकर बाद ईशान अनुकूल रॉयक संग 140 रन जोड़ि टीमक स्कोर 600 रनक पार पहुंचा देलनि।

ईशान 250 रनक पारी खेलि रिटायर्ड हर्ट भए ड्रेसिंग रूम लौटि गेलाह। ओ 301 गेंदक सामना करैत 27 चौका आ 7 छक्का लगौलनि। तकर बाद मोहम्मद शमी (28) कुनैन कुरैशी (40)क संग 54 रनक साझेदारी कए टीमक स्कोर 650 रनक पार पहुंचा देलनि। टीम कें 680 रनक स्कोर पर सातम झटका लागल, तकर बाद कप्तान ईशान फेर सं बल्लेबाजी लेल उतरलाह। टीम 708 रन पर अपन नौम विकेट गमा देलक। कप्तान ईशान 334 गेंद मे 7 छक्का आ 30 चौकाक मदति सं 270 रनक शानदार पारी खेललनि। त्रिपुरण विजय पारीक 163म ओवर मे ईशान किशनक संग मुकेश कुमार (0) केर विकेट सेहो लेलनि।

साउथ जोनक दिस सं त्रिपुरण विजय कुल 42 ओवर गेंदबाजी कएलनि, जाहि मे 180 रन दए 4 विकेट लेलनि। हुनका अतिरिक्त चामा मिलिंद आ श्रेयस गोपाल 2-2 विकेट हासिल कएलनि। शेख रशीद कें 1 सफलता भेटल।

ऑस्ट्रेलियाक विरुद्ध वनडे सीरीज लेल दक्षिण अफ्रीकी टीम घोषित, मिलर-डी कॉकक वापसी

ऑस्ट्रेलियाक विरुद्ध 24 सितंबर सं शुरू होमय जा रहल तीन मैचक वनडे सीरीज लेल दक्षिण अफ्रीका अपन 16 सदस्यीय टीमक घोषणा कए देलक अछि। नियमित कप्तान टेंबा बावुमा टीम मे वापसी कएलनि। हुनका संग अनुभवी बल्लेबाज डेविड मिलर आ क्विंटन डी कॉक सेहो टीमक हिस्सा छथि।

मानल जा रहल अछि जे ई खेलाड़ी वनडे विश्व कप 2027क योजनाक महत्वपूर्ण हिस्सा छथि। मिलर आ क्विंटन डी कॉक दुनू लग एखन सेंट्रल कॉन्ट्रैक्ट नहि अछि, मुदा दुनू एहि वर्षक शुरूआत मे टी-20 विश्व कप खेललनि।

दक्षिण अफ्रीकी टीम मे गेराल्ड कोएत्जीक वापसी भेल अछि, जे आखरी बेर विश्व कप 2023 मे वनडे फॉर्मेट खेलल छलाह। ओ कगिसो रबाडाक स्थान लेताह। रबाडा वनडे सीरीज सं बाहर छथि आ हैमस्ट्रिंगक चोटक कारण टेस्ट

मैच लेल फिट होयबाक प्रयास कए रहल छथि। पिछला किछु वर्ष मे कोएत्जी चोट सं जूझैत देखल गेल छथि, मुदा हुनकर वापसी सं प्रोटियाज टीम कें मजबूती भेटत। प्रोटियाज कगिसो रबाडाक रिकवरी पर नजरि राखि रहल अछि, जखनकि एनरिक नॉर्ज्ये कें एहि सीरीज लेल विचार मे नहि राखल गेल अछि। एहि बीच तूफानी बल्लेबाज डेवाल्ड ब्रेविस टीमक हिस्सा नहि छथि, कारण ओ टेस्ट सीरीजक तैयारी करताह आ फर्स्ट-क्लास क्रिकेट खेलताह। एडेन मार्करम दोसर आ तेसर वनडे लेल उपलब्ध रहताह। दक्षिण अफ्रीकाक हेड कोच शुक्री कॉनराड सोमदिन प्रेस कॉन्फ्रेंस मे कहलनि, "जे खेलाड़ी एतय वा 'ए' टीम मे नहि छथि, ओ फर्स्ट-क्लास क्रिकेटक पहिल राउंड खेलताह। जे खेलाड़ी वनडे स्क्वाड मे नहि छथि, ओ दोसर राउंड खेलताह। एहि मे देवाल्ड सेहो शामिल छथि। ओ मिडिल-ऑर्डर मे जगह बनयबाक लेल मोकाबला कए रहल छथि आ ओतय हुनकर मोकाबला मैथ्यू ब्रीत्जके, ट्रिस्टन स्टब्स आ डेविड मिलर सं अछि। हुनका बांग्लादेश सीरीज मे वनडे खेलबाक मौका जरूर भेटत।

ओ कहलनि, इंग्लैंडक विरुद्ध खेलबाक पहिने हमरा सभ लग 6 वनडे मैच अछि। इंग्लैंडक विरुद्ध खेलनिहार टीम विश्व कप लेल एक तरहक 'शैडो स्क्वाड' (संभावित टीम) होयत। हमरा सभ लग टॉप ऑर्डर मे जगह बनयबाक लेल एडेन, रिक्स, क्विनी आ टोनी जेकां खेलाड़ी छथि। बस ई सुनिश्चित करबाक अछि जे सभ कें मौका भेटए। विश्व कप मे आब एक वर्ष सं कम समय बचल अछि। एहन मे ई सीरीज टीम कें तैयार करबाक दिशा मे एकटा महत्वपूर्ण कदम अछि। संगहि, एहि सं ओहि खेलाड़ी कें सेहो मौका भेटत जे टीम मे जगह बनयबाक दौड़ मे छथि, जखन सीजन मे आगू बांग्लादेश आ इंग्लैंडक सामना करबाक अछि। कोच कहलनि, हमरा सभ कें पता अछि जे कोन तरहक कॉम्बिनेशन चाही आ खेलाड़ी सं कोन भूमिका निभेबाक अछि। बल्लेबाजीक दृष्टि सं हम ई सुनिश्चित करबाक प्रयास केने छी जे हमरा सभ लग एहन मिडिल-ऑर्डर हो जे आक्रामक खेल सकए, मुदा दबाव सहबाक आ पारी कें आगू धरि लए जेबाक क्षमता सेहो हो।

नामीबियाक विरुद्ध 9 सितंबर सं वनडे सीरीज ब्रीत्जके-बॉशक साउथ अफ्रीकी टीम मे वापसी

नामीबियाक विरुद्ध 9 सं 13 सितंबरक बीच खेलल जाएबला तीन मोकाबलाक वनडे सीरीज लेल साउथ अफ्रीका दहिना हाथक बल्लेबाज मैथ्यू ब्रीत्जके आ तेज गेंदबाजी कएनिहार ऑलराउंडर कॉर्बिन बॉश कें टीम मे शामिल कएलक अछि। लुहान-ड्रे प्रेटोरियस आ एंडील सिमेलेनक चोटिल भेलाक कारण हुनका टीम सं बाहर होमय पड़ल अछि। प्रेटोरियसक दहिना एडक्टर मांसपेशी मे चोट लागल अछि, जखनकि सिमेलेनक बामा पेटक मांसपेशी मे खिंचाव आएल अछि। एहि चोटिक कारण दूनू खेलाड़ी रवि कें भेल खिताबी मोकाबला सं बाहर भए गेल छलाह, जाहि मे साउथ अफ्रीका 48 रन सं जीत हासिल केने छल। लुहान-ड्रे प्रेटोरियसक बाहर होयब टीम

लेल पैघ झटका अछि। ओ हालहि मे समाप्त भेल ट्राई सीरीजक 4 मोकाबला मे 56.50क औसत सं सर्वाधिक 226 रन बनौने छलाह। क्रिकेट साउथ अफ्रीका (सीएसए) कहलनि, रुलुहान-ड्रे प्रेटोरियस (दहिना एडक्टर मांसपेशी मे चोट) आ एंडील सिमेलेन (बामा पेटक मांसपेशी मे खिंचाव) बुध दिन सं शुरू होयबला नामीबियाक विरुद्ध तीन मोकाबलाक वनडे सीरीज सं बाहर भए गेलाह। हुनका दूनूक स्थान पर कॉर्बिन बॉश आ मैथ्यू ब्रीत्जके कें बजाओल गेल अछि। दूनू खेलाड़ीक चोटिल भेलाक कारण साउथ अफ्रीका कें जिंबाब्वेक विरुद्ध टी20 ट्राई-सीरीजक फाइनल सं पहिने अपन टीमक संयोजन बदलए पड़ल। प्रेटोरियसक अनुपस्थिति मे कॉनर एस्टरहुइजेन जॉर्डन हरमनक संग बल्लेबाजी क्रम मे शीर्ष पर अपन स्थान कायम रखलनि, जखनकि बामा हाथक बल्लेबाज टोनी डी जोरजी कें बल्लेबाजी क्रम कें मजबूत करबाक लेल मध्यक्रम मे शामिल कएल गेल। एहि बीच मध्यक्रमक बल्लेबाज जेसन स्मिथ, जे एडक्टर मे खिंचावक कारण पिछला मोकाबला मे नहि खेलि सकल छलाह, पूरा तरहें स्वस्थ भए नामीबिया मे टीमक संग जुड़ि गेलाह।

जूनियर हॉकी एशिया कप: दक्षिण कोरिया पर 7-3 सं जीतक संग सेमीफाइनलक नजदीक टीम इंडिया

भारतीय जूनियर पुरुष हॉकी टीम मंगलदिन दक्षिण कोरिया कें 7-3 सं पराजित कए देलक। एहि जीतक संग एएचएफ जूनियर एशिया कप 2026क पूल-ए मे भारतीय टीम अपन स्थिति आर मजबूत कए लेलक अछि।

मैचक बात करी तं बेसी समय मोकाबला बराबरी पर रहल। शुरूआती तीन क्वार्टर मे मैच बहुत रोमांचक रहल आ कोनो टीम एक इंचो पछुआए लेल तैयार नहि छल। भारत नीक शुरूआत कएलक आ पांचम मिनट मे अनमोल पेनल्टी कॉर्नर पर गोल कए बढ़त बना लेलनि। दक्षिण कोरियाक लेल अगिला मिनट डोह्योन चोई पेनल्टी कॉर्नर पर गोल कए स्कोर 1-1 सं बराबर कए देलनि।

दोसर क्वार्टर मे सेहो यैह पैटर्न रहल। लवनूर सिंह 18म मिनट मे फील्ड गोल कए भारत कें आगू कए देलनि, मुदा दक्षिण कोरिया ह्योगुक यूक मदति सं अगिला 60 सेकेंड मे पेनल्टी कॉर्नर पर गोल कए स्कोर 2-2 कए देलक। हालांकि, भारत ई सुनिश्चित कएलक जे हाफ-टाइम धरि ई बढ़त कायम रहए। अजीत यादव 20म मिनट मे गोल कए भारतक एक गोलक बढ़त फेर बना देलनि आ ब्रेक धरि भारत 3-2 सं आगू रहल। दोसर हाफ शुरू भेलाक बाद दक्षिण कोरिया सेहो हार नहि मानलक आ भारतीय डिफेंस कें लगातार परखैत रहल। यू एक बेर

फेर हुनकर आक्रामक खेलक केंद्र रहलाह। ओ तेसर क्वार्टरक मात्र छह मिनट मे मैचक अपन दोसर गोल कएलनि, जाहि सं कोरियाई टीम तेसर बेर 3-3 सं बराबरी पर आबि गेल।

जखन मैच आखरी क्वार्टर मे बराबरी दिस बढ़ि रहल छल, तखन प्रभदीप सिंह तेसर क्वार्टरक अंत मे ब्रेकथ्रू कएलनि आ 42म मिनट मे भारतक बढ़त 4-3 कए देलनि। चारिम क्वार्टरक शुरूआती दौर मे दुनू टीम एक-दोसर पर आक्रमण जारी रखलक, मुदा भारत आखिरकार मात्र तीन मिनटक भीतर तीन गोल कए मैचक रुख बदलि देलक। गुरसेवक सिंह 55म मिनट मे भारतक बढ़त बढ़ौलनि। तकर एक मिनट बाद अनमोल पेनल्टी कॉर्नर पर फेर गोल कए स्कोर 6-3 कए देलनि। तकर बाद आर्यन जेस 58म मिनट मे निर्णायक गोल कए भारतक 7-3 सं जीत पर मुहर लगा देलनि। कप्तान आ स्टार ड्रैगफ्लिकर अनमोल एक्का दू गोल कएलनि। टूनार्मेंट मे हुनकर गोलक संख्या आब आठ भए गेल अछि। जीतक संग भारतीय टीमक तीन मैच मे सात अंक भए गेल अछि, जाहि मे एक ड्रॉ सेहो शामिल अछि। हारक बाद दक्षिण कोरियाक छह अंक अछि। दक्षिण कोरियाक अगिला मैच जापानक संग होयत। भारतीय टीम सेमीफाइनलक नजदीक पहुंचि गेल अछि।

वर्ष 17, अंक 02 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड:** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053